

# CHISIMBISO CHECHITANHATU



Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana zvino.

<sup>2</sup> Ishe, takauunganira shumiro zvakare. Uye tinofunga nezvenguva, mumazuva ekare, pavaiuya vose kumusoro kuShiro kuti vawane maropafadzo aShe. Uye zvino, manheru ano, taungana pano kuti tinzwe Shoko reNyu. Uye sezvatanga tichidzidza mune chimwe chikamu ichi cheMagwaro, kuti Gwayana ndiRo roga raikwanisa kuzarura Zvisimbiso, kana kuZvisunungura. Uye tinonamata kuti manheru ano, sezvo takatarisana neChisimbiso chikuru ichi Chechitanhatu, tinonamata, Baba veKudenga, kuti Gwayana rigoChizarura kwatiri manheru ano. Ndizvo, tiri pano kuti tigoChinzwisisa. Zvino pasina chero munhu panyika, kana Kudenga, akanga akakwana, Gwayana roga ndiro rakawanikwa rakakwana. Saka dai uYo akazvikwanira oga auya kuzotizarurira Chisimbiso ichi manheru ano, kuti tizongotarisa seri kwechidzitiro chenguva. Izvozvo zvingazotibatsira, tinotenda, Baba; zuva rino guru, rine rima, rezvivi ratiri kurarama; zvingatibatsira pamwe nekutipa kushinga. Tinovimba zvino kuti tinowana nyasha pamberi peNyu. Tinozvikumikidza pachedu, pamwe neShoko, kwaMuri, muZita raJesu Kristu. Amen.

Mungagara henyu pasi.

<sup>3</sup> Manheru akanaka, shamwari. Irombo rakanaka kuva pano zvakare manheru ano, kuva mushumiro yaShe. Ndangoti nonokei zvishoma. Ndaenda kune... pane chinhanho changa chine njodzi, chemurume anga ari kufa, imwe nhengo yechechi ino; amai vake vari, kana kuti vanouya pano. Zvino vati mukomana ari kutofa panguva iyoyo chaiyo. Saka nda—ndaenda zasi ikoko kunoona mu—mumvuri zvawo womurume akarara pamubhedha, achifa, murume angaita wezera rangu. Zvino munguva diki-diki zvayo, ndaona murume uyu achisimuka netsoka dzake, achipa rumbidzo kunaShe. Saka zvino, Mwari, kana tichida kureurura zvivi zvedu nekuita izvo zvakarurama, tokumbira tsitsi, nokudana kwaVari, Mwari vanoda uye vakamirira kuzvipa kwatiri.

<sup>4</sup> Uye, zvino, ndinoziva kuti muno muri kudziya manheru ano. Uye—uye muri...Kwete, ndofunga mhepo inodziya yakatodzimwa zvachose. Uye—uye tiri... .

<sup>5</sup> Ndakacherechedza manheru apfuura, kana kuti nhasi, rino izuva rangu rechi 7 ndiri mukamuri isina chiedza, zvingori zvienda zvemagetsi chete, munoona; ndichinzvera, nokunamata kuti Mwari vazarure Zvisimbiso izvi.

<sup>6</sup> Uye pakanga paine zvakawanda kwazvo zvakanyorwa, mutsumbu iri remapepa emibvunzo nezu-...kana kuti

mibvunzo nezuro manheru, zvanga, zvakarerekera, kune zvisiri mibvunzo kunyanya. Kwanga kuri kuda kuti kuve neshumiro yekunamatira vanorwara, zvisinei; vachida kugara rimwezve zuva, kuti tive . . . kuti tive neshumiro yekunamatira vanorwara neMuvhuro. Saka ndi—ndi—ndinozo, ndaigona, ndaizogona chaizvo kuzviita kana kuriko ku—kuda kwevanhu kwekuti vaizodaro. Munogona kufunga nezvazvo mozondizivisa, asi kana muchida kungosara henyu uye tonamatira vanorwara.

<sup>7</sup> Nokuti, ndakapa nguva yese iyi, zvizere, kuZvisimbiso izvi, uye ndakatozvitsaurira ini pachangu kuitira Zvisimbiso.

<sup>8</sup> Saka munogona kufunga nezvazvo, uye monamata pamusoro pazvo, zvakare mondizivisa. Uye ndichadaro, kana Ishe vachida, ndinokwanisa. Musangano wangu unotevera uri kuAlbuquerque, New Mexico, uye achange ari mazuva ma—mashoma zvawo. Uye ndinofanira kuenda kumba kunoita rimwe basa, pakugadzirira imwe konivhenisheni muArizona. Uye saka, zvino, kana kuri kuda kwaShe! Imi namatai pamusoro pazvo, uye ndichaitawo zvimwe chete, zvino tichazoziva zvakanakanda nezvazvo pamberi zvisoma.

<sup>9</sup> Uye ndinongoona. Zvino ndinoona . . . Ukatanga kutaura nezvehurwere, hoyo hwobva hwauya, munooona. Ndiri kuona mudzimai uyu agere pano chaipo. Kana chimwe chinhu chikasamubatsira, ari kuzongova pano kwenguva pfupi. Saka, zvino, munooona, isu—isu tinongonamata kuti Mwari vachadaro. Ndizvo zvamauyira pano, mabva kure-kure. Saka, munooona, mwe—Mweya Mutsvene unongoziva zvose, munooona. Saka iWo . . .

<sup>10</sup> Asi, munooona, ndaedza kusiira nguva ino kuZvisimbiso izvi, nokuti takaitarira izvozvo, munooona. Asi kana paine . . .

<sup>11</sup> Vangani vanorwara vari pano, zvisinei, vauya kuzonamatirwa? Ngationei maoko enyu, kwakapoteredza, kwese hako. Oo, ini zvangu! Hum! Zvakanaka, vangani vangafunga kuti izvozvo zvingava chaizvo, kuda kwaShe, kugara tova neiya, kutora manheru eMuvhuro, kungonamatira vanorwara, tova neshumiro yekunamatira vanorwara Muvhuro manheru? Mungada kudaro here? Mungazviita here? Zvakanaka, kana Ishe vachida, saka tichazviita. Maona? Ticha—tichava neshumiro yekunamatira vanorwara, Chitatu, kana, Svondo manheru, kana, Muvhuro manheru, uye tonamatira vanorwara.

<sup>12</sup> Zvino, ndinovimba kuti hazvikanganise boka riya randiri kudzokera naro, kudzokera kuArizona. Hama Norman, vari pano here chero papi hapo? Zvinozokanganisa hurongwa hwenyu here, Hama Norman, kana chii hacho? [Hama Gene Norman vanoti, “Kwete.”—Mupepeti] Hama Fred nemi mose, zvakanaka here? [Vamwe vanoti, “Zvakanaka.”] Maona? Izvozvo zvakanaka. Zvakanaka.

13 Zvino, Ishe vachitendera, manheru eMuvhuro tichanamatira vanorwara, hungori husiku humwe hwakatsaurirwa izvozvo, hwose zvahwo, kungonamatira vanorwara. Zvino, hazvizovi zvakare pane zveZvisimbiso. Kana Ishe vakangozarura Zvisimbiso izvi, zvadaro tozonamatira vanorwara, manheru eMuvhuro.

14 Zvino, oo, ndanga ndiri kuitirwa zvakanaka neizvi, zvikurusa, zvekushumira Ishe pasi peIzvi! Makaitirwa zvakanaka here neIzvi, kuzarurwa kweZvisimbiso? [Ungano inoti, “Ameni!”—Mupepeti]

15 Zvino, tave kutaura kubva paChisimbiso Chechishanu kana kuti, Chisimbiso Chechitanhatu, waro. Uye zvinotora zvichidzika zvino kubva pa—pandima 12 yechitsauko 6, zvichidzika kune yechi 17. Ndicho chimwe cheZvisimbiso zvakareba. Ndezvinhu zvakati wandei zviri kuitika pano apa. Uye zvino. . .

16 Totaura tichidzokorora zvishoma pane zvehusiku hwapfuura, kuita sekutsinhira zvishoma, nguva yega-yega.

17 Uye, nhai, ndi—ndiri kuda kutaura chimwewo chinhu, zvakare. Ndakawana, mubhokisi iroro, zvinhu 4 kana 5 zvakakosha kwazvo kwandiri. Ndakaudzwa kuti. . . Uye chokwadi ndinoda kukumbira ruregerero. Matepi abatidzwa here? Tepi yakabatira here? Ndinoda kukumbira ruregerero kuhama dzangu vashumiri uye nemi vanhu vari pano. Vanoti, humwe husiku pandaitaura nezva—zvaEria, panguva iya apo pavakanga vari. . . Akafunga kuti ndiye ega aizova muKubvutwa, kana kuti ndiye ega anga ari kuzoponeswa. Nda—ndakati 700 panzvimbo ye 7,000. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Zvino, ndine urombo zvikuru nazvo, hama. Nda—nda—ndaiziva zviri nani pane izvozvo. Kwaingova kupotsa pakutaura, nokuti ndaiziva kuti vaiva 7,000. Handina kungozvitaure zvakanaka. Ini. . . Uye ndi—ndinokutendai. Uye zvinoreva kuti. . . Ndinofara kuti muri kutarisa pane zvandinotaura. Uye munoono, zvino, ndiyo. . . Nokuti, iyo, i—i 7,000.

18 Ndine tutsamba 2 kana 3 pazviri, twakati, “Hama Branham, ndinotenda kuti makakanganisa.” Kakati, “Vakanga vasiri 7,000 here panzvimbo ye 700?”

19 Ndokufunga, “Chokwadi handina kuti 700.” Maona? Izvo, uye zvakare ini. . . Billy. . .

20 Uye zvakare ini, chinhu chokutanga munoziva, ndakanhonga kamwe katsamba. Kakati, “Hama Branham, maive. . . ndinotenda kuti makati 700.”

21 Uye mumwe munhu akati, “Hama Branham, chaive here chiratidzo che—chemweya chekuti—chekuti pachangova nemufananidzo, uye muri kuzvifananidza pamwe chete ne 7. . . ?” Zvinoisa vanhu pakusagadzikana paunofunga zvinhu

izvi, munoona. Uye zvakakwana, zvokuti, zvinondipinza pakusagadzikana.

<sup>22</sup> Chimwe chinhu chaitika nhasi pazarurwa Chisimbiso ichi, zvekuti ndatozofamba ndichibuda kunze chaiko muchivanze, ndichingofamba-famba, kunze muchivanze kwechinguvana. Ndizvozvo chaizvo. Zvatopotsa zvatora mweya wangu wekufema ipapo chaipo kubva mandiri. Maona? Zvino taura, nezvekusagadzikana mupfungwa? Oo, ini zvangu! Maona?

<sup>23</sup> Chimwe chinhu, munoona, muri kungozembera chaipo pane zvandinotaura. Uye Mwari vachandiita kuti ndipindurire pane zvandinokuudzai. Maona? Uye saka ndi—ndinofanira zvirokwazvo kuva nechokwadi chaicho sezviri chokwadi chose chichigona kuva chokwadi, munoona, pazvinhu izvi, nokuti ino inguva ino—inoshamisa yatiri kurarama mairi. Hongu.

<sup>24</sup> Ndanga ndiri kufunga nezveshumiro yekunamatira vanorwara yeMuvhuro manheru. Zvingakuvhiringidzai here, Hama Neville chero papi zvapo? [Hama Neville vanoti, “Kwete kana napadiki zvapo. Ndinenge ndiri pano chaipo.”—Mupepeti] Zvakanaka.

<sup>25</sup> Hama inokosha Neville! Ndinokuudzai, vakango—vakangogadzira vamwe ivavo, ndofunga, vakabva varasa patani yacho. Zviri. . . Ivo zvechokwadi vanga vari bhururu cha—chaiye uye neshamwari kwandiri, ndinokuudzai.

<sup>26</sup> Tabhenakeri yakavakwa zvino, uye ine mipanda yeSunday school nezvose zvagadzirirwa, zviri muhurongwa pano. Uye vamwe venyu imi vanhu vari pano, muno muJeffersonville, vanoda kuuya kucheche, mune nzvimbo yakanaka, uye nenzvimbo yokuuya, mipanda yeSunday school.

<sup>27</sup> Mudzidzisi akanaka, uye naHama Neville vari pano, veboka revakuru, uye mufudzi chaiye. Handisi kutaura izvi sechitsumbu chemaruva kwavari, asi ndingasva ndavapa karozi kadiki iko zvino pane chitsumbu chawo mushure mokunge vaenda. Uye Hama—Hama Neville, ndakavaziva kubvira ndichingori mukomana. Zvino, havasati vachinja napadiki zvapo. Vachiri Orman Neville, sezvavakangogara vari.

<sup>28</sup> Ndinorangarira ndichishanya. Kunyange vakava nyenya dzakakwana kundikumbira kuenda papurupiti yavo pavaive muparidzi weMethodisti zasi kuno muguta. Uye takava neungano yakanaka zasi ikoko kuClarksville, iyo. . . Ndinodaira kuti inonzi Howard Park, Harrison Avenue Methodist church. Ndinofunga kuti ndiko kwavakakuwanai, zasi ikoko, Hanzvadzi Neville. Zasi ikoko, nekuti hanzvadzi yaive nhen- . . .

<sup>29</sup> Ndakadzoka kumusoro kuno, zvino ndikati kucheche pano, ndakati, “Vanga vari. . . Ndivo mumwe wevarume vakanakisisa! Uye rimwe remazuva ano ndichavabhabhatidza muZita raIshe Jesu.” Izvozvo zvakaitika.

<sup>30</sup> Hevanoï vari pano. Uye iko zvino ndibhururu wangu, vari padivi pangu chaipo. Uye murume anokudzwa, anoremekedzeka! Vagara vachimira neni sezvakangoita... vangori pedyosa nekukwanisa kwavo kumira. Chero zvandinotaura, vanongozemberana neni voramba vakabatirira. Kunyangwe pavakatanga kupinda, vakange vasinganzwisise Mharidzo panguva iyoyo, asi vakaItenda uye vakagara naYo chaizvo. Rukudzo, ruremekedzo, kune hama yakadaro. Handikwanise kutaura zvakakwana kune zvavari. Uye zvino Ishe vavaropafadze. Zvakanaka.

<sup>31</sup> Zvino dzokororo diki yemanheru apfuura, pakuparurwa kweChisimbiso Chechishanu. Hatisi kuzodzokera kumashure-shure manheru ano, kungodzoka shure zvinokwana kuti tiwane Chi-Chisimbiso Chechishanu.

<sup>32</sup> Zvino, tinoona kuti paiva naantikristu akaramba akatasva, ndokuzogumisira pachake, achibva mumasimba matatu. Ose ndokupinda musimba rimwe, ndokutasva bhiza pfumbu, “Rufu,” achinopinda mugomba risina hwaro, mukuparadzwa, uko kwarakabva. Uyezve tinoona kuti apo. . .

<sup>33</sup> Rugwaro rwunoti, “Kana muvengi akauya semafashamu, Mweya waMwari unosimudza chiero uchipesana naye.” Uye takazviona zvichinyatsosimbiswa muShoko manheru apfuura, nekuti paiva neZvipuka 4 zvaka-zvakadairira pane ka-ka 4 pakatasva mutasvi yu.

<sup>34</sup> Zvino akatasva bhiza rakasiyana nguva imwe neimwe, bhiza jena, zvino tevere bhiza dzvuku, nebhiza dema, uyezve bhiza pfumbu. Uye takaona, mavara iwayo, uye nezvaaive uye nezvaakaita. Tikabva tazvidzosa chaimo mumazera emachechi, uye ndizvo chaizvo zvazvakaita, zvakanayatsokwana.

<sup>35</sup> Nokudaro, munoona, kana Shoko raMwari rabatana pamwe chete, zvinoreva kuti zvaRiri ndizvo, munoona. Hongu. Ndinotenda, chose chinobatana neShoko raMwari chinogara chiri “ameni.” Maona?

<sup>36</sup> Zvino, semunhu akati vakava nechiratidzo, uye vakati chaive icho. Oo, vanoziva kuti Ishe ndivo vakachipa, nokuti chakauya nesimba guru. Zvino, chiratidzo chinogona kunge chakanaka. Asi kana chisiri pamwe neShoko, uye chichipesana neShoko, hachitomborina kunaka. Maona?

<sup>37</sup> Zvino, zvino vanogona kunge varipo pano, dzimwe hama kana hanzvadzi vechiMormon. Uye panogona kunge paine vamwe vachawana matepi aya, zvino. Uye handidi kutaura kuti. . . Vamwe vevanhu vakanakisa ini newe tingada kusangana navo, vangave—vangave muvanhu vechiMormon; mhando yevanhu vakanaka kwazvo. Uye zvakare muporofita wavo—wavo, Joseph Smith, akauraiwa nevanhu veMethodisti muno mullinois, parwendo rwavo. Uye saka zvino murume uya—uya akanaka, uye nechiratidzo, handipokane zvachose zvokuti akava

nechiratidzo ichi. Ndinotenda kuti aive murume akaperera. Asi chiratidzo chaakave nacho chaipesana neMagwaro. Maona? Saka, vakatozova neBhaibheri rechiMormon, kuti—kuti zviite. Maona?

<sup>38</sup> *Iri* ndiRo pano, kwandiri. Ndiro. Ndicho chikonzero, Shoko roga. NdiRo racho. Maona?

<sup>39</sup> Imwe nguva, mu—mu—mushumiri akauya kuno achibva kune imwe nyika yekunze, zvino iye. . . Zvino ndakamuona kunze aine—ne. . . achityaira mumotokari, aine uyo asiri. . . nemu—mudzimai. Zvino vakauya kumusangano. Uye ndakazoziva kuti, vakanga vatyaira mazuva 2 kana 3, angori iye nemudzimai uyu, mumusangano, kuuya kumusangano, pamwe chete. Zvino mudzimai akanga akaroorwa, ka 3 kana ka 4 kakasiyana.

<sup>40</sup> Zvino mushumiri uyu akafamba achiuya mufoya yehotera mandainge ndiri, ndokumhanya ndokukwazisana maoko neni. Zvino ndakamukwazisa ruoko rwake, ndikasimuka ndichitaura naye. Ndakamukumbira, ndikati, “Pamunenge makasununguka, ndingataura nemi mukamuri mangu kwechinguvana here?”

Akati, “Zvirokwazvo, Hama Branham.”

<sup>41</sup> Ndakaenda naye mukamuri. Zvino ndakati kumushumiri, ndakati, “Mufundisi, changamire, muri mutorwa munyika ino.” Ndakati, “Asi mukadzi uyu ane zita rine mbiri chaizvo.” Ndikati, “Hamusi here, kana kuti, mabva nzira yose kunzvimbo *yakati-yakati*, zasi kusvika kunzvimbo *yakati-yakati*?”

Akati, “Hongu, changamire.”

<sup>42</sup> Ini ndikati, “Hamutye here kuti zvichaita seku. . . ? Ini—ini handi. . . handisi kukupokanai, asi hamufunge here kuti izvozvo zvingakanganisa kuzivikanwa kwenyu semushumiri? Hamufunge here kuti tinofanira kupa muenzaniso uri nani zvishoma pane izvozvo?”

Zvino akati, “Oo, mudzimai uyu mutsvene.”

<sup>43</sup> Ndikati, “Ini—ini handizvipokani.” Asi ndakati, “Asi, hama, nyaya yacho ndeyekuti, wese anomutarisa haasi mutsvene, munoona, anotarisa pane zvamuri kuita.” Ini ndikati, “Ndinotenda kuti zviri nani muchenjerere. Zvingori zveimwe hama kune imwe.” Zvino ndokuti. . . Ini ndakati, “Mukadzi uyu akamboroorwa kanokwana ka 4 kana ka 5 zvino.”

Zvino akati, “Hongu, ndinozviziva izvozvo.” Akati, “Munoziva, ini—ini. . .”

<sup>44</sup> Ndakati, “Hamudzidzisi izvozvo here muचेchi yenyu kumba, munozviita here, pamusoro peizvozvo?”

<sup>45</sup> Saka akati, “Kwete. Asi,” akati, “munoziva, ndakava nechiratidzo chazvo, Hama Branham.”

Ndikati, “Saka, zvakanaka.” Ndikati. . .

46 Akati, “Mungava nehanya nazvo here?” Akati, “Ndinotenda kuti ndinogona kukutwasanudzai zvishoma pakudzidzisa kwenyu pazviri.”

47 Ini ndikati, “Zvakanaka.” Zvino iye . . . Ndakati, “Ndi—ndi—ndingafara kuzviziva, changamire.”

48 Iye ndokuti, “Zvakanaka,” akati, “munoziva, muchiratidzo ichi,” akati, “ndainge ndakarara.”

Ini ndikati, “Hongu.” Ndakabva ndaona, ipapo, kuti chakanga chiri chiroto. Maona?

49 Zvino akati, “Mudzimai wangu—wangu,” akati, “ainge ari kurarama nemumwewo murume,” ndokuti, “uye asina kutendeka kwandiri.” Uye akati, “Akabva auya kwandiri, uye akati kwandiri, ‘Oo, mudiwa, ndiregererewo, ndiregererewo!’ Akati, ‘Ndi—ndi—ndi—ndine hurombo ndakazviita. Ndichatendeseka kubva zvino zvichienda mberi.’” Akati, “Hongu, ndaimuda zvakanyanya, ndakangomuregerera, ndikati, ‘Zvakanaka.’” Uye akati, “Zvadaro . . .”

50 Uye akati, “Munozivei? Ndakabva ndawana dudziro yechiratidzo ichi.” Akati, “Aive mukadzi uyu.” Akati, “Chokwadi, anga akaroorwa, ne—nezvimwe zvakadaro, nenguva dzose idzi.” Uye akataura, kuti, “Zvakanaka kuti aroorwe, nokuti Ishe vakamuda zvikuru. Anokwanisa kuroorwa kakawanda kaanoda, kana ari . . .”

51 Ndakati, “Chiratidzo chenyu changa chichitapira zvakanyanya, asi changa chiri kure neNzira yakatarwa pano.” Ndakati, “Izvozvo—izvozvo handizvo, munooona. Hamufanire kudaro.” Kuitira kuti . . . Maona?

52 Asi kana muchiona Gwaro richipindirana neGwaro, zvichiita kuti zvirambe zvichiederera mberi paanobatana pamwe chete. Magwaro aya, rimwe iRi parinosiira apa, rimwe racho riri neche apa iRi rinouya ronyatsopfekera zvakakwana, uye roratidza mufananidzo wacho wose.

53 Zvakafanana nekuisa mufananidzo uri muzvidimbu-zvidimbu pamwe chete, tingati. Unwana chidimbu chinonyatsokwana. Hapana chimwezeve chinogona kukwana pachiri. Zvino uri kugadzirisa mufananidzo wacho.

54 Zvino pane Mumwe chete anogona kuita izvozvo, ndiro Gwayana, uye saka takatarisa kwaAri.

55 Asi tinoona kuti ava, mutasvi uyu, aiva mutasvi mumwe aitasva mabhiza aya. Uye zvakare takamuronda kusvika zasi chaiko, tikaona zvaakaita nezvose, ndokuona kuti, kumashure mumazera ekereke ndizvo chaizvo zvaakaita.

56 Ipapo paakabuda ari pane chimwe chipuka ndokuita chimwe chinhu, tinoona kuti paive nechimwe chakatumwa kunorwisa zvaakaita.

57 Paive nechimwe chakatumirwa kuzera rekutanga, regwayana. . . reshumba. Raiva Shoko, honguka, Kristu.

58 Chakatevera chaive nzombe, panguva yezero rerima, apo—apo che—chechi yakanga yaita sangano uye yakanga yagamuchira dzidziso dzechinamoto panzvimbo yeShoko.

59 Uye rangarirai, nyaya yacho yose yakavakirwa pazvinhu 2: chimwe, antikristu; chimwe chacho, chaKristu.

60 Zvichiri zvimwe chetezvo nhasi. Hakuna Makristu epakati nepakati. Hakuna munhu akadhakwa-asina kudhakwa; hapana shiri chena-nhema; kwete, kwete; hakuna mutadzi-mutsvene. Kwete. Uri mutadzi kana kuti uri mutsvene. Maona? Hapatongorina zvepakati-nepakati. Wakazvarwa patsva kana kuti hauna kuzvarwa patsva. Wakazadzwa neMweya Mutsvene kana kuti hauna kuzadzwa neMweya Mutsvene. Zvisinei kuti wakava nekutekenyedzwa kungani, kana usina kuzadzwa neMweya Mutsvene, hauna kuzadzwa naWo. Maona? Uye kana wakazadzwa naWo, hupenyu hwako hunozviratidza, hunonyatsofambirana naWo. Maona? Hapana anofanirwa kuudza mumwe munhu nezvazvo. Vanozviona, munoono, nokuti iWo Chisimbiso.

61 Zvino, uye tinoona zvikara izvi, mafambiro azvaiita nguva yega-yega. Chimwe chakatumwa pashumiro yacho, mumasimba ezvematongerwo enyika, chichibatanidza masimba ezvinamoto ne—nemasimba ezvematongerwo enyika, pamwe chete. Tinoona kuti, Mwari vakatuma simba raVo kuchirwisa. Tinodzokera kumashure chaiko toona kuti raiva zera ripi rechechi, uye totarisa kumashure; uye hapo pachaiva, chaizvoizvo nenzira iyoyo.

62 Zvino tinoona kuti, rimwe zera rakauya, uye muvengi ndokutumira antikristu pasi pezita rechinamoto, pasi peZita raKristu, pasi pezita reChechi. Hongu, changamire. Akabuda achienda ari pasi pezita reChechi, kunyangwe. “Ndiyo yaive Chechi yechokwadi,” akadaro. Maona?

Antikristu haisi Russia. Antikristu haasi izvozvo.

63 Antikristu ari pedyosa chaizvo seChikristu chaicho, kusvika, Bhaibheri rakati, “Zvaizonyengedza zvese zvisina kufanotemerwa.” Ndizvozvo chaizvo. Bhaibheri rakataura kudaro, “Mumazuva ekupedzisira, zvose zvakanga zvisina kufanotemerwa, Vasanangurwa.” Rinoti, “Vasanangurwa!” Zvino, chero ani zvake, tora izwi iroro woritarisa kumucheto wepeji rako, unoono zvarinoreva. Rinoti, “Vasanangurwa, vakafanotemerwa.” Maona? “Zvichanyengedza mumwe nomumwe wavo vane mazita akanga asiri muBhuku reHupenyu reGwayana kubva pamavambo enyika.”

64 Gwayana parakauriwa, mazita akaiswa muBhuku. Rakamira muNzvimbo Tsvene manheru ano, muKubwinya, seMurevereri, richireverera mumwe nemumwe wemweya iyo



ine mazita ari muBhuku iri. Uye hapana anoziva zita iroro kunze kwaiYe. Ndiye Wacho ane Bhuku muruoko rwaKe, uye Anoziva. Kana wekupedzisira iyeye apinda, zvino mazuva aRo ekureverera anenge apera. Rinobva rauya kuzatora zvaRakareverera. Riri kuita basa reMudzikinuri Wehama zvino; uye rinouya kuzogamuchira Vari vaRo. Oo, ini zvangu!

<sup>65</sup> Zvinofanira kuita Mukristu wose kuti—kuti azviongorore pachake, uye akasimudza maoko ake pamberi paMwari, achiti, “Ndicheneseiwo, O Ishe! Tarisai muhupenyu hwangu, uye—uye itai kuti ndi—itai kuti ndione pane chikamu changu chakaipa. Itai kuti ndichibvise munzira, nekukurumidza chaiko.” “Nekuti kana zvichiremera vakarurama kuti vaponeswe, ko mutadzi neasina humwari vachaonekwa papi?” Inguva yekuzviongorora.

<sup>66</sup> Uye kana ukazviisa panzvimbo, uye uchida . . . nekupa Shoko iri. (Zvino, handidi kuti, kuti mundibvunze mubvunzo pane izvi, nekuti zvinondisvitsa chaiko kune mumwe; ndinoreva, mukunyora mibvunzo yenyu. Ndinofunga kuti mibvunzo yakatoiswa kare, zvisinei.) Ino ndiyo nguva yekuferefeta kuitira mutongo. Ndizvozvo chaizvo. Zvino, tichazvitora pa—paHwamanda kana tasvika pazviri, chero papi hapo Ishe vanotipa, kana Ndiro, uye tichaona pakuferefeta kuitira mutongo ikoko, nguva pfupi Nhamo dzisati dzatanga. Uye—uye tinoona kuti ichocho ichokwadi. Zvino Ngirozi 3 dzakarova nyika, dzichidanidzira, munoziva, “Nhamo! Nhamo! Nhamo kuvagari vepanyika!”

Zvino tiri kurarama munguva inotyisa, nguva iyo . . .

<sup>67</sup> Munooona, zvinhu izvi zvatiri mazviri zvino, zvatiri kudzidza iko zvino, zviri mushure mekunge Chechi yatoenda kare, munooona, zvinhu izvi munguva yeKutambudzika. Uye ndinofunga kuti zvinofanira kuva zvakanyatsogara mumwoyo wemutendi wese, kuti Chechi ino haipinde nemunguva yeKutambudzika. Haugone kuisa, chero papi zvapo, Chechi muKutambudzika. Ini . . . Isa chechi ipapo, asi kwete Mwenga. Munooona, Mwenga wakatoenda kare.

<sup>68</sup> Nokuti, munooona, iWo, haUna kana chivi chimwe zvacho, hapana chinhu chaUnopomerwa. Nyasha dzaMwari dzakaUfukidza. Uye jiki yakabvisa chivi chese ndokuchiisa kure-kure chaiko, hapatomborina kana kurangarirwa kwacho; kana chii zvacho kunze kwekuchenesesa, yakakwana, muHupo hwaMwari. Oo, zvinofanira kuita kuti Mwenga apfugame namabvi aKe uye adanidzire kuna Mwari!

<sup>69</sup> Ndinofunga nezveimwe nyaya duku; kana ndisiri kutora nguva yenyu yakawandisa zvino, munguva yekutangisa ino. Ndiri . . . Ndi—ndinoita izvi nechinangwa, kunzwa, kusvikira ndanzwa Mweya wava chaipo, pekuti nditange.

<sup>70</sup> Ichi chi—ichi chinhu chakayereswa. Maona? Ndizvo, munooona, ndiani anoziva zvinhu izvozvo ipapo? Hapana

kunze kwaMwari. Uye hazvisi kufanirwa kuti zvizarurwe, uye nokuratidzwa muBhaibheri kuti hazvaizozarurwa, kusvikira zuva rino. Ndizvozvo chaizvo. Maona? Zvaingo—zvaingoitwa zvefempera-fempera; asi zvino tinofanira kuzviwana chaizvoizvo, Chokwadi chazvo, Chokwadi chakasimbiswa. Maona? Cherechedzai.

<sup>71</sup> Zvino, pakanga pane musikana mu—mudiki kumadokero, kuti iko akanga—akanga apinda murudo na . . . Mumwe murume akanga achimuda. Semutengi wemombe, akauya kunze ikoko akamiririra Kambani yeArmour. Zvino—zvino vaive nehu—huru . . .

<sup>72</sup> Mukuru webasa akauya rimwe zuva, mwanakomana wemukuru webasa achibva kuChicago, uye, hongu, vakapfeka nhumbi dzenguva iyoyo, dzekumadokero. Va—vasikana ikoko, vakanyatsopfeka; mumwe nemumwe akanga ari kuzwana mukomana uyu, chokwadi, munoziva, nekuti uyu aive mwanakomana wemukuru-mukuru. Saka, vakapfeka nhumbi dzavo dzekumadokero.

<sup>73</sup> Uye—uye vanozviita kunze kumadokero. Vachangobva mukupedza chimwe chezviitiko izvozvo. Zvino Hama Maguire, ndinofunga kuti vari pano zvino, vakavabata pakati peguta vasina kupfeka nhumbi dzavo dzekumadokero, ndokuvakandira mu—mujeri. Ndokuvaisa mudare risiri pamutemo, ndokuvaita kuti vazvibhadhare, zvino ndokuvaita kuti vaende kunotenga nhumbi dzekumadokero. Zvino ndakaona vamwe vavo vose vachifamba nepfuti dzakareba zvakada *kudai*, dzakaremba pavari. Vanongoita muitiro wevagari veko kunze ikoko. Vari kuyedza kurarama mune chimwe chinhu chemumazuva ekare, chinyakare. Maona?

<sup>74</sup> Uye zvakare, muKentucky, muri kuedza kurarama mumazuva ekare ekumabvazuva kuno, muchiri kumashure muRenfro Valley nezvimwe. Munofarira kudzokera kumazuva ekare. Pane chimwe chinhu chiri kukonzera izvozvo.

<sup>75</sup> Asi kana zvadzoka, pakudzokera kuEvhangeri yepamavambo, hamudi kuzviita. Munoda chimwe chinhu chechimanjemanje, munoona. Zvinoratidza kuti, munoona, mu—mu . . . pane . . .

<sup>76</sup> Uye chii chinoita kuti mu—murume aite zvakaipa? Chii chinomuita kuti anwe nekungoenderera, kana kuti mukadzi aite chakaipa? Imhaka yokuti mukadzi uyu ari kuedza ku . . . Pane chimwe chinhu maari, chine nyota. Pane chimwe chinhu mumurume uyu, chine nyota. Uye vari kuedza kupedza nyota tsvene iyi nezvinhu zvenyika. Apo, Mwari varivo vanofanirwa kuva icho chacho chinopedza nyota iyoyo. Vakakuita nenzira iyoyo, kuti uve nenyota. Ndicho chikonzero uine nyota yechimwe chinhu. Mwari vakakuita nenzira iyoyo, kuitira kuti unangise nyota tsvene iyoyo kwaVari. Maona? Asi paunodza kupedza

nyota iyoyo. . . Munhu angashinga sei kuita zvakadaro! Hauna kodzero yekuita izvozvo, mukuedza kupedza nyota tsvene iyoyo wochishuvira chimwe chinhu, uye, zvadaro, woiisa kunyika, woedza kuigutsa nenyika. Haugone kuzviita. Pane chinhu 1 chete chichaigutsa iyoyo, uye ndiMwari. Uye Vakakuita nenzira iyoyo.

<sup>77</sup> Saka, ava—ava vasikana vechidiki vakaita ma—maitiro ekungoenderera emazuva ese ekumadokero kumukomana uyu paa—paakauyako. Uye mumwe nemumwe wavo aiva nechokwadi chekuti aizowana mukomana uyu.

<sup>78</sup> Paive nemunin'ina mudiki asiri wemumba mavo ipapo papurazi, zvino aiva nherera, saka zvino aingoitira vamwe ava ba—basa rose. Nokuti, vaifanira kugadzirisa nzara dzavo, munoziva, uye vakanga vasingagone kusuka ndiro nekuda kwemaoko nezvimwe. Zvino musikana uyu ndiye aiita basa rose rakaomarara.

<sup>79</sup> Uye zvakare, pakupedzisira, mukomana uyu paakauya, vakabuda kunomutora nenzira yechinyakare yekumadokero, nengoro yemabhiza. Zvino vakauya, vachiridza pfuti dzavo nekunderera, munoziva, uye vachiita madanha. Zvino manheru iwayo vaiva nemutambo mukuru kunze ikoko, pa—pamutambo wechinyakare, navanamuzvinapurazi vese vemunharaunda, ipapo, uye vachipinda nekutamba kwavo, nezvimwe zvakadaro. Zvino, chekutanga munoziva, handiti, uyu wakaenderera mberi, aiva makuwerere kwemazuva 2 kana 3.

<sup>80</sup> Zvino, humwe husiku, mukomana uyu akabuda kunze, kusvikira. . . kwenzvimbo iyi, kuti ambozorora zvisvishoma kubva pamutambo uyu, ndokubva hake pavasikana ava. Zvino zvakaitika kuti akatarisa, achidzika akananga nechekudanga remombe. Kwaienda mumwe musikana mudiki, aitaridzika kusava akapfeka zvakana. Zvino aiva nedhishi rizere nemvura, aisuka ndiro. Zvino mukomana uyu akafunga, “Handisati ndamboona musikana uyu. Ini—ini handizive kuti anobva kupi?” Saka akangozviisa munzira yake kuti atenderere nekudivi rei—imba inorara vashandi, odzikako ozodzoka, nekurutivi rwedanga iri, osangana naye.

<sup>81</sup> Musikana uyu akanga asina shangu mutsoka. Akamira. Akakotamisa musoro wake pasi. Akanga aona kuti ndiani, zvino ainyara zvikuru. Akaziva munhu mukuru uyu. Uye iye aingovava hake munin'ina asiri wemumba kune vamwe vasikana ava. Baba vavo ndivo vaiva foromani pakambani huru iyi yeArmour, saka vakaramba. . . Musikana uyu akaramba akatsikitsira. Ainyara nekuda kwekushaya shangu mutsoka.

<sup>82</sup> Mukomana uyu ndokuti, “Unonzi ani?” Iye ndokumuudza. Akati, “Sei usiri kunze uko. . . kune vamwe vose?” Zvino akaita zvekungopa zvikonzero.

<sup>83</sup> Saka zvino, husiku hwakatevera, akamutsvaga zvakare. Pakupedzisira . . . Akanga agere hake kunze uko. Zvino vose vakatanga havo kungoenderera, nezvose. Aka—akagara pafenzi yemapango ndokutarisira kuti musikana auye, kuzorasa mvura yendiro kunze. Zvino akamutarisa. Iye ndokuti kumusikana, akati, “Unoziva here chinangwa changu chaicho chekuti ndive kuno?”

Musikana akati, “Kwete, changamire, handizive.”

<sup>84</sup> Akati, “Chinangwa changu chekuuya kuno ndechekutsvaga mudzimai.” Akati, “Ndawana hunhu mauri hwavasina ava.” Ndanga ndiri kufunga nezveChechi, munoona. Akati, “Ungachatawo neni here?”

Musikana ndokuti, “Inini? Inini? Ini—ini handigone kufunga nezvechinhu chakadaro, ini.”

<sup>85</sup> Munoona, ndiye mwanakomana wemukuru-mukuru chaiye webasa. Aiva muridzi wemakambani ose nemapurazi emombe munyika yose, nezvimwe zvose, munoona. Akati, akati, “Hongu.” Akati, “Ini—ini ndakashaya mumwe chete hake muChicago. Ndi—ndiri kuda mudzimai chaiye. Ndiri kuda mudzimai ane hunhu. Uye chinhu chandiri kutsvaga, ndachiona mauri.” Akati, “Ungachatewo neni here?”

Musikana ndokuti, “Manje . . .” Zvakamuvhundutsa. Iye ndokuti, “Hongu.”

<sup>86</sup> Zvino akati, “Zvakanaka . . .” Akamuudza kuti aizodzoka. Akati, “Zvino, iwe chingozvigadzirira, uye panopera gore kubva nhasi ndiri kudzoka. Saka . . . Zvino ndichakutora, uye ndichakubvisa pano. Hauzofanirwa kushanda sezvizvi zvakare. Ndichakutora. Zvino ndichaenda kuChicago, uye ndichakuvakira musha wausati wakamboona.”

<sup>87</sup> Musikana ndokuti, “Handina, handisati—handisati ndakamboita musha. Ndiri nherera,” akadaro.

<sup>88</sup> Iye ndokuti, “Ndichakuvakira musha, chaiwo-iwo.” Akati, “Ndiri kudzoka.”

<sup>89</sup> Akaramba achimuronda, munguva yese, yegore iri. Musikana akaita basa rose raaigona kuita, kuti achengete mari inokwana padhora rake pazuva, kana chipi zvacho chaaiwana pabasa rake, kuti atenge rokwe rake remuchato. Mufananidzo wakakwana weChechi! Maona? Maona? Akagadzirira hanzu dzake.

<sup>90</sup> Zvino, munoziva, paakaraidza pachena gauni iri remuchato, vakoma vake—vake ava vakati, “Inga, uri mwana akapusa, anonzvisa urombo. Unorevera kufunga kuti murume akaita seuyi angava nechekuita newe?”

<sup>91</sup> Iye ndokuti, “Asika akandivimbisa.” Ameni. Akati, “Akavimbisa.” Akati, “Ndinotenda shoko rake.”

<sup>92</sup> “Oo, anga achitongokuita hako benzi.” Vakati, “Dai akawana mumwe munhu, angadai akatora mumwe wavo.”

<sup>93</sup> “Hongu,” akati, “asi akandivimbisa inini. Ndiri kutozvitarisira.” Amen. Neniwo, zvakare.

<sup>94</sup> Saka, nguva yakaramba ichiswedera pedyo napedyo. Zuva racho rakazopedzisira rasvika, panguva yakatarwa aizofanira kusvika, saka musikana akapfeka gauni rake. Uye akanga asina kana kumbonzwa kubva kwaari. Asi akaziva kuti achange aripo, saka akapfeka hembe dzake dzemuchato, ndokugadzirira zvinhu.

<sup>95</sup> Saka, ipapo vakabva vanyatsoseka zvavo ipapo. Nokuti, mukuru-mukuru webasa akanga atumira kuna—kuna foromani, kana—kana kuna . . . Hapana kana mumwe wevasikana akange anzwa kana chii zvacho nezvazvo, saka yose yaingova nyaya isinganzwisike kwavari. Ndizvozwovo, zvakare. Chokwadi chaizvo.

<sup>96</sup> Asi musikana uyu, akangotarisa nazvo zvole, pahwaro hweshoko remukomana rokuti aizomudzokera.

<sup>97</sup> Saka, vakatanga havo kuseka. Zvino ndokubatana havo maoko avo, vachitamba vachitenderera paari. Vakati, “Ha!” Vachiseka, munoziva, saizvozvo, vakati, “Kamwana, kakapusa, kanonzwisa urombo!”

<sup>98</sup> Akangoramba hake akamira ipapo, asingambonyara kana nepadiki. Akanga akabata maruva ake. Negauni rake remuchato rakanyatsogadziriswa; akanga atamburira, munoziva. “Mwenga waKe waZvigadzirira.” Maona? Akaramba akabata maruva ake, akamirira.

<sup>99</sup> Vakati, “Zvino, ndakakuudza kuti zvakanga zvisiri izvo. Unoona, haasi kutombouya.”

Akati, “Ndasara nemamwe maminiti 5.” Akati, “Achange ari pano.”

Oo, vakangoseka zvavo!

<sup>100</sup> Zvino panguva iyoyo wachi yekare yakanosvika pamaminiti 5, vakanzwa kumhanya kwemabhiza, jecha richitenderera pasi pemavhiri. Ngoro yekare yemabhiza ndokumira.

<sup>101</sup> Iye akasvetuka kubva pakati pavo, ndokubuda nepamusuwo. Zvino mukomana ndokusvetuka kubva mungoro, musikana ndokunowira mumaoko ake. Akati, “Zvaperava zvino, mudiwa.” Akasiya madzikoma ake ekare masanganano emakereke agerepo, akadzvokora. Iye—iye akaenda kuChicago, kumusha wake.

<sup>102</sup> Ndinoziva nezveimwe vimbiso huru yakadaro, zvakare, nazvino. “Ndakaenda kunokugadzirira nzvimbo; ndichadzoka kuzokugamuchira.” Vanogona kuti tinopenga. Asi, hama, kwandiri, iko zvino, uye Zvisimbiso izvi zvichiparuka sezvizvi, pasi pechinhu chemweya ichi, ndinotoita sendiri kutonzwa

ruzha, apo wachi iyi yenguva inorira ichinopinda muna Ziyendanakuenda umo. Ndinotoita sendiri kutoona Mutumwa uya akamira ipapo uye achiti, pakupera kweMharidzo yemutumwa wechi 7 uyu, “Nguva haichazovapo.” Mwenga mudiki uya, akavimbika achabhururukira mumaoko aJesu rimwe remazuva ano, oendeswa kuImba yaBaba. Ngatifungei nezvezvinhu izvi patiri kufamba zvino.

<sup>103</sup> Cherechedzai shumiro yeshumba, Shoko; nzombe, kushingaira nekuzvipira; hungwaru, hwevavandudzi; uye nezera re—rechapungu, richipinda, richazarura nokunhongwa zvinhu izvi nokuzviratidza.

<sup>104</sup> Zvino tinoona, mushumiro yehusiku hwapfuura, zvakare, chakavanzika chikuru chakazarurwa neChisimbiso ichi, chaipesana zvachose nenzwisiso yangu yekare. Ndichingofungidzira kuti zvaive izvo, ndaigarotora mweya iyoyo iri pasi peartari kunge vari Makristu ekare akaurairwa chitendero. Asi takaona, manheru apfuura, Ishe Mwari pavakatiparurira Chisimbiso ichi, hazvigoneke zvachose. Vakanga vasiri ivo. Vakanga vaenda muKubwinya, kune rimwe divi chairo, zvino hapo pavaiva. Tinoona kuti vaive maJudha vaizouya munguva, apo. . .

<sup>105</sup> Kubva pakudanwa zvino, kwe 144,000, zvatichapinda mazviri manheru anhasi nemangwana. Uye—uye pakati peChisimbiso Chechitanhatu neChechinomwe, 144,000 vanodanwa.

<sup>106</sup> Uye zvakare tinoona, kuti vaiva vakaurairwa chitendero vakanga vakauraiwa, asi nazvino vakange vasati. . . Vakanga vakapfeka nguwo chena, asi mazita avo akange ari muBhuku reHupenyu reGwayana. Zvino vakapihwa nguwo chena, mumwe nemumwe wavo. Uye takatora izvozvo. Uye hachisi chinhu munyika, handitendi, asi boka iroro rema—maJudha rakapfuura nemunguva yekufanotambudzika kukuru. Apo, munguva yehondo idzi dzekupedzisira, vakanga vari. . . vaka. . . Vanofanira kuvengwa nemunhu wese. Uye Eichmann akauraya mamiriyoni avo muGermany. Muchangobva kunzwa kutongwa kwayo nedare. Mamirioni evanhu vasina mhosva vakauraiwa, maJudha, nemhaka bedzi yekuti vaiva maJudha; pasina chimwe chikonzero.

<sup>107</sup> Bhaibheri rakataura pano, kuti, “Vakaurairwa huchapupu hwavo panaMwari, nokuda kwesho—Shoko raMwari, nehuchapupu hwavakabata.” Zvino tinoona kuti Mwenga aive Shoko raMwari uye nehuchapupu hwaJesu Kristu. Ava vakanga vasina huchapupu hwaJesu Kristu.

<sup>108</sup> Uye tinoona kuti Bhaibheri rinotaura, kuti, “Israeri yose, Israeri yakafanotemerwa, ichaponeswa,” VaRoma 11. Zvino tinoviziva izvozvo. Uye ipapo takaona mweya iyi.

109 Zvino honai kuti zviru pedyosa zvakadzi. Sei izvi zvaisava kumashure? Nekuti zvakanga zvisati zvaitika. Zvino mava kukwanisa kuzviona, munoona. Munoona, Mweya Mutsvene mukuru, uchiona zvinhu izvi zvichiuya zvichidzika nemuma—mazera nemunguva. Uye zvino zviru kuzarurwa, zvino unobva watarisa ipapo woona kuti ndicho Chokwadi. Ndipo pane nyaya yacho ipapo.

110 Zvino, vaiva—vaiva vakaurairwa chitendero mukutambudzika, kana kuti panguva yekufanotambudzika, yaEichmann. Zvino, vanongofananidzira vakaurairwa chitendero vari 144,000 ava, vatiri kupinda mavari, pakati peChisimbiso Chechitanhatu neChechinomwe. Maona?

111 Zvino Chisimbiso Chechinomwe chinongova chinhu chimwe bedzi, ndizvo zvoga, uye izvi, “Kwakave nerunyararo Kudenga kwenguva yehafu yeawa.” Uye zvino Mwari voga ndivo vanogona kuchizarura ichocho. Hachina kana kumbofananidzirwa, chero papi zvapo. Uhu husiku hwemangwana. Ndinamatireiwo. Maona?

112 Zvino, tinocherechedza zvino, tichipinda muChisimbiso Chechitanhatu. Zvino dai Baba veKudenga vatibatsira patiri kudzikama zvino paChisimbiso Chechitanhatu ichi. Zvino ndima 12 iyi yechitsauko 6.

*Zvino ndakaona apo iye... akazarura chisimbiso chechitanhatu, uye, tarira, kwakava nokudengenyeke kwenyika kukuru; uye zuva rakasviba segudza remvere, nemwedzi ukaita seropa;*

*Nenyeredzi dzedenga dzikawira... panyika, kunyangwe somuonde unodonhedza maganga awo, kana uchizunungutswa nomututu mukuru.*

*Zvino matenga akabva semupumburu kana uchipetwa pamwe chete; namakomo ose nezvitsuwa zvose zvakabviswa panzvimo dzazvo.*

*Namadzimambo enyika, navakuru, navapfumi, navatungamiriri vehondo, nevarume vane simba, navose vara... navakasununguka vose, vakandozvivanza mumapako nomumabwe amakomo;*

113 Macherechedza apo here? Vatarisei, “varume vane simba,” munoona. Vakanga vaitei? “Vakanga vagamuchira waini yokutsamwa kwehupombwe hwechipfeve.” Maona? Ndiro boka rimwe chete chairo rakanwa waini yake. Maona?

*Uye vakati kumakomo nokumabwe, Tiwirei, uye mutivige kubva pameso paiye anogara pachigaro choushe, napakutsamwa kweGwayana:*

*Nokuti zuva guru rokutsamwa kwavo rasvika; zvino ndianiko anogona kumira?*

<sup>114</sup> Inhanganyaya yakadini kune...Munoona, zvemutasvi zvino, zvikara zvemutasvi, neZvipuka zvinopindura, zvaguma. Zvino, tinotorwa kumusoro, tinoona vakaurairwa chitendero pasi peChigaro chehushe. Zvino izvi, kubva panguva yacho, vakaurairwa chitendero ava ndiwo maJudha echiOrthodox echokwadi vakafira mukutenda kweChikristu...kana kuti mu—mukutenda kwechitendero, nekuti havaigona kuva Makristu.

<sup>115</sup> Rangarirai, Mwari vakapofomadza meso avo. Uye vachava mapofu kwenguva refu, kusvikira Chechi yeMarudzi yabviswa munzira. Nokuti, Mwari havashande nevanhu 2 ava panguva imwe chete, nokuti zvinopesana zvikuru neShoko raVo.

<sup>116</sup> Rangarirai, Vanoshanda neIsraeri senyika, nguva dzose. Ndiyo nyika yeIsraeri.

<sup>117</sup> VeMarudzi, semumhu mumwe nemumwe, “vanhu vakatorwa kubva kuMarudzi.” Uye zvaifanira kudaro, Murudzi, aifanira kuita... akaumbwa nevanhu vose vepanyika, saka apa neapo pane muJudha anouya mazviri. Maona? Zvakangoita se—semuArabia, nemuIrish, nemuIndia, nevamwewo, vanhu vose vepanyika, vanoumba chitsumbu chemaruva cheMwenga uyu. Maona?

<sup>118</sup> Asi, zvino, kana zvasvika pakushanda neIsraeri, muchikamu chino chekupedzisira chevhiki rechi 70, Vanoshanda navo senyika, Marudzi vapedzwa navo. Nguva yacho iri kusvika nekukurumidza, uye inogona kunge iri husiku huno—huno chaihwo, apo Mwari vachafuratira zvachose Marudzi, zvachose. Chaizvoizvo! Vakataura kudaro. “Vachatsika—tsika masvingo eJerusarema kusvikira mwaka weMarudzi wapera, nguva dzapera.” Hongu, changamire!

<sup>119</sup> Zvino ipapo, “Regai ane tsvina agare ane tsvina; regai akarurama agare akarurama.” Maona?

<sup>120</sup> Hapasisina Ropa pachigaro che—che—chenzvimbo tsve... munzvimbo tsvene, zvachose. Hapasisinazve Ropa paartari. Chibairo chabviswa, uye hapana chinhu kunze kwechiutsi nemheni nekutongwa imomo. Uye ndizvo chaizvo zvadururwa pano manheru ano. Honai, Gwayana ratobva kare pa... basa raRo rekureverera. Basa rekureverera rapedzwa, kubva kumusoro paChigaro chehumambo. Uye Chibairo, sekuMufananidzira zvakakwana kwatakaita, Mudzikinuri weHama, Gwayana rine ropa rinouya. Gwayana rakanga rabayiwa, Rine ropa, rakanga raurayiwa, rikakuvadzwa, rakauya ndokutora Bhuku kubva muruzoko rwaVo. Ndiko kuti, mazuya apera. Zvino Riri kuuya kuzotora vaRakadzikinura. Amen! Zvine zvazvinongoita mandiri!

<sup>121</sup> Tinoona zvino, Johane akati, “Ndakaona paAkazarura Chisimbiso Chechitanhatu, kwakava nekudengenyeka kukuru kwenyika,” ipapo zvisikwa zvose zvakavhiringidzwa. Maona?



122 Mwari vanga vachiita zvinhu zvikuru, sokupodza vanorwara, nekusvinudza meso emapofu, uye nokuita basa guru.

123 Asi tinoona, pano, kuti zvisikwa zvakapuzikira pasi, hongu, zvisikwa zvose. Tarisai zvakaitika, “Ku—kudengenyeka kwenyika; zuva rakasviba, uye mwedzi ukasapa chiedza chawo; nenyeredzi dzakazunguzwa uye dzikawa.” Zvino, handiti, zvose zvakaitika, munoona, panguva chaiyo yokuzarurwa kweChisimbiso Chechitanhatu ichi. Ndipo pazvinoitika, pakarepo mushure mekuziviswa kweavo vakafira chitendero, munoona. Vakafira chitendero vakanga vaperera.

124 Zvino munoona kuti taswadera kwazvo pedyo chaiko nokupinda munguva iyoyo zvino. Tinogona kudaro, chero nguva ipi zvayo, munoona, nekuti Chechi yave kugadzirira kuenda kwaYo muchadenga. Asi rangarirai, zvinhu izvi pazvinoitika, Mwenga unenge uchisiri pano. Ingorangarirai, Mwenga watoenda, haUsungirwe kupfuura nemune chero chii chazvo. Iyi inguva yeKutambudzika, yekucheneswa kwe—kwechechi; inoiswa pairi, kuti ipfuure nemairi, kwete Mwenga. Anotora mudiwa waKe kubva munzira. Hongu, changamire! Iye, akatoMudzikinura. Munoona, zvakaita se. . . Ndiyo sarudzo yaKe pachaKe, sarudzo yaKe pachaKe, sechero murume anotora mwenga wake. Maona? Zvino, kudengenyeka kwenyika. . .

125 Ngatienzanisei Magwaro zvino. Ndi—ndinoda. . . Mune penzura nebepa pamuri here? Ndinoda kuti mudiitirewo chimwe chinhu. Muchida kunyora, nyorai izvi, nokuti, kunze kwekunge muchizotora tepi yacho. Zvino isu. . . Ndinoda kuti muverenge pamwe neni, pamuri kudaro.

126 Enzanisai Magwaro echiitiko chikuru ichi, chatichaona kuti chakavanzwa chikuru ichi, kana kuti chakavanzika, chaiva pasi peChisimbiso Chechitanhatu cheBhuku reRudzikinuro. Zvino rangarirai, izvi izvakavanzika zvakavanzwa. Uye Zvisimbiso 6, zvose pamwe chete, iBhuku rimwe guru kwazvo, mipumburu 6 chete yakamoneredzwa pamwe chete, uye inosunungura Bhuku rose reRudzikinuro. Ndiwo madzikinurirwo akaitwa nyika yese.

127 Ndicho chikonzero Johane akachema, nokuti, dai pasina aigona kutora Bhuku iroro, zvisikwa zvose, zvinhu zvose zvainge zvaparara. Yaingodzokera zvayo ku—ku—kumaatomu nemamorekuru, nezvimwewo zvakadaro, nechiedza chemuchadenga, uye posava kana nechisikwa, munhu, kana chii zvacho. Nokuti, Adhamu akarasikirwa nekodzero dzeBhuku iroro. Akarasikirwa naro paakateerera kumudzimai wake, uye mudzimai akateerera kushandisa pfunga kwaSatani, panzvimbo yeShoko raMwari. Maona? Rakarasika.

128 Zvino, harina kukwanisa kudzokera mumaoko ane tsvina aSatani, uyo akamuyedza achimubvisa munzira, saka nokudaro rakadzokera kumuridzi waro wepamavambo, sezingaita chero

gwaro remvumo risina chipomerwa, munoona. Rinodzokera kumuridzi waro wepamavambo, uye vakanga vari Mwari, Musiki, Vakaisika. Uye Vakaribata.

<sup>129</sup> Zvino pane mubhadharo, uye ndirwo rudzikinuro. Pane mumwe mubhadharo werudzikinuro, uye pakanga pasina munhu aigona kuzviita. Saka, Vakati, vakaita mirairo yaVo, mirairo yaVo pachaVo yeMudzikinuri weHama. Zvino, havana kuwana munhu. Munhu wose akaberekwa nebonde, akaberekwa nechishuwo chebonde; akanga ari muchivi chepamavambo, Satani naEvhha, saka haaikwanisa kuzviita. Maari hamuna chinhu. Hapana papa mutsvene, muprisita, Chiremba weDivinity, chero angava ani, hapana aizonga akakodzera. Uye hayaigona kuva Ngirozi, nokuti yaifanira kunge iri Hama yeropa. Aifanira kunge ari munhu.

<sup>130</sup> Zvino Mwari pachaVo vakazova Hama, nokupfeka nyama yemunhu, kubudikidza nekuzvarwa nemhandara. Uye Akadeura Ropa raKe. Iro rakanga risiri ropa remuJudha. Rakanga risiri ropa reMurudzi. Raiva Ropa raMwari. Maona? Bhaibheri rakati, “Takaponeswa kubudikidza neRopa raMwari.”

<sup>131</sup> Mwana anatora ropa rababa. Tinozviziva. Chero chipi chiri munhurume chinoburitsa chizenga cheropa. Saka tinoona, sehuku inokandira zai; inogona kukandira zai, asi kana jongwe, kana hono, isina kuva nayo, harichochonyi. Harina hupenyu. Mudzimai anongova chete chirindiro chinotakura zai. Asi zai rinouya . . . Chizenga chinobva kumurume.

<sup>132</sup> Uye, panyaya iyi, murume aiva Mwari pachaVo. Ndiwo matauriro andinoti, kuti zasi ndekumusoro, uye—uye hukuru hudiki. Mwari vaiva vakuru kwazvo kusvikira Vakava, vakatozviumba pachaVo mukandu kadiki kudaro, kuve kachizenga kadiki-diki muchizvaro chemhandara. Uye ipapo Vakagadzira zvizenga zvemutumbi neRopa. Uye vakaberekwa, ndokurererwa panyika. Uye kubva pamavambo akadaro, asina kusvibiswa, pasina chishuwo chebonde pazviri, zvachose.

<sup>133</sup> Uye zvakare Vakapa Ropa iroro, nokuti Vakazova hama yeropa kwatiri. Uye Vaiva Mudzikinuri weHama. Zvino Vakadeura Ropa iroro, pachena. Vakanga vasingasungirwi kudaro. VakaRipa pachena, kuti vagodzikinura.

<sup>134</sup> Zvino Vanobva vaenda paartari yaMwari, vomirira ipapo, apo Mwari vakabata Bhuku reRudzikinuro mumaoko aVo. Zvino Gwayana rizere neropa rinomira paartari yechibairo. Hero Gwayana, richiita rudzikinuro, richireverera.

<sup>135</sup> Zvino, ndiani angashinga kutaura kuti Maria, kana Josefa, kana mumwewo munhu anofa, anogona kuva—kuva murevereri! Haukwanise kureverera kunze kwekunge paine Ropa ipapo. Hongu, changamire. “Pane Murevereri mumwe pakati paMwari nemunhu, zvino ndiKristu Jesu.” Ndizvo zvinotaura Gwaro. Hoyu Amire, uye kusvikira mweya

wekupedzisira wadzikinurwa; zvino Anobva auya kuzatora zvaAkadzikinura. Oo, ndiBaba Vakuru zva—zvakadini!

<sup>136</sup> Zvino rangarirai, zvino, ndagara ndichidzidzisa, kuti, “Mumiromo yezvapupu 2 kana 3, shoko rimwe nerimwe ngarisimbiswe.” Uye, Gwaro, zvakangofanana nekuti haugone kutora Gwaro rimwe chete uye woratidza chimwe chinhu kunze kwekunge paine chimwe chinhu chinoenderana nacho. Maona?

<sup>137</sup> Munooona, ndinogona kutora Gwaro rimwe chete ndoti, “Judhasi akaenda ndokunozvisungirira,” ndотора rimwe ndoti, “Iwe enda unoita zvimwe chetezvo.” Maona? Asi, munooona, hazvizoenderane nemamwe aRo.

<sup>138</sup> Uye ndafunga, pasi peChisimbiso Chechitanhatu ichi, Mweya Mutsvene pawaChiparura, ndikaona kuti chaiva chii, zvino ndafunga kuti chingava chinhu chakanaka kuti ndigopa kirasi chinhu chiduku chakati siyanei manheru ano. Maona? Nokuti, zvinogona kunetesha, kungonditeerera ini ndichitaura nguva dzose, saka ndafunga kuti tingaita chimwe chinhu chakati siyanei.

<sup>139</sup> Zvino cherechedzai. Chiitiko chikuru ichi chakanamirwa pasi peBhuku rezvakavanzika, zverudzikinuro. Zvino Gwayana rinaRo muruoko rwaRo, riri kuzoRiparura.

<sup>140</sup> Zvino ngationei pana Mateo chitsauko 24, Gwayana pachaRo richitaura. Zvino, chero ani zvake anotoziva kuti Kristu ndiye Munyori weBhuku racho rose, maringe nezvaro. Asi uku ndiko kutaura kwaKe—kwaKe pano, kana mharidzo yaKe—yaKe kuva—vanhu, zvakanaaka, kumaJudha.

<sup>141</sup> Zvino ndinoda kuti mubate Bhuku renyu sezvizvi, Mateo 24 naZvakazarurwa 6, sezvizvi. [Hama Branham vanobata Bhaibheri ravo rakavhurwa pazvitsauko 2 izvi—Mupepeti] Uye ngatienzanisei chimwe chinhu pano kwechinguvana.

<sup>142</sup> Zvino, tarisai izvi zvino, uye unogona kuona chaizvo zva—zvazviri. Honai, zviri kuratidzwa neGwayana *pano*, chaizvo mumufananidzo, zvaRakataura *apa* muShoko. Richiita chaizvoizvo, saka zvinoitika kuti zvide zviri izvo. Zvino, ndizvo—ndizvo zvoga zviripo kwazviri. Hechino. . . *Hechino* chimwe, Riri kutaura nezvacho, uye *apa* ndipo pazvakaitika. Maona? Kungori kuratidzwa kwakakwana.

<sup>143</sup> Zvino, zvino ngatitarisei pachitsauko 24 chaMutsvene Mateo, naZvakazarurwa 6, uye toenzanisa chitsauko 24 chaMateo. Tese tinoziva kuti ndicho chitsauko icho mudzidzi wose, munhu wose anoenda kwachiri, kuti—kuti ataure nezvenguva yeKutambudzika. Zvinobuda muchitsauko 24 chaMateo. Uye zvino ngati. . . Kana zviri izvo, zvino isu. . . Nokuti, tinoziva kuti Chisimbiso Chechitanhatu ichi Chisimbiso chekutonga. Chisimbiso chekutonga, chaizvo ndozvaChiri.

<sup>144</sup> Zvino, munoona, takava nekutasva kwaa—antikristu. Tikaona Chechi ichienda; zvino Yapedza, inokwira kumusoro. Zvino tinoona vakaurairwa chitendero, vemaJudha ava kumashure uko, pasi peartari. Zvino hepano pakuparurwa kwekutongwa, pamusoro pevanhu vari. . .

<sup>145</sup> Kubva mukutongwa kweKutambudzika uku pachabuda 144,000 maJudha akadzikinurwa. Ndichakuratidzai kuti maJudha, kwete Marudzi. Havanei nechekuita neMwenga, kana chii zvacho. Mwenga, takatoona kuti Mwenga akatoenda. Haugone kuzviisa izvi chero kumwewo hako; haadzoke zvakare kusvika pachitsauko 19 cheBhuku remabasa.

<sup>146</sup> Zvino cherechedzai, nokuti, Chisimbiso Chechitanhatu ndicho Chisimbiso chekutonga cheShoko.

<sup>147</sup> Zvino, apa, ngatitangei zvino uye ngativerengei Mutsvene Mateo, chitsauko 24. Zvino ndoda kukupai chimwe chinhu apa chandangotarisa, kuti ndiwane. Zvino, Mutsvene Mateo, kubva 1 kusvika 3, zvakanaka, ndipo patichaverenga kutanga.

*Zvino Jesu akabuda, ndokuenda achibva patemberi: zvino vadzidzi vake vakauya kwaari kuzomuratidza chivakwa chetemberi.*

*Zvino akati kwavari, Hamuoni zvinhu zvose izvi here? zvirokwazvo ndinoti kwamuri, Hakuzovi nerimwe. . . dombo rimwe pamusoro perimwe richasara pano, risingazowisirwi pasi.*

*Zvino, uye (ndima 3) akati agara pa. . . gomo. . . reMiorivhi, vadzidzi vakauya kwaari vari voga, vakati, Tiudzei, kuti zvinhu izvi zvichagova rinhiko? . . . ndechipi chichava chiratidzo chokuuya kwenyu, nechokuguma kwenyika?*

<sup>148</sup> Zvino ngatimirei ipapo. Ndima 3 idzi, zvakaitika, chaizvoizvo, musi weChipiri masikati, Kubvumbi 4, A.D. 30. Uye ndima 2 dzokutanga dzakaitika masikati a. . . aKubvumbi 4, muna A.D. 30. Uye ndima yechi 3 yakaitika Chipiri manheru ezuva rimwe chetero. Maona?

<sup>149</sup> Vakauya kutemberi, uye vakaMubvunza zvinhu izvi. “Munoti kudini neizvi? Uye munoti kudini neizvi? Tarirai temberi huru iyi! Haina kunaka here?”

Akati, “Hapazova nedombo rimwe richasara riri pamusoro perimwe.”

<sup>150</sup> Akabva akwira mugomo ndokugara pasi, munoona. Kuti ipapo, ndipo paAnotanga; aya masikati acho. Uye ipapo pavakadaro, vakaMubvunza kumusoro ikoko, vakati, “Tinoda kuziva nezvezvimwe zvinhu.”

<sup>151</sup> Zvino cherechedzai, heino—heino mibvunzo 3 inobvunzwa nemaJudha, mudzidzi waKe. Mibvunzo 3 inobvunzwa. Zvino tarisai. “Chii,” kutanga, kutanga, “Chii. . .? Zvinhu izvi

zvichaitika riinhi, apo, ‘Pachazenge pachisina dombo rimwe richasiwa riri pamusoro perimwe?’” “Chii chichava chiratidzo cheKuuya kweNyu?” mubvunzo wechi 2. “Uye nechekuguma kwenyika?” Muri kuzviona? Pane mibvunzo 3.

<sup>152</sup> Zvino, ndipo apo varume vazhinji vanoita mhosho yavo. Vanoisa zvinhu izvi pano kune rimwe zera zvino, apo, munoona, Ari kupindura mibvunzo 3. Vano . . .

<sup>153</sup> Tarisai zvino kuti zvakanaka sei—sei, ndima 3, munoona, chikamu chekupedzisira mundima 3. “Uye chii chichava . . .?” Kutanga, vakaMudanira kugomo reMiorivhi apa, vari voga. “Tiudzei, zvinhu izvi zvichaitika riinhi?” mubvunzo nhamba 1. “Chii chichava chiratidzo cheKuuya kweNyu?” mubvunzo nhamba 2. “Nechekuguma kwenyika?” mubvunzo nhamba 3. Maona? Pane mibvunzo 3 yakasiyana yakabvunzwa. Zvino, zvino ndinoda kuti muvhure uye muone kuti Jesu pano anovaudza sei pamusoro pezvinhu izvi.

<sup>154</sup> Oo, zvakanaka kwazvo! Ini . . . Zvinongondiita . . . Ndi—ndi—ndinowana . . . Nderipi izwi riya ratakashandisa humwe husiku? [Ungano inoti, “Kutekenyedzwa.”—Mupepeti] Kutekenyedzwa kunobva kuchizaruro! Cherechedzai.

<sup>155</sup> Zvino ngatichivhurai zvino kuChisimbiso Chekutanga chezvi—Zvisimbiso zveBhuku rino, toenzanisa Chisimbiso Chekutanga ichi nemubvunzo wekutanga uyu.

<sup>156</sup> Uye mubvunzo wega-wega, tozvienzanisa zvichidzika, uye toona kana zvisingaenderane, sezvatakaita mune zvimwe zvose izvi zvakazarurwa, kusvika kumazera ekereke nezvose, zvakafanana zvimwe chetezvo. Hecho Chisimbiso, chakazarurwa zvakanakwana, zvino. Cherechedzai, zvino. Zvino tichaverenga, kutanga, nokuda kwe . . . “Zvino Akavapindura . . .” Uye—uyezeve Iye—Iye aчатanga kupindura zvino, uye tinoda kuzvienzanisa neZvisimbiso.

<sup>157</sup> Zvino tarisai. Chisimbiso Chekutanga ndiZvakazarurwa 6:1 ne 2. Zvino tinoverenga 6:1 ne 2.

*Zvino—zvino ndakaona . . . Gwayana parakazarura chimwe chezvisimbiso, ndikanzwa, chaive seruzha rwomutinhiro, chimwe chezvipuka 4 chichiti, Uya uone.*

*Ndakatarira, ndikaona bhiza jena: naiye akanga akaritasva akanga ane uta; zvino akapiwa korona: uye akabuda achikunda, nekukunda.*

<sup>158</sup> Takaona kuti muchinda uyu ndiani? [Ungano inoti, “Antikristu.”—Mupepeti] Antikristu. Mateo 24, zvino, 4 ne 5.

*Zvino Jesu akapindura akati kwavari—kwavari, Chenjerai kuti murege kutsautswa nomunhu.*

*Nokuti vazhinji vachauya nezita rangu, vachiti, Nдини Kristu; uye vachatsautsa vazhinji.*

159 Mazviona? Antikristu. Hecho Chisimbiso chenyu. Maona? Maona? Akazviture pano *apa*; zvino pano vanoazarura Chisimbiso, uye hepano paaiva, zvakangokwana.

160 Zvino Chisimbiso chechipiri, Mateo 24:6, Zvakazarurwa 6:3 ne 4. Zvino tarisai, Mateo 24:6. Zvino regai ndione zvainotaura.

Zvino *muchanzwa* zvehondo *nerunyerেকে* rwehondo: *chenjerai* musanetseka: *nokuti* zvinhu *zvo*se izvi *zvinofanira* kuitika, *asi kuguma kuchigere kusvika*.

161 Zvakanaka, ngatitorei Chisimbiso Chechipiri, Zvakazarurwa 6:3 ne . . . 2. Tarisai zvaAnotaura zvino.

Zvino *akati* azarura *chisimbiso chechipiri*, uye *ndikanzwa* chipuka *chechipiri chichiti*, *Uya* . . . uone.

Zvino *rimwe bhiza* rakabuda *rakanga riri dzvuku*: uye *simba* rakapiwa kuna iye *akanga akaritasva kuti* *abvise rugare panyika*, uye *kuti vaurayane*: zvino kwakapiwa kwaari *munondo mukuru*.

162 Zvakakwana, chaizvoizvo! Oo, ndinoda kuita kuti Gwaro rizvipindure pachezvaRo. Hamudiwo here? Mweya Mutsvene wakaZvinyora zvo, asi Unokwanisa kuZvizarura.

163 Zvino ngaticherechedzei Chisimbiso Chechitatu. Zvino, iyi inzara. Zvino, Mateo 24:7 na 8. Ngatitorei 7 na 8, muna Mateo.

Zvino *rudzi ruchamukira rudzi*, *noushe huchamukira ushe*: *nenzara dzichavapo*, . . . *hosha*, . . . *kudengenye*ka *kwenyika*, *kunzvimbo zhinji*.

Zvinhu zvo *izvozvi* ndiko *kutanga kwenhamo*.

164 Munoono, muri kuuya kumusoro zvino. Zvino, Zvakazarurwa, mune yechi 6, zvino tichazarura Chisimbiso Chechitatu. Chinowanikwa muna Zvakazarurwa 6:5 ne 6.

Zvino *akati* azarura *chisimbiso chechi* 3, nda—ndakatarira chipuka *chechi* 3 *chichiti*, *Uya* uone. Uye *ndikatarira*, *ndikaona bhiza dema*; uye *akanga akaritasva akanga ane chiyereso muruoko rwake*.

Uye *ndikanzwa izwi pakati pezvipuka* 4 *richiti*, *Chiyero* . . . *dhinari* . . . *Chiyero chegorosi chichatengwa nedhinari*, *nezviyero* 3 *zvebhari nedhinari*; uye uone kuti usakuvadza *mafuta* ne . . . *waini*.

165 Nzara! Munoono, Chisimbiso chimwe chete chaicho, zvimwe chete zvakataurwa naJesu. Zvakanaka.

166 Chisimbiso Chechina, “matenda” ne “rufu.” Cherechedzai, Mateo 24. Tichaverenga ndi—ndima 8, 7 ne 8, ndinotenda kuti ndizvo, paChisimbiso Chechina ichi, zvandinazvo. Zvakanaka.

167 Zvino, chii chandaverenga kumashure uku? Ndaverenga chimwe chinhu chisicho here? Hongu, ndange ndakazvitara. Ehe, hezvoka. Zvino tava kuenda. Zvino tochienda. Zvakanaka, changamire.

168 Zvino ngatitangirei pano pana 7, pane ichi, Chisimbiso Chechina; uye pana 6:7 na 8, pane imwe yacho, pana Zvakazarurwa.

169 Zvino ngationei 7 ne 8 yaMateo 24. Zvakanaka, zvino.

*Zvino rudzi ruchamukira rudzi, noushe huchamukira ushe: nenzara dzichavapo, . . .hosha, . . .kudengenyeka kwenyika, kunzvimbo zhinji.*

*Zvinhu zvose izvozvi ndiko kutanga kwenhamo.*

170 Zvino Chisimbiso Chechina, sezvatinochiverenga pano, chaiva icho . . . Chisimbiso Chechina, chakatanga pa7 ne 8, pane chimwe ichi zvino.

*Zvino akati azarura chisimbiso chechi 4, zvino tarira . . . chipuka chechi 4 chakati, Uya uone.*

*Uye ndikatarira, ndikaona bhiza pfumbu: . . .*

171 Zvino mirai. Izvi ndakazvinyora zvisirizvo izvo. Ehee. Ehee. Zvino chimbomirai zvishoma, zvino, 7 na 8.

172 Zvino ngationei, Mateo 24:7 ne 8. Zvino ngationei. Tichazviwana. Ndicho Chechitatu, chichizaruka, handizvo here? Mateo 24:7 ne 8. Ndine urombo. Zvino, zvinozarura mvura yekunaya, kana kuti, nzara, zvinozarura nzara. Zvakanaka.

173 Zvino, “matenda” ne “rufu.” Hongu, changamire. Zvino tave kuenda kwazviri, 7 ne 8. Zvino, ndicho chinenge chiri Chisimbiso Chechina. Ngationei kwatinowana Chisimbiso Chechina. “Zvino wakati azarura Chisimbiso Chechina—Chechina. . .” Hongu, ndiye mutasvi webhiza pfumbu, “Rufu,” munoona.

*Uye—uye ndikatarira, ndikaona bhiza pfumbu: uye iye . . . bhiza pfumbu: uye zita rake reakanga akaritasva ainzi Rufu, uye Hadhesi rakatevera . . . iye. Zvino simba rakapiwa kwaari pamusoro pezvina- . . . zvikamu zvenyika, kuti vauraye nomunondo, nenzara, norufu, nezvikara zvenyika.*

174 Zvino, munoona, raiva “Rufu.”

175 Zvino, Chisimbiso Chechishanu, Mateo 24:9-13. Ngationei kana ndazvibata zvakanaka, zvino, zvakare. Maona?

*Uye zvakare vachakukumikidzai kuti mutambudzwe, uye vachakuurayai (hezvoka izvo): uye muchavengwa namarudzi ose nokuda kwezita rangu. Uye apo . . .*

*Uye zvakare vazhinji vachatengesa . . . vazhinji vachagumburwa, uye vachatengesana, uye nokuvengana.*

*Uye vaporofita vazhinji venhema vachamuka, uye . . . vachitsautsa vazhinji.*

*Zvino nokuti kusarurama kuchawanda, rudo rwavazhinji rwuchatonhora.*

*Asi iye ano... anotsungirira kusvikira pakuguma, mumwe cheteyo achaponeswa.*

<sup>176</sup> Zvino, tave paChisimbiso Chechishanu zvino. Uye hwaiva husiku hwapfuura, munoono. “Vachakukumikidzai, kutengesana,” nezvimwe zvakadaro.

<sup>177</sup> Zvino tarisai pano pane chechi 6, Chisimbiso, 6:9 kusvika 11. Zvino ngatitorei ichocho, Zvakazarurwa 6:9 kusvika 11.

*Zvino akati azarura chisimbiso chechi 5, ndakaona pasi pearitari mweya yaivo vakanga vauraiwa nokuda kweshoko raMwari, uye nokuda kwechapupu chavaive vakabata:*

*Zvino vakadana nezwi guru, vachiti, Kusvikira rinhiko, . . . Tenzi, mutsvene . . . wechokwadi, imi muno . . . tonga nokutsiva ropa redu pane avo vanogara panyika?*

*Zvino, nguo chena dzakapiwa kune mumwe nomumwe wavo; zvino vakaudzwa, kuti vambozorora kwechinguwa chiduku, kusvikira varanda pamwe chete navo nehama dzavo, . . . vanofanira kuuraiwa sezvavakaitwa, zvinofanira kuzadziswa.*

<sup>178</sup> Zvino, munoono, pasi peChisimbiso Chechishanu, tinowana—tinowana pano kufira chitendero.

<sup>179</sup> Uye pasi pe24:9 neche apa, isu . . . kusvika 13, tinoona zvakare kuti vaive vakafira chitendero. “Vachakukumikidzai, nekukuurayai,” nezvimwe zvakadaro. Munoono, Chisimbiso chimwe chete chichizarurwa.

<sup>180</sup> Zvino, muChisimbiso Chechitanhatu, ndicho chatiri kuuya kwachiri zvino, Mateo 24:29 ne 30. 24, uye ngatitorei 29 ne—ne 30. Hezvoka.

Zvino, zvino tichatora, zvakare, Zvakazarurwa 6:12 kusvika 17.

<sup>181</sup> Ndizvo chaizvo zvatichangobva kuverenga. Zvino teererai izvi, zvino, zvakataurwa naJesu muna Mateo . . . :29, 24:29 ne 30.

*Pakarepo shure kwokutambudzika kwamazuwa iwayo . . .*

<sup>182</sup> Chii? Apo . . . kutambudzika uku, kutambudzika kudiki uku kwavakafanopfuura nemakuri pano, munoono.

*. . . zuwa richasvibiswa, uye mwedzi hauzopi chiedza chawo, uye nyeredzi dzichawa kubva kudenga, namasimba e . . . matenga achazunungutswa:*

*Ipapo chiratidzo choMwanakomana womunhu chichaonekwa kudenga: uye zvakare marudzi ose enyika achachema, zvino vachaona Mwanakomana womunhu achiuya ari mumakore okudenga nesimba nokubwinya kukuru.*



183 Zvino, verengai pano muna Zvakazarurwa zvino, Chi—Chisimbiso Chechitanhatu, icho chatiri pachiri zvino.

Zvino . . . tarira wakati azarura *chisimbiso chechitanhatu*, uye, tarira, *kwakanga kune kudengenyeka kwenyika kukuru*; uye zuva *rakasviba segudza* (maona?) *remvere*, uye *mwedzi ukaita seropa*;

*Nenyeredzi dzedenga dzikawira pasi*, kunyangwe *somuonde unodonhedza maganga awo*, kana iwo . . . *uchizunungutswa nomututu mukuru*.

Zvino matenga akabva semupumburu paunenge *uchipetwa pamwe chete*; uye *namakomo ose nezvitsuwa vose* . . . *zvakabva panzvimbo yazvo*.

*Namadzimambo enyika*, *navakuru*, *navapfumi*, *navatungamiriri vehondo*, *navarume vane simba*, *nomuranda wose*, . . . *navakasununguka vose*, *vakandozvivanza mumapako* . . . *nomumabwe egomo*;

Ndokuti *kumakomo nokumabwe*, *Tiwirei*, uye *mutivige* kubva *pameso aiye anogara pachigaro choushe*, *napakutsamwa—kutsamwa kweGwayana*:

*Nokuti zuva guru rokutsamwa kwaro rasvika*; . . . *ndianiko achagona kumira?*

184 Zvakanyatsokwana, vhurai muchidzokera kumashure chaiko, muone zvakataurwa naJesu apa zvino muna Mateo 24:29. Teererai. “Mushure,” nyaya iyi yaEichmann, nevamwe vakadaro.

*Pakarepo shure kwokutambudzika kwamazuva iwayo zuva richasvibiswa*, . . . *mwedzi hauzo—hauzopi chiedza chawo*, . . . *nyeredzi dzichawa kudenga*, . . . *masimba e* . . . *kudenga achazunungutswa*:

Zvino tarisai.

Uye *ipapo chiratidzo choMwanakomana womunhu chichaonekwa kudenga*: uye *vachaona*, uye *ivo* . . . *zvino marudzi ose enyika achachema*, *zvino vachaona Mwanakomana womunhu achiuya* ari *mumakore okudenga nesimba guru nokubwinya*.

Uye . . . *achatumwa vatumwa vake*, *nezvimwe zvakadaro*, uye *ne* . . . *kurira kwehwamanda*, uye . . . *vachavaunganidza pamwe chete* . . . *mhepo 4*, . . . *ndokurwa pamwe chete*.

185 Munoono, chaizvoizvo, tichienzanisa zvakataurwa naJesu muna Mateo 24, uye zvakazarurwa nemuzaruri apa muChisimbiso Chechitanhatu, ndizvo zvimwe chetezvo. Zvino Jesu aitaura nezvenguva yeKutambudzika. Maona?

186 Kutanga, akabvunza kuti zvinhu izvi zvaizoitika rinhi, apo temberi yaizobviswa. Akazvipindura izvozvo. Chinhu

chinotevera chaakabvunza, apo paizosvika nguva...Pakauya zera revakaurairwa chitendero. Uye pazvichadaro *izvi*, paizosimuka antikristu; uye neapo antikristu aizobvisa temberi.

<sup>187</sup> Dhanieri, taigona sei kudzokera kunotora Dhanieri apo, paakatura kuti, muchinda uyu aizouya. Imi vaverengi munozviziva. Uye chii chaanofanira kuita? Aizobvisa chibayiro chezuva nezuva, uye nezvose zvaizoitika panguva iyoyo. Akati...

<sup>188</sup> Jesu, kunyange, achitaura nezvazvo pano, akazvisimbisa. Akati, “Pamunoona chinyangadzo chinoparadza, chakaturwa nemuporofita Dhanieri, chimire panzvimbo tsvene.” Chii ichocho? Mosque yaOmar, yakamira panzvimbo yetemberi pavakaipisa. Akati, “Regai vari mumakomo...Regai vari pamusoro pemba, vasaburuka kuzotora zvinhu mumba, kana iye ari mumunda ngaasadzoke. Nokuti pachava nenguva yokutambudzika!” Maona? Uye zvinhu zvose izvi zvaizoitika, ndokuzvifambisa zvichidzika zvino nokuzvisimbisa, zvichidzokera pakuzarurwa uku kweChisimbiso Chechitanhatu.

<sup>189</sup> Zvino ndinoda kuti mucherechedze. Jesu...Zvino, angava mangwana manheru, pane iChi, Jesu akasiirira dzidziso yeChisimbiso Chechinomwe. Hachisi pano. Tarisai, Anoenderera mberi nemifananidzo zvino, mushure mazvo. Uye Johane akasiirira Chisimbiso Chechinomwe. Chechinomwe, chekupedzisira, Chisimbiso Chechinomwe, chichava chinhu chikuru. Hachina kana kutombonyorwa, munoona. Akasiirira Chisimbiso Chechinomwe; vose vari vaviri vakadaro. Uye muzaruri, Mwari pavakangoti paiva...Johane akati, “Kwakangova nerunyararo Kudenga.” Jesu haana kumbotaura kana shoko pamusoro paCho.

<sup>190</sup> Cherechedzai zvino, tichidzokera kundima 12, cherechedzai, hapana Chipuka. Iyi indima yechi 12, tichitanga paChisimbiso chedu, tochiona chichizarurwa. Hapana Chipuka, chakaita, seZvisikwa zvipenyu, chinomiririrwa panowo, zvakare, sezvazvaiva paChisimbiso Chechishanu. Sei? Izvi zvakaitika, kune rimwe divi rezera reEvhangeri, munguva yeKutambudzika. Chisimbiso Chechitanhatu ichi inguva yeKutambudzika. Ndizvo zvinotora nzvimbo. Mwenga wakaenda. Maona? Hapana Chisikwa chipenyu kana chimwewo zvacho chekuchitaura. Chingori...Zvino, Mwari apa havachashanda neChechi zvachose; Yakatoenda kare.

<sup>191</sup> Vari kushanda neIsraeri, munoona. Munoona, iri nderimwe divi racho, ndipo panguva iyo Israeri yakagamuchira Mharidzo yehumambo, nevaporofita 2 vemuna Zvakazarurwa 11. Rangarirai, Israeri rudzi, muranda waMwari, rudzi. Uye apo—apo—apo Israeri ichapinzwa, ichange iri nyaya ye—yenika yacho yese.

192 Israeri, zera rehumambo, ndipo apo Dhavhidhi... Mwanakomana waDhavhidhi, achagara pachigaro choushe. Ndicho chikonzero mukadzi uya akadanidzira, “Iwe Mwanakomana waDhavhidhi!” Uye Dhavhidhi ari kuzo... Mwanakomana waDhavhidhi! Mwari vakapika naYe, kuna Dhavhidhi, kuti Vaizomutsa Mwanakomana waVo aizatora chigaro chake. Chinozova chigaro choushe chekusingaperi. Maona? Hachizova nemagumo. Soromoni akachipa, mumufananidzo, mutemberi. Zvino Jesu akangovaudza pano, ndiko kuti, “Hapazovi nedombo richasara pamusoro perimwe rawo.” Asi Ari kuedza kuvaudza apa, zviri... Ari kudzoka.

“Ko Muchadzoka rinhi?”

193 “Zvinhu izvi zvichaitika ndisati Ndadzoka.” Zvino hepanoi pazviri!

Zvino tave panguva yeKutambudzika.

Rangarirai, pachamisikidzwa humambo, panyika... .

194 Zvino, izvi zvinogona kunge zvichiti katyamadzei zvisoma. Uye kana paine mubvunzo, uye iwe-iwe unokwanisa kundibvunza; kana uchida kuunza mubvunzo wacho, mushure mekunge zvataurwa, zvino chingounyora; kana usina, hausati watozviziva.

195 Munguva yemuMireniyamu, iIsraeri inova nyika, marudzi 12 senyika.

196 Asi Mwenga ari mumuzinda wamambo. Ndiye Mambokadzi zvino. Akatochata. Uye pasi rose richapinda muguta iri, Jerusarema, uye richaunza kubwinya kwaro imomo. “Uye masuwo haazovharwa, pa-pa-pahusiku, nokuti hakuzovi nehusiku.” Maona? Masuwo achagara akavhurwa. “Uye madzimambo enyika,” Zvakazarurwa...: 22, “vanounza rukudzo rwavo nokubwinya muguta iri.” Asi Mwenga ari mukati imomo neGwayana. Oo, ini zvangu! Unogona kuzviona, imomo! Kwete... Mwenga haasi kuzonge ari kunze kuno achishanda muminda yemizambiringa. Kwete, changamire. Ndiye Mwenga. Ndiye Mambokadzi kuna Mambo. Ndevamwewo vanoshanda nesimba kunze uko, nyika, kwete Mwenga. Amen. Zvakanaka.

197 Cherechedzai vatumwa ava zvino, vatumwa vaZvakazarurwa...:12, vaporofita 2 vaya, vari kuzoparidza, “Humambo hwava pedyo!” Maona? Humambo hweKudenga huri kuzomisikidzwa. Nguva iyi, makore 3 nehafu ekupedzisira evhiki rechi 70 raDhanieri, rakavimbiswa kumaJudha, vanhu vake. Rangarirai zvino, kuti, kuratidza izvozvo, kuti ichi ndicho chikamu chekupedzisira chaDhanieri chevhiki rechi 70. Ndine mubvunzo pazviri mangwana. Maona?

198 Zvino, mavhiki 70 akavimbiswa, aiva makore 7. Uye pakati pemavhiki 7, Mesiya aizogurwa, kuti aitwe chibaiyero. Aizoporofita makore 3 nehafu, uye obva azogurwa, kuve

chibairo chevanhu. Zvino kuchine kutemerwa, kwekuti makore 3 nehafu achiri akatemerwa kuIsraeri. Zvino, Mesiya paakagurwa, muJudha akapofomadzwa kuti asakwanise kuona kuti ndiye aiva Mesiya.

<sup>199</sup> Uye, zvino, Mesiya paakagurwa, ipapo Evhangeri pamwe nezera renyasha zvakabva zvauya kuMarudzi. Zvino vakauya zasi, Mwari ndokudhonza mumwe kubva *apa neapo*, *neapa neapo*, zvino ndokuvaisa pasi pevatumwa; uye *apa neapo*, uye *apa neapo*, zvino ndokuvaisa pasi pevatumwa.

<sup>200</sup> Zvino Vakatumwa mutumwa wekutanga, uye akaparidza, hwamanda ndokurira; sekuzvinhonga kwatichaita, mushure mechinguva. Uye, ipapo, hwamanda yakanga ichizivisa hondo. Hwamanda inogara ichireva hondo. Mutumwa, ngirozi inouya panyika, mutumwa wenguva iyoyo, seyaLuther, sezvakaite chero mumwe wevatumwa vatakataura nezvavo. Chii chaanoita? Anosvika; uye Chisimbiso chozaruka, chozarurwa; hwamanda inorira, hondo yoziviswa, zvino hutu voenda. Zvino mutumwa obva afa. Anosimbisa boka iri; voiswa mukati. Zvino denda rinowira pamusoro peavo vakaIramba. Maona?

<sup>201</sup> Zvino yoramba ichienderera mberi, zvadaro vobva vaita sangano, vovana rimwe sangano. Tichangobva kupfuura nemazviri. Zvino, hepano vachibuda nerimwe simba, munoono, rimwe simba, rimwe zera rechechi, imwezve shumiro. Zvino, paanoita izvozvo, panobva pauya Mwari neshumiro yaVo, kana antikristu anouyawo neyake. Munoono, *anti* ndiye “anopesana.” Vanoshanda panguva imwe chete.

<sup>202</sup> Ndinoda kuti mucherechedze chimwe chinhu chidiki. Panguva imwe cheteyo iyo—iyo Kaini akauya panyika, Abheri akauyawo panyika. Ndinoda kuti mucherechedze, panguva imwe chete iyo—iyo Kristu akauya panyika, Judhasi akauya panyika. Panguva nguva imwe chete iyo Kristu akabva panyika, Judhasi akabvawo panyika. Panguva imwe chete iyo mwe—Mweya Mutsvene wakawa, mweya waantikristu wakawa. Panguva imwe chete iyo Mweya Mutsvene uri kuZvizarura pano mumazuva ekupedzisira, antikristu ari kuratidzawo mavara ake, achiuva kubudikidza nemune zvevatongerwo enyika zvake zvimwe. Uye panguva imwe chete iyo antikristu ari kuzvifambisa zvizere pa- . . . panzvimbo; Mwari vari kuZvifambisawo zvizere, kudzikinura zvose. Munoono, zvinongoshanda, pamwe chete chaipo. Uye vari, vose vari vaviri, padivi nepadivi. Kaini naAbheri! Gunguwo nenjiva, paareka! Judhasi naJesu! Uye zvichingodzika, unogona kuzvitora. Kungo . . .

<sup>203</sup> Pano paiva neMoabhi neIsraeri; vese vari vaviri. Moabhi yakanga isiri nyika yechihedheni. Kwete, changamire. Vaipirisa chipiriso chimwe chete chaipiriswa neIsraeri. Vainyengetera kuna Mwari mumwe chete. Chaizvoizvo. Moabhi akada- . . . Aiva mumwe wevanasikana vaRoti akarara nababa vake, uye akava

nemwana. Zvino mwana iyeye ainzi Moabhi. Uye kubva kwaari ndiko kwakatanga rudzi rweMoabhi, iyo nyika yeMoabhi.

Zvino pavakaona Israeri, hama yavo yakadzikinurwa, ichiuya.

<sup>204</sup> Vakanga vari vanotenda zvepamavambo. Vaiva sangano guru. Israeri yakanga isina sangano; yaingogara mumatende uye nechero kwese kwaunoenda. Asi Moabhi yaiva nevaremekedzwa, madzimambo, nevamwe vakadaro. Zvino vaiva naBharami kumusoro ikoko, mu—muporofita wenhema. Uye vaiva nezvese izvi. Ipapo vakabva vauya zasi ikoko kuzotuka munin'ina wavo mudiki akanga ari munzira kuenda kunyika yechipikirwa, achienda kuvimbiso yake.

<sup>205</sup> Zvino akaenda akanovakumbira, “Ndingapfuurawo nemunyika menyu here? Kana mombe dzangu dzikanwa mvura, ndinozvibhadharira. Kana dzikananzva huswa, tinozvibhadharira.”

<sup>206</sup> Akati, “Kwete. Hausi kuzoita rumutsiro rwakadaro munharaunda ino. Ndizvozvo chaizvo. Iwe hausi kuzoita chinhu chakadaro munharaunda yepano.”

<sup>207</sup> Uyezve tarisai zvaakaita. Akadzoka ari muchimiro chaJezebheri chaicho, ndokuuya kubudikidza nemumuporofita wenhema uya, uye akakonzeresa kuti vana vaMwari vakanganise. Zvino vakarooro vakadzi vechiMoabhu mu—muIsraeri, uye akakonzeresa hupombwe.

<sup>208</sup> Zvino akaita zvimwe chete, muzera rimwe chetero, parwendo, munzira inoenda kuNyika yechipikirwa, yatiri mairi. Akaitei? Muporofita wenhema akauya ipapo ndokuroodza, ndokudanira muchechi yechiProtestanti, ndokukonzera masangano, chaizvoizvo zvavakaita kumashure uko.

<sup>209</sup> Asi Israeri diki yakare yakaramba ichifambira mberi, zvimwe chete. Yakanyunyuta murenje kwenguva refu, zvino varwi vese vekare ivavo vakatozofa, asi yakapfuurira mberi ichipinda munyika yechipikirwa. Ehe. Hongu. Vatarisei vose vari muhumwe, vasati vayambuka Jorodhani. Ha-ha! Ndinozvida izvi. Zvino tave kudzika kuzera iroro iko zvino, pano zvino. Cherechedzai.

<sup>210</sup> Zvino tinoona, kuti, nguva, ekupedzisira (ndati) makore 3 nehafu emavhiki 70 aDhanieri.

<sup>211</sup> Regai ndinyatsozvitsanangure zvishoma zvino, nokuti ndiri kuona mumwe munhu pano agara akatarisa izvozvo, uye ndi—ndinoda kuedza kuzvijekesa; mudzidzisi.

<sup>212</sup> Cherechedzai pakapinda mavhiki 70. Dhanieri paakaona chiratidzo chenguva yaiuya, uye nemagumo emaJudha, asi akati kwakatemerwa mavhiki 70. Ndiwo makore 7; pakati pawo, handiti, Mesiya achange ari pano, kana kuti, zvino aizogurwa, kuva chibairo. Zvino, ndizvo chaizvo zvakaitika.

213 Zvino, Mwari vakashanda neMarudzi kusvikira vabuditsa vanhu veZita raVo. Chechi yeMarudzi painongobviswa, Vanotora Chechi kumusoro.

214 Uye paVakadaro, mhandara yakarara, chechi pachayo... Mwenga wakakwira kumusoro. Zvino chechi pachayo yakaiswa “murima rekunze, uko kune kuchema, nekuungudza, nekugedageda kwemeni.” Panguva imwe cheteyo, Kutambudzika kunowira pamusoro pevanhu ivavo.

215 Uye apo Kutambudzika kuchiitika, imomo munouya vaporofita 2 ava vaZvakazarurwa 11, kuzovaparidzira Vhangeri. Uye vanoparidza kwemazuva 1,000, ne 100...ne 60. Maona? Zvino, ndizvo chaizvo, nemazuva 30 munwedzi seane karenda chairo, makore 3 nehafu chaiwo. Ndicho chikamu chechi 70 chaDhanieri, chikamu chekupedzisira chevhiki rechi 70. Maona?

Mwari havasati vashanda neIsraeri muno umu. Kwete, changamire.

216 Imwe hama yakandibunza, kasiri kare, yakati, “Ndoenda here ku...” I—imwe hama yemuno muchechi, hama inokosha, inodikanwa, yakati, “Ndi—ndinoda kuenda kuIsraeri. Ndinotenda kuti pane kubengenuka.”

217 Mumwe munhu akati kwandiri, “Hama Branham, munofanira kuenda kuIsraeri izvozvi. Vanozviona izvi.” Munooni, haugone kuzviita.

Ndakamira ipapo chaipo, zvino ndikafunga...

218 MaJudha aya akati, “Kana ini...Zvakanaka, kana zviri izvo, Jesu ari iye—ari iye Mesiya,” akati, “ngandiMuone achiita chiratidzo chemuporofita. Tichatenda vaporofita vedu, nekuti ndizvo zvavano—zvavanofanira kuve vari.”

219 “Hurongwa hwakadini,” ndakafunga. “Hezvino ndoenda!” Pandakasvika ikoko chaiko, pedyosa nayo, chaiko...Ndaive, zvino, ndaive kuCairo. Uye ndakanga ndine tikiti rangu muruoko rwangu, reIsraeri. Ini ndikati, “Ini, ndichaenda, ndoona kana vakabunza izvozvo, kana vachizokwanisa kuona chiratidzo chemuporofita. Toona kana vachizogamuchira Kristu.”

220 Lewi Pethrus, wechechi yeStockholm, akavatumira maBhaibheri miriyoni.

221 Uye maJudha iwayo achiuyamo! Makaona mufananidzo wacho. Ndinawo pafirimu, kumashure chaiko pano zvino, *Maminitsi Matatu Kusvika Pakati Pehusiku*. NemaJudha iwayo achiuya, kubva kumativi ose enyika, kwese-kwese, vakatanga kuungana imomo.

222 Mushure mekunge England yapinda imomo, munguva yeMukuru wehondo Allenby, muKuderera *KweHondo YePasi Rose*, mubhuku rechipiri racho, ndinofunga kuti ndiro,

zvino vakasarenda, maTurkey vakasarenda, akabva aidzosea kuIsraeri. Zvino yanga ichikura senyika, uye zvino yava nyika yakakwana: ine mari yayo pachayo, mari yenyika, mureza, mauto, nezvimwe zvose. Maona?

<sup>223</sup> Zvino maJudha aya, vachidzokera kumusha kwavo, vakanga vari . . . Chinhu chekutanga, pavakaenda zasi kuIran, uye zasi imomo, kunovatora, vakabvunza . . . Vakati . . . akati . . . Vanoda kuvadzosea kuIsraeri, vovapa nzvimbo yavo; vovadzosea kunyika yavo, Parastina, kwavanofanira kunge vari.

<sup>224</sup> Uye, rangarirai, chero bedzi Israeri iri kunze kwenyika iyoyo, iri kunze kwekuda kwaMwari; saAbrahama, uyo yakapihwa kwaari. Uye apo . . .

<sup>225</sup> Havaimboda kupinda mundege iyoyo. Havana kumbobvira vakaona kana chii zvacho chakadaro. Paiva nemumwe rabhi mutana akadzika ipapo, akati, “Muporofita wedu akatiudza, kuti, Israeri payakaenda kumusha, ichazonge iri ‘pamapapiro echapungu,’” mundege, kuenda kumusha.

<sup>226</sup> Heyoka iyo zvino, iri kuvaka. Muonde uchidzoreredzwa! Amen! Nyeredzi yekare yaDhavhidhi ine makona 6 ichibhururuka!

<sup>227</sup> “Mazuva eMarudzi opera, azere nekutyisa!” Nguva yeKutambudzika yave pedyo chaizvo!

<sup>228</sup> Uye timire ipo pano, neZvisimbiso zvichizarurwa, Chechi yagadzirira kubhururuka kwaYo muchadenga!

<sup>229</sup> Nenguva yeKutambudzika yopinda, Mwari vanobva vadzika voburitsa 144,000 kubva imomo. Amen! Ipapo, oo, zvakakwana! Munoono pazvinobuditswa neZvisimbiso zvino, munoono, kuzvizarura? Zvino, aya ndiwo makore 3 nehafu ekupedzisira kuvanhu. Zvakare, kana mukacherechedza, ndiyo nguva iyo Mwari vachadana maJudha 144,000, mumakore 3 nehafu ekupedzisira aya.

<sup>230</sup> Munoono, haVasati vashanda navo, zvachose. Havana kumbova nemuporofita. Havazotendi chimwe chinhu kunze kwemuporofita. Hauvanyengedze. Saka, vachanzwa muporofita, hongu, changamire, uye ndizvo zvoga. Kutu, Mwari vakavaudza izvozvo pakutanga, uye vanogara chaizvo nazvo.

<sup>231</sup> Akati, “Jehovha Mwari wenyu achamutsa Muporofita pakati penyu, akaita seni.” Mosesi akataura kudaro. Uye akati, “Iye muchamunzwa. Uye ani naani asinganzwe Muporofita uyu, achagurwa kubva pavanhu.” Ndizvozvo chaizvo.

<sup>232</sup> Uye, munoono, maziso avo aitofanira kupofomadzwa, kana kuti vangadai vakaMucherechedza. Panzvimbo yekudaro, vakapofomadzwa kudaro, vaive . . . Zvakarega Satani achisvika pavari, zvino vakati, “Iye muwuki, Bherizebhabhu. Ropa rake ngarive pamusoro pedu. Tinoziva kuti hapana nezvaari uyu.” Maona?

233 Uye vanhu vanonzwisa urombo vaive vakapofomadzwa. Ndicho chikonzero boka raEichmann neboka rose iroro vakauraiwa kumashure uko. Vaiva nekodzero yokupinda; Baba vavo chaivo vakatovapofomadza meso avo kuti Vagotitora isu.

234 Ndicho chinhu chinisiririsa zvikurusa muMagwaro, potse. Chingofungai ipapo, maJudha, vachidanira Ropa raBaba vavo chaivo, Mwari wavo chaiye akarembere ipapo, achijuja ropa. Tarisai, “Ipapo ivo vakamuroverera Iye,” Bhaibheri rakadaro. Ndiwo 4 emazwi makurusa. Tarisai. “Ipapo,” Jerusalem, guta dzvenesa pasi rose. “Ivo,” vanhu vatsvene-tsvene pasi rose. “Vakaroverera,” rufu rwune hutsinye hwakanyanisa pasi rose. “Iye,” Munhu akakoshesesa pasi rose. Maona? Sei? Vanhu vanonamata, chinamoto chikurusa pasi rose, chinamoto choga chechokwadi pasi rose, vakanga vamire ipapo, vachiroverera Mwari wacho chaiye akanzi neBhaibheri ravo aizouya.

235 Sei vasina kuzviona? Bhaibheri rinotiudza kuti Mwari vakavapofomadza kuti vasazviona. Ivo...iYe akati, “Ndiani wenyu angaN dipomera mhosva yechivi?” Nemanwe mashoko, “Kana Ndichinge ndisina kuita chaizvo zvakafanotaurwa nezvaNgu kuti ndiite, zvino Ndiudzei.” *Chivi* “kusatenda.” Akaita chaizvoizvo zvaAkaudzwa naMwari, asi vakatadza kuzviona.

236 Zvino kana uchitaura nevanhu, zvakangofanana nekukanda mvura kumusana wedhadha. Muri kuona zvandiri kureva? Chinhu chinusuwisa, paunoona nyika idzi nevanhu, maitiro avanoita, vakaomarara kwazvo vaine chinamoto! Asi Mweya Mutsvene hautiudze kudaro here? “Vachava vakaoma musoro, vanokarira zvepamusoro, vanoda mafaro kupfuura kuda Mwari, vanotyora sungano, vanopomera zvenhema, vasingagone kuzvidzora, uye vanoshora avo vakanaka. Vanozova nechimiro chehumwari, asi vachiramba Simba reEvhangeri.” Akati, “Kune vakadaro, vafuratirei.”

237 Hepano patiri, vemasungano ava vanoZvimonyorora. Vanotora kubwinya kwese neSimba, voZvidzorera shure kune vaapostora, uye zvimwe Zvose muMireniyamu. Zvakangofanana nemunhu, sezvandakambotaura kumashure; munhu ari kugara achirumbidza Mwari pane zvaVakaita, achitarisira kune zvaVachaita, uye achifuratira zvaVari kuita iko zvino. Ndizvo chaizvo. Munhu achiri mumwe cheteyo.

238 Paiva nemaJudha aya aive amire ipapo, achiti, “Mwari ngavarumbidzwe! Handiti,” pachitsauko 6 chaMutsvene Johane, vakati, “madzibaba edu akadya mana murenje!”

Zvino Jesu akati, “Ivo, vose have, vakafa.”

239 “Vakanwa mvura kubva muDombo murenje, nezvose.”

240 Akati, “Ndini Dombo racho.” Ndizvozvo chaizvo. Amen. Akati, “Asi ndiNi Chingwa cheHupenyu chakabva kuna Mwari kubva Kudenga, Muti weHupenyu uya wemuEdheni



kumashure uko. Kana munhu akadya Chingwa ichi, haangafe; Ndichamumutsazve pamazuva ekupedzisira.” Asi zvakadaro havana kugona kuzviona! Ndizvozvo chaizvo.

<sup>241</sup> Mesiya wacho chaiye akamira ipapo, achitaura mashoko acho chaiwo emoyo wavo, nezvimwe zvakadaro, achiratidza kuti Aiva iye Mesiya, izvo chaizvo zvaifanira kuitwa naMesiya!

<sup>242</sup> Navo vakamirapo vakaisa maoko avo shure, zvino, “Huh! Hazvingadaro. Kwete, kwete. Iye—iye—iye haana kuuya nenzira chaiyo. Munoono, akabva muBheterehema. Uye iye—iye haasi chinhu kunze kwemwana wehupombwe. Uye ndidhiyabhore ari kushanda paari. Ti—tinoziva kuti anopenga. Anorwara nepfungwa. Ane dhimoni.” Maona? Maziso avo akanga akapofomadzwa chaizvo kwazviri.

<sup>243</sup> Zvino, asi vari kutsvaga muporofita wavo. Uye vachamugamuchira, vachizogamuchira 2 vavo. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>244</sup> Zvino cherechedzai, zvakare, zvino, zvakare, apo maJudha aya. . . Ndichakupai mumwe mufananidzo mudiki, kuti muone kuti ndeaya maJudha ari pano zvino, kudivi rino reKubvutwa. Tarisai zvichaitika. Zvakafananidzirwa zvakare. . . Hatisi kutora nguva yekuzviita, nekuti tinozopererwa—pererwa pano. Uyewo zvakafananidzirwa mune. . . mune rinonzi “Dambudziko raJakobho.” Zvino tarisai. MaJudha aya pano ane. . . Cherechedzai. Oo, ndizvo. . .

<sup>245</sup> Ndi—ndi—ndichatora chinguva chidiki chete pano, munoono. Zvinondiita kuti ndihute—hute kana ndikatanga kuchirika—chirika saizvozvo. Uye. . . Maona? Cherechedzai. Ndinoda kuti muzvione. Uye ndi—ndi—ndinongo. . . Zvakanaka, Mwari vachazviratidza kwamuri, ndine chokwadi. Tarisai.

<sup>246</sup> Jakobho akanga ane hudangwe. Ndizvo here? Asi iye zvechokwadi aiva nekahukoronyera ainahwo. Maona? Akadzika ndokunyengera baba vake. Akanyengera mukoma wake. Akaita zvose. Asi, zvakadaro, pamutemo, pakadzika chaipo, aiva nahwo, nekuti Esau akanga ahutengesha. Asi zvakare paanoenda zasi ikoko kunoshandira tezvara vake, akaisa zvimiti zvemupoplar uya mumvura, kuti mombe dziya dzine zamu nezvimwe zvibereke mhuru dzine mavara-mavara. Uye, oo, munoziva zvose zvaakaita saizvozvo, kungoti ago—agowana mari. Zvino tarisai, zvino. Akadzingwa kubva pakati pevanhu vake.

<sup>247</sup> Zvino, mufananidzo wemuJudha zvino. Anotorera vamwe mari. Handina basa kuti achaiwana sei, anotoiwana chete. Anokuvhiya uri mupenyu, kuti aiwane. Zvino, munozviziva izvozvo. Ikoronyera diki, ndizvo chete. Vakomana, usashande hako naye; ano—anokuwana, vakomana. Hongu, changamire. Sei? Anofanirwa kuva izvozvo. Ndiyo mhando yemweya uri kutonga.

248 Zvimwe chetezvo nevavandudzi ava, vakatadza kunzwisisa Shoko iri, nokuti uyo waiva mweya wemunhu wakatumirwa kwavari.

249 Izera rechapungu rinowana Shoko nechizaruro. Vese vanozvinzwisisa, simudzai maoko enyu, kuti ini...Zvakanaka izvozvo. Zvakanaka. Maona? Zvakanaka izvozvo. Zvino, munoono, kana mukakwanisa kudzokera pano pasi peZvisimbiso izvi, kana Zvikasvika...PaZvinozarurwa, munogona kuona chaizvo zviru kuitwa naMwari, zvaVakaita, zvaVari kuzoita. Hezvinoi izvi, chaizvoizvo.

250 Uye ndicho chikonzero varume vakaita saizvozvo, nokuti ndiwo mweya wakafanotaurwa wezera iroro, kuti uchava pavari. Hapana chimwezve chavaigona kuita.

251 Ndinofunga nezvaJohane, Pauro, nevamwe, Mweya weshumba ipapo, s-h-u-m-b-a yakamira ipapo, Shoko pachaRo.

252 Pauro akanyatsomira neShoko iroro, ndokuti, “Ndinoziva izvi, kuti kuchasimuka hama dzenhema pakati penyu, dzichitenderera. Uye zvavachagadzira, masangano nezvimwe zvole, pakati penyu, uye nezvavachazoita. Uye zvichaenderera kusvika kumazuva ekupedzisira, nenguva inotyisa.” Sei? Akanga ari muporofita. Hapo pakamira Shoko iroro maari. Kuti zvaizopera sei, mberi-mberi ikoko; akati, “Varume venhema vachasimuka pakati penyu, uye vachitaura zvinhu, zvino yokweva hama dziri vadzidzi.” Ndiye antikristu chaiye. Akangoita saizvozvo chaizvo.

253 Cherechedzai mushure mekunge vapinda muzera rerima rekutambudzika. Chaiva chii? Hapana chavaigona kuita. Roma yaive muridzi we...Aive nesimba rechinamoto, uye aive nesimba rezvematongerwo enyika. Hapana chavaigona kuita, asi kungoshingaira kuti varambe vari vapenyu, uye nokuzvipira sechibayiro. Yaiva nzombe. Ndizvo zvoga zvavaigona kuita. Ndiyo mhando yeMweya wavaiva nawo, Mweya waMwari, nzombe.

254 Zvino, havo vavandudzi vachiuuya, musoro wemunhu, kungwara, kuchenjera; Martin Luther, John Wesley, nevamwe vakadaro, Calvin, Finney, Knox, nevamwe vole. Havo ndokuuya, uye, pavakadaro, vakanga vari vavandudzi. Vakauya, vachivandudza, vachibuditsa vanhu kunze.

255 Ndokutendeuka vachidzokera, chaizvoizvo sezvavakaita kumashure uko, ndokuroorwa chaiko maari zvakare, pahurongwa hwavo hwemasangano, chaizvoizvo. Bhaibheri rakataura kudaro. Aiva “mhombwe,” uye zvakare aiva ne “zvipeve,” vanasikana, chaizvoizvo.

256 Zvino Mwari vakati, “Nda—Ndakamupa nguva yekutendeuka, zvino haana kuzviita. Saka Ndichamutora nevana vake, ndovakandira ikoko kwavanofanira kugara.” Ndizvozvo chaizvo. Zvino, izvo, Mwari vakazvita, pasi peichi,

munoona, pasi peChisimbiso. Zvino, hapo paaiva. Tinoona kuti Vanozviita, uye Vachazviita. Uye ivo vari, vese, vakananga nenzira iyoyo.

<sup>257</sup> Asi, kune vose vane mazita avo muBhuku reHupenyu, Mwari vachadana. VachaRinzwa. “Makwai aNgu anonzwa Izwi raNgu,” Jesu akadaro. Chinhu choga chatinofanira kuita kuburitsa ruzha rwunodana makwai. Mbudzi hadziRizive. Cherechedzai. Asi, munoona, ruzha rwunodana makwai, “Makwai aNgu anonzwa Inzwi raNgu.” Sei? Inzwi chii? Ndinoda kukuudzai kuti Izwi chii. Inzwi chi—chiratidzo chepamweya.

<sup>258</sup> Vakati kuna Mosesi, “Kana vakasanzwa Izwi rechiratidzo chekutanga, vachanzwa Izwi rechiratidzo chechi 2.”

<sup>259</sup> “Makwai aNgu anonzwa Izwi raNgu.” Apo zvinhu izvi zviri kufanira kunge zvichiitika mumazuva ekupedzisira, makwai aMwari anoRicherechedza. Hongu, changamire. Maona? Iwo—iwo anoRicherechedza. “Makwai aNgu anoNdiziva.” Maona? “Mutorwa haangateveri.” Usatevere vatorwa ava. Chinofanira kuva chiratidzo chakasimbiswa chezuva, uye vanoChiona. Zvino, zvino cherechedzai.

<sup>260</sup> Zvino, Jakobho, paakasvika zvino, chinhu chekutanga munoziva, akashuvira kudzokera (kupi?) kudzokera kumusha kwake.

<sup>261</sup> Oo, ndizvo chaizvo zvakaitwa naIsraeri! Ndiye—ndiye... Ndiye Israeri. Jakobho ndiye Israeri. Akangoshandurwa zita rake, munoziva. Maona? Uye ari... .

<sup>262</sup> Akabuda kunze uko, uye akatora mari yose yaakanga anayo, uye aikwanisa kutora, uye akaitora nechero nzira ipi yaaigona, kubva kuhama dzake kana mumwewo munhu. Saka, kubiridzira, kuba, kunyepa, chero nenzira ipi yaaigona kuiwana nayo, akaiwana. Maona? Akadaro.

<sup>263</sup> Zvakare paanotanga kudzokera kumusha, akatanga kusuwa kumusha mumoyo make. Asi paakatanga kudzokera, ari munzira yake kudzokera, akasangana naMwari, ipapo zita rake rikabva rashandurwa. Maona? Asi, panguva iyi, akanga achinetseka zvikuru, nekuti akanga achitya kuti Esau akanga ari kumuvinga. Maona?

<sup>264</sup> Zvino—zvino tarisai, tarisai mari, chironzwa chemari. Sezvinongoita muJudha achaedza kuita sungano iyi ne—neRoma, munoona, muchironzwa chavo chemari. Zvicherechedzei. Kutu Esau akanga asingade mari yake; kunyangewo Roma. Ine hupfumi hwepasi rose muruoko rwayo. Maona? Asi hazvina kushanda.

<sup>265</sup> Asi tinoona zvino, kuti Israeri, munguva iyoyo yekutambudzika, paakanga ari Jakobho, akaita mutsimba ne...akabata Chimwe chinhu chaive chechokwadi. Pane Murume akaburuka. Jakobho akaMumbundira nemaoko ake,

ndokugarapo. Uye—uye mu—Muchinda uyu akati, “Ndinofanira kuti ndichienda zvino. Kwava kuchena.” Oo, kubuda kwezuya uku! Maona? Kwainge kwava kuchichena.

<sup>266</sup> Asi Jakobho akati, “Ini—ini handisi kuzoKusiyai. Imi, haMugone kuenda. Ndiri kutozogara neMi chaizvo.” Maona? “Ndinoda kuti zvinhu zvishandurwe pano.”

<sup>267</sup> Ndivo vaya 144,000, boka riya rinowana mari nenzira dzehunyengeri, nezvimwe zvakadaro, pavanoona chinhu chechokwadi, chemazvirokwazvo chekubatirira pachiri. Hoyo Mosesi amire apo, zvakare hoyo Eria amire apo. Amen! Vachaita mutsimba naMwari kusvikira 144,000 vemarudzi eIsraeri vadaidzwa pakare ipapo.

<sup>268</sup> Inguva pfupi Kutambudzika kusati kwasvika, munoona, (oo zvinoshamisa sei) zvakare, “Dambudziko raJakobho.”

<sup>269</sup> Hepano panodanwa 144,000 ava. Ivo, va—vaparidzi, vaporofita 2 ava, vanoparidza saJohane Mubhabhatidzi. “Humambo hweKudenga hwasvika. Tendeuka, iwe Israeri!” Kutendeuka chii? “Tendeuka kubva kuzvivi zvako, kusatenda kwako, uye udzokere kuna Mwari!”

<sup>270</sup> Zvino ngatirangarirei chimwe chinhu pano. Zviitiko zvikuru izvi, kuzvisikwa, zvakamboitika kumashure. Mundima 12 pano, munoona, “Zuva rakasviba segudza remvere.” Zvino enzanisai izvi.

<sup>271</sup> Zvino, rangarirai, izvozvo hazviitiki kuMarudzi. Israeri. Regai ndikuratidzei. Zvino, rangarirai, ndati kuri kudaidza 144,000 ava. Maona? Nguva ino zvino, ndipo apo Kutambudzika, kunova kuchazviita. Uye izvi zviri kutaura zvinoitika muKutambudzika uku.

<sup>272</sup> Zvino ngativhurei kuna Eksodo 10:21-23. Uye tarisai apa apo...Eksodo ndipo apo, hongu, Israeri yaibuda, ichizoburitswa kunze. Eksodo, chitsauko 10, uye ndima 21, 23. Ndinofara zvikuru uye ndinodanidzira, pandinonyora zvinyorwa izvi pasi, zvokuti dzimwe nguva ndinogona kuzvivhiringidza. Zvakanaka, Eksodo 10:21-23. Zvakanaka, hezvo zvino, 21 ne 23.

*Zvino JEHOVHA akati kuna Mosesi, Tambanudzira ruoko rwako kudenga, kuti rima rivepo panyika yeEgipita, kunyangwe rima ringaita seringabatwa.*

*Zvino Mosesi akatambanudzira ruoko rwake kudenga; zvino kukauya rima guru panyika yose yeEgipita mazuva 3: (Maona?)*

*Zvino, havana kuonana, uye hapana mumwe akasimuka paakanga agere namazuva 3: asi...vana vaIsraeri vakanga vane chiedza kwavaigara.*

<sup>273</sup> Cherechedzai, chaizvoizvo, zvino huyai neche kuno, “Zvino zuva rakasviba setsaga.” Munoona, zvimwe chete! Zviitiko

izvi zvezvisikwa, zvaive zvii? Chii? Kana zvisikwa zvikaitika seizvi, vanga vari Mwari vachidana Israeri. Maona? Mwari vari kudana Israeri. Zvino, “Zuva rakasviba kunge. . .mvvere.” Zvino, Mwari vakanga voda kudzikinura Israeri ikoko, zvakanaka, vachivabuditsa kubva muruoko rwomuvengi wavo, aiva Egipita, panguva iyoyo.

<sup>274</sup> Zvino, pano, Vari kuvabuditsa kubva mumaoko evaRoma, kwavakanga vaita sungano yavo. Chinhu chimwe chete chinaitika. Ndiwo matenda, ngu—nguva iyo matenda aya achadanwa acharwarisa boka iri reMarudzi. Dai tanga tine nguva, ndaigona kuratidza zvichaitika kucheche iyi yeMarudzi.

<sup>275</sup> Bhaibheri rakataura, kuti, “Sha—shato, Satani, akagumbuka (ndiko, kushatirwa) nekuda kwemudzimai (muJudha, Israeri), ndokubuditsa mvura kubva mumuromo make, huwandu nemhomho yevanhu, vakaenda kunorwa nevakasara vembeu iyi yemudzimai.” Zvakazarurwa 13. Zvino, onai ipapo, tinazvo izvozvo. Uye ndipo apo Israeri inotumira ayo. . .Ndinoreva kuti, Roma inotumira mauto ayo kune vakasara, vakasara vembeu yemudzimai.

<sup>276</sup> Zvino tarisai. Kekutanga, maoko emuvengi wavo, paVaivadzikinura, zuva rakashanduka rikava masa. . . dema sesaga. Zvino, iyi inguva yechipiri, kupera kwenguva yeKutambudzika.

<sup>277</sup> Zvino, muna Dhanieri 12. Dai taiva nenguva, taigona kuzviverenga. Muna Dhanieri, ndima yechi 12—yechi 12. . . Chitsauko 12, waro. Dhanieri akati, “Munhu wose akawanikwa akanyorwa muBhuku achazodzikinurwa.” Zvino, rangarirai, Dhanieri zvino ari kutaura nezvenguva iyi apo izvi. . . chinhu ichi pachinofanira kuitika, apo Israeri ichadzikinurwa, apo paku—pakupera kwevhiki ravo rechi 70. Uye ndipo pavanofanira kudzikinurwa. Zvino tarirai. Ngatisvikei kuna Dhanieri 12 pano, kwechinguvana.

*Nenguva iyo Mikaeri achasimuka, iye muchinda mukuru akamiririra vana. . . nokuda—nokuda kwevana vevanhu vako (munoono, ndiwo maJudha): uye pachava ne. . .dambudziko, rakadaro. . .risina kumbovapo kubva pakuvapo kwemarudzi kusvikira panguva imwe chete iyoyo: . . .*

<sup>278</sup> Zvino enzanisai izvozvo, chaizvoizvo zvakataurwa naJesu, Mateo 24, “Kuchava nenguva yedambudziko, risina kumbovapo kubva pakuvambwa kwerudzi.” Tarisai Chisimbiso Chechitanhatu, munoono, zvimwe chete, nguva yedambudziko. Cherechedzai.

*. . .kubva pakuvapo kwemarudzi kusvikira panguva imwe chete iyoyo: uye nenguva iyo vanhu vako. . .*  
(Zvino, mune iri rechi 70, chikamu chekupedzisira

chegore rechi 7.) . . . *vanhu vako vachadzikinurwa, vose vanowanikwa vakanyorwa mubhuku.*

279 Vakafanotemerwa, munoona, vakanyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana, vachadzikinurwa panguva iyoyo.

*Zvino vazhinji veavo vavete muvhu rapasi vachamuka, uye vamwe kuhupenyu usingaperi, uye vamwe kune kunyadziswa nokuzvidzwa nokusingaperi.*

*Zvino, ipapo vakachenjera vachapenya sokupenya kwematenga; uye—uye vanodzorerwa vazhinji kune kururama vachapenya senyeredzi nokusingaperi—peri.*

280 Iyo, yakabva yaenderera mberi, kuudza Dhanieri kuti “vhara Bhuku,” nekuti aizozorora mumugove wake kusvikira panguva iyoyo.

281 Zvino, munoona, hazvina mutsauko wazvinoita kana ukararama kana kufa. Unomuka, zvakadaro. Maona? Usa. . . Kuti, kufa, hachisi chinhu kuMukristu. Haafi, zvakadaro. Maona?

282 Zvino, Dhanieri 12, yakataura kuti wese akawanikwa akanyorwa muBhuku aizodzikinurwa.

283 Pano, Mwari vave kuda kudzikinura mwanakomana waVo wechipiri, Israeri, mushure meKutambudzika. Munoona, kechipiri, Israeri, yaVo. . . Israeri mwanakomana waVo. Munozviziva izvozvo. Israeri mwanakomana waMwari, saka Vachamudzikinura pano munguva yeKutambudzika, nenzira imwe chete chaiyo yaVakaita zasi muEgipita.

284 Zvino ngatimirei pano, zvakare, uye—uye totora chimwezve chinhu, kuitira, tisati tachitsanangura zvakajeka. Zvino tarisai pano. Vaporofita 2 ava, tarisai zvavachaita zvino, sezvakangoita Mosesi nevamwe zasi ikoko. “Zvino ndakapiwa rutsanga. . .” Uye ndima 3 yechitsauko 11.

*Uye ndichapa simba kuzvapupu zvangu 2, kuti vachaporofita mazuva 1,260, vakapfeka masaga.*

*Ava ndiyo miti 2 yemiorivhi, . . .*

285 Munozvirangarira izvozvo, naZerubhabheri, nevamwe vakadaro, vakanga vari kuzovakazve temberi.

*. . . nezvigadziko zvemwenje 2 zvinomira pamberi paMwari wenyika.*

*. . . kana kune munhu. . . anovakuvadza, moto uchabuda mumiromo yavo, . . .*

286 Rangarirai, kubva mumuromo waKristu munobuda munondo, Shoko.

*. . . kuparadza vavengi vavo: uye kana kuno munhu anoda kuvakuvadza, anofanira kuuraiwa saizvozvo.*

287 Zvino, tinoziva, “moto.” Muchitsauko 19, cheKuuya kwaKristu, “kwakabuda munondo waKe kubva mumuromo maKe,” iro rakanga riri Shoko. Ndizvo here? Shoko! Oo, kana mukawana zvinhu izvi zvino, zveChisimbiso ichocho mangwana manheru! Munoono, Shoko ndicho chinhu icho Mwari vanouraya nacho muvengi waVo. Maona?

288 Zvino tarisai pano. Kana vaporofita ava vachiporofita ipapo, ivo...Kana munhu akavaitira zvakaipa, kuvakuvadza: “moto unobuda mumuromo yavo,” Moto weMweya Mutsvene, Shoko. Shoko ndiMwari. Shoko Moto. Shoko Mweya. Maona? “Rinobuda mumuromo mavo.”

289 Tarisai Mosesi. Ngationei zvakabuda mumuromo make. Ivo, Israeri, vakasvika, nenzira yavaiita ikoko, iyo—iyo... Ndinoreva, Egipita, vaibata maJudha aya zvakaipa. Mosesi... Zvakana, vaisavatendera kuenda. Farao airamba. Mwari vakaisa Mashoko mumuromo waMosesi, munoono, ipfungwa dzaMwari dziri kupinda mumwoyo waMosesi, anoenda zvino kunodziratidza, zvino robva rava Shoko. Akatambanudza ruoko rwake, akati, “Ngakuve nenhunzi,” nhunzi ndokuuya. Tarisai pano.

*Kana ani naani akavakuvadza, moto uchabuda mumuromo yavo, uye woparadza muvengi wavo: . . .*

290 Maona? Izvoka izvo. Vanogona kutaura zvavanoda, uye ipapo zvotoitika. Amen!

*. . . uye kana munhu upi zvake . . . akavakuvadza, vanofanira kuuraiwa saizvozvo.*

291 Hama, Mwari vanouya panzvimbo apa!

*Vane simba roku—simba rokuzarira matenga, kuti mvura irege kunaya namazuva okuporofita kwavo: . . .*

292 Eria, anoziva maitirwo azvo; akambozviita kumashure. Amen! Mosesi anoziva maitirwo azvo; akambozviita kumashure. Ndicho chikonzero vaive vakachengetedzwa. Zvino... Amen!

293 Ndinogona kutaura chimwe chinhu chakanaka kwazvo ipo apa, asi zviri nani—zviri nani ndichibate kusvika mangwana manheru. Maona? Zvakana.

*. . . uye vane simba pamusoro pemvura kuti vaishandure ive ropa, nokurova nyika na . . . matenda, nenguva dzose dzavanoda.*

294 Chii ichocho? Chii chingaunza zvinhu izvi kunze kweShoko? Vanogona kuita nezvisikwa chero nenzira ipi zvayo yavanoda. Hezvino izvi pano. Ndivo vanounza Chisimbiso Chechitanhatu ichi. Vanobhedhenura uye vochivhura. Isimba raMwari, rokuvhiringa zvisikwa. Munoono, Chisimbiso Chechitanhatu kuvhiringidzwa kwezvisikwa zvizere. Mazvibata here zvino? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Hechoka Chisimbiso

chenyu. Ndiani anozviita? Vaporofita, rimwe divi reKubvutwa. NeSimba raMwari, Shoko raMwari, vanongotuka zvisikwa. Vanogona kutuma kudengenyeka kwenyika, kushandura mwedzi kuva ropa, zuva rinogona kuvira, kana chero chii zvacho, pakuraira kwavo. Amen!

<sup>295</sup> Hezvoka izvo. Hezvoka izvo. Maona? Munoono kuti Zvisimbiso zvakarurwa sei, zasi uko muzera rechechi, kuti zvakaraidza sei vakafira chitendero?

<sup>296</sup> Uye zvino hevano vaporofita 2 ava vamire apa neShoko raMwari, kuita chero chavanoda kuzvisikwa. Uye vanozunguza nyika. Uye zvinonyatsoratidza kuti ndiani anozviita. NdiMosesi naEria, nokuti heyo shumiro yavo ichitevedzerwa zvakare, ndeava varume vaviri. Oo, ini zvangu! Muri kuzviona here zvino? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Munoono kuti Chisimbiso Chechitanhatu chii? Vaporofita ava. Zvino cherechedzai. Ngazvisakudzipai. Asi, tarisai chakarurwa Chisimbiso ichi, vaporofita! Maona? Fiyuu! Amen! Hezvoka izvo.

<sup>297</sup> Oo, tiri kurarama muzuva rechapungu, hama, kwira kumusoro pakati pemakore!

<sup>298</sup> Vakazarura Chisimbiso Chechitanhatu ichi. Vane simba rekuzviita. Amen! Hecho Chisimbiso chenyu Chechitanhatu chichiuya chakarurwa. Maona?

<sup>299</sup> Zvino tinodzika kumashure kuno chaiko, zvino Jesu akataura kuti zvaizoitika. Kumashure-shure uko muTestamende Yekare, kumashure muna Ezekieri, kumashure muvaporofita vakare, vakataura kuti zvaizoitika.

<sup>300</sup> Uye pano Chisimbiso Chechitanhatu chazarurwa, zvino vanoti, “Asika, chinhu chisinganzwisike. Chii chazviita?”

<sup>301</sup> Hechi chakavanzika chazvo, vaporofita, nokuti Bhaibheri rakataura kudaro pano. Vanogona kuchizarura, chero nguva ivo... Vanogona kuita chero chavanoda kuita kuzvisikwa. Uye vanoita zvimwe chete zvavakaita, ameni, nokuti vanoiziva maitirwo azvo. Amen! Kubwinya!

<sup>302</sup> Pandazviona izvozvo, ndangosimuka kubva pachigaro ndokutanga kufamba ndichikwira nekudzika. Ndafunga, “Ishe, ndinoKutendai zvukurusa, Baba veKudenga!”

<sup>303</sup> Hechoka icho. Ndizvo. Vakazarura Chisimbiso Chechitanhatu ichi. Amen! Vatarisei, “Kana ani zvake akavakuvadza, moto unobuda mumuromo mavo,” Shoko. Mweya Mutsvene unouya pamusoro pevaapostora, munoono. “Moto wakabuda mumuromo mavo.”

<sup>304</sup> Zvino cherechedzai muna Zvakazarurwa 19, tinoona chinhu chimwe chete, “Zvino munondo wakakura wakabuda mumuromo maKe,” Shoko. Maona? Kuuya kwaKristu. “Zvino Akauraya vavengi vaKe naRo.” Ndizvo here? Zvino Ari munzira yaKe. Mutarisei zvino. Zvakanaka.



*Ava vane simba rokuzarira matenga, kuti mvura irege  
kunaya namazuva okuporofita kwavo: . . .*

<sup>305</sup> Vakomana, ndiko kuvhiringa zvisikwa! Zvino, inguva yakareba zvakadii—zvakadii murume uyu, Eria, yaakavhara matenga? [Ungano inoti, “Makore 3 nehafu.”—Mupepeti] Hezvoka izvo, chaizvoizvo. Rakareba zvakadii raDhanieri rechi 70, chikamu chekapedzisira chemavhiki 70? [“Makore 3 nehafu.”] Hezvoka izvo, chaizvoizvo.

<sup>306</sup> Mosesi akaitei? Aka—aka—akashandura mvu—mvura kuita ropa. Akaita mhando dzese idzi dzezvishamiso, chaizvo zvakafanotaurwa pano pasi peChisimbiso Chechitanhatu ichi. Uye hepano pavari, muna Zvakazarurwa 11, vachiita zvimwe chetezvo. Amen!

<sup>307</sup> Pane nzvimbo 3 dzakasiyana muMagwaro, imomo chaimo, dziri kusanganisa chinhu chacho pamwe chete. Ndiko kuzarurwa kweChisimbiso Chechitanhatu. Zviri ipapo chaipo. Amen! Kubwinya! Zvino cherechedzai.

*Ava vane simba rokuzarira matenga, mumazuva  
ekuporofita kwavo, kuti mvura irege kunaya: uye. . .  
simba pamusoro pemvura kuti vaishandure ive ropa, . . .  
kurova nyika na. . . matenda, nenguva dzose dzavanoda.*

<sup>308</sup> Oo, ini zvangu! Hezvoka izvo. Zvino vhurai kuno uku kumatenda, munoona. Zvisikwa zvose zvinovhiringwa, muDenda Rechitanhatu iri. . . kana Chisimbiso Chechitanhatu, chazaruka. Ndizvo chaizvo zvakaitika. Zvino tarirai. Izvo. . .

<sup>309</sup> Pano, Mwari vave kuda kudzikinura mwanakomana waVo, Israeri, nenzira imwe chete yekutambudza kwaVakaita zasi ikoko. Vakatumira Mosesi zasi ikoko ndokudzikinura Israeri. Ndizvozvo here? Uye akaita zvinhu zvimwe chete izvi. Vakatumira Eria kuna Ahabhu, uye 7,000 vakabuda. Ndizvo here? Vanovatumira ikoko chaiko vachidzoka zvakare, munguva yeKutambudzika, uye vodana 144,000.

<sup>310</sup> Zvino, munoona, munocherechedza, pakati peZvakazaru-. . . kana kuti pakati pechitsauko 6, kana kuti Denda Rechitanhatu. . . Chisimbiso, ndiregerereyiwo, Chisimbiso Chechitanhatu neChisimbiso Chechinomwe. Chitsauko 7 cheZvakazarurwa, pamasvomhu, zviri pamwe chete nemazvo.

<sup>311</sup> Sezvakangoita America inhamba 13: yakatanga nematunhu 13, nyeredzi 13 mumureza, matunhu 13, mitsara 13. Zvese zvingori 13, 13. Uye inoonekwa pano chaipo muchitsauko 13 chaZvakazarurwa. Ndizvozvo chaizvo. Iyo inhamba 13, uye mudzimai.

<sup>312</sup> Zvino, paVakanga voda kudzikinura Mwanakomana waVo akaberekwa ari oga, uyo aiva ari waVo akaberekwa ari oga. Jakobho mwanakomana waVo; asi uyu ndiye Mwanakomana waVo akaberekwa ari oga. Mateo 27, ngationei zvaAkaita ipapo.

Mateo, chitsauko 27. Zvino, rangarirai, Mwanakomana waVo akanga arohwa, uye akanga atambudzwa, uye vakanga vaita dambe naYe. Uye Akanga zvino akarembere pamuchinjikwa, na 3 o'clock, masikati eChishanu Chakanaka. Zvava kuda kuitika! Mateo, chitsauko 27 chaMateo, uye ndi—ndima 45, ndinotenda kuti ndiyo.

*Zvino kubva panguva yechi 6 kusvikira panguva yechi 9 rima rakavapo panyika yose.*

313 Zvino cherechedzai chaizvo zvaAkaita kumashure kuno zvino, mune izvi. Maona?

*Zvino ndakaona paakange azarura chisimbiso chechitanhatu, . . . tarira, kwakanga kune kudengenyeka kwenyika kukuru; uye zuva rakasviba segudza remvere, nemwedzi—nemwedzi ukaita seropa;*

314 Kusviba, rima! Egipita; kusviba, rima!

315 Mwari, vachidzikinura Jesu pamuchinjikwa, vasati VaMumutsa kubva kuvakafa. Kutanga, rima; zuva rakadoka pakati pezuva, uye nyeredzi dzakatadza kupenya. Mazuva maviri kubva ipapo, Vakanga vari kuzoMumutsa nokukunda kukuru.

316 Mushure mezuva, nemwedzi, nenyeredzi, nezvose, muEgipita, zvose izvi zvaitika, Vakadzikinura Israeri kuenda kunyika yechipikirwa.

317 Hezvinoi izvi, munguva yeKutambudzika, uye hepano pamire vaporofita ava avo vanofambisa Shoko ravanopihwa naMwari. Vanogona chete kutaura sokupihwa kwavanoitwa Shoko naMwari.

318 Zvino, havasi vamwari. Ndizvo zvavari kwenguva pfupi. . . Muhudiki, ndizvo zvavari, nokuti Jesu akati ndizvo zvavari. Akati, “Munovadaidza kuti vamwari, avo vakavingwa neShoko raMwari.” Asi, tarisai, ndivo vacho avo Mwari vanounza Shoko kwavari. Uye paanoRitaura, zvinoitika. Ndizvo zvoga.

319 Uye hepano paari ane kutumwa kubva kuna Mwari, kuti arove nyika, chero chaanoda kuita (oo, ini zvangu), kumisa matenga. Uye anodaro. Dambudziko racho nderei? Ari kugadzirira kubuditsa 144,000 ava, kuti vadzikinurwe, kubva muBhuku reRudzikinuro. Uye vari pasi peChisimbiso cheRudzikinuro, muChisimbiso Chechitanhatu. Ndichocho, shamwari yangu inodikanwa. Ndicho Chisimbiso Chechitanhatu ichi; changa chakavanzika kwazvo.

320 Ngatingotorai. . . Tine mamwezve maminiti 10. Ngatitorei zvisvishoma, munoona. Ndine mapeji anenge 2 kusvika 3. Zvino, ndine. . . Munogona kungoona, apa. Ndinofunga kuti pane anenge. . . Pane izvozvo, ndinofunga ndine mapeji angangoita 15 asara, andaigona kusvika kwaari. Oo, pane zvakanwanda pamusoro pazvo! Ini zvangu, unogona kungoramba uchibata chino nechino! Asi ndinotyapa kuti ndinokuvhiringai

kana ndikaparadzira zvakawandisa zvacho. Uye handisi... Handikwanise kuzvibata pamwe chete sezvandinofanira kuita.

<sup>321</sup> Muna Isaya, ngatitorei izvi. Isaya, muporofita, akaona Chisimbiso Chechitanhatu ichi chichizarurwa, ndokutaura nezvaCho; sekuti Chakakosha here, kana kuti kwete. Maona?

<sup>322</sup> Zvinoka, nyaya yacho yose, hurongwa huzere hwerudzikinuro, huri pasi peZvisimbiso izvi; Bhuku rose.

<sup>323</sup> Zvino rangarirai, takaona Jesu akaChiona. Ndizvo here? Maona? Jesu akaChiona. Uye zvino tinoona vamwe vakaChiona. TinoChiona chichifananidzirwa muna—muna Jakobho. TinoChiona chichifananidzirwa muEgipita. TinoChiona chichifananidzirwa pamuchinjikwa.

<sup>324</sup> Zvino ngatidzokerei kuna Isaya. Ndine vaporofita vakawanda vakanyorwa pano, zvakare. Ngatingo... Ndinofarira izvi, izvi zvaIsaya. Ngatidzokerei kuno kuna Isaya, chitsauko 13 chaIsaya. Ndinofarira... .

<sup>325</sup> Isaya iBhaibheri ra—rakazvikwanira, pachaRo, munoziva. Maizviziva here izvozvo? Munoono, Isaya anotanga nekusika; pakati peBhuku anonunza Johane; uye kwekupedzisira anonunza Mireniyamu. Zvino mune Mabhuku 66 muBhaibheri, uye zvitsauko 66 muna Isaya. Ibhuku rese rakazara, pachaRo.

<sup>326</sup> Cherechedzai, chitsauko 13 zvino, cha—chaIsaya. Ngatitangirei pano pandima 6.

*Chemai; nokuti zuva raJEHOVHA riri pedyo; rinosvika sokuparadza kunobva kuna waMasimba ose.*

<sup>327</sup> Tarisai Chisimbiso Chechitanhatu ichi chichizaruka kumusoro kuno zvino. Kumashure kuno chaiko, makore 713 Kristu asati auya, zvino Avepo kwemakore 2,000, ndiwo anenge 7... anenge makore 2,700 apfuura. Isaya akaona Chisimbiso ichi chakarembera ipapo. Zvakanaka.

*Naizvozvo maoko ose achashayiwa simba, nomwoyo wemunhu mumwe nomumwe uchanyauka:*

<sup>328</sup> Jesu akati kudii? “Uye nemhaka yekuti kusarurama kuchawanda, ru—rudo rwevazhinji rwuchawedzera zvino.” “Uye mwoyo yavanhu ichakundika, nokutya; gungwa richitinhira.” Munoono, mwoyo yevanhu ichaperana simba.

*Zvino vachavhunduka: vachabatwa nemarwadzo ematambudziko; vacharwadziwa somukadzi anosununguka: vachashamiswa mumwe kune nemumwe; zviso zvavo zvichava sezvinyadziso.*

<sup>329</sup> Cherechedzai nezvazvo pano, oo, “zviso zvavo, zvinyadziso.” Tinofanira kusvika kwazviri, kwechinguvana. Ndichazvimisa, munoono.

*Tarirai, zuva raJehovha rinouya, rinotyisa rine hasha nokutsamwa kukuru, kuti aite nyika dongo: uye achaparadza vatadzi vayo vabvemo.*

330 “Nyika,” inova yese zvayo, zvayo munoono. Cherechedzai.

*Nokuti nyeredzi dzokudenga namapoka adzo hadzingaratidzi chiedza chadzo: zuva richasvibiswa pakukwira kwaro, uye mwedzi hauzoiti kuti zviedza zvawo zvipenye.*

Uye ndicharanga nyika nokuda kwokushata kwayo, nekusarurama, nehuipi hwekusarurama kwavo; uye ndichaita kuti *vanozviku*...

331 Ini—ini handizive kuriperetera, kuzviku... [Ungano inoti, “Kuzvikudza.”—Mupepeti] Handigone kuridudza, munoono.

*...kwevanozvikudza kugume, nokuwisira pasi kudada kwe—kwevanotyisa—vanotyisa.*

332 Munoono, ipapo, chaizvoizvo, Isaya akaona chinhu chimwe chete icho Jesu akataura nezvacho. Ichu chinozarurwa neChisimbiso Chechinomwe. PaVanenge vachichenesa nyika nekutambudzika, ndiyo nguva yeKutambudzika, Chisimbiso Chechitanhatu ichi. Hongu, aive muporofita, uye Shoko raMwari rakaziviswa kwaari. Ndiwo makore 2,700 apfuura.

333 Chokwadi! Ndinongoda kutaura izvi. Nyika yese, saIsaya pano, “somukadzi ari kurwadziwa,” zvisikwa zvose zviri kurwadziwa. Kugomera nekurwadziwa kwese uku ndekwei? Semu—mu—munhukadzi ari kuzova amai; nyika pachayo, zvisikwa.

334 Handiti, guta rino pano, ngatitorei guta redu; apo, mashabhini, nechipfambi, netsvina, nehuyanga, sezviri chero rimwewo guta!

335 Chokwadi, ndinotenda Mwari zvaivanakira, kuritarisa riri muchimiro chezvaVaiva naro, makore 1,000 apfuura. Apo Ohio yaiyerera ichidzika, vakanga vasina zvidziva pamwe nemafashamu. Vakanga vasina zvivi mumupata uyu. Nyati yaingombeya hayo nepano, uye—uye muCherokee wekare aiivhima uye oita raramo yakanaka. Pakanga pasina dambudziko, zvachose.

336 Asi, munhu akapinda, ndipo pachu panopinda chivi. Vanhu pavakatanga kuwanda pachiso chenyika, ipapo chivi nemhirizhonga zvakabva zvatanga. Ndizvozvo, nguva dzose munhu. Idi, ndinofunga kuti zvinonyadzisa!

337 Ndainge ndakamira, rimwe zuva, munyika yekumba kwangu, zvino kuArizona. Zvino nda—ndakaverenga, ndichiri mudiki, nezvaGeronimo, na—naCochise, nemaApache aye ekare. Chokwadi, ndakavaparidzira kumusoro uko. Vanhu vakaisvonaka! Uye vamwe vevanhu vakanakisa vamungada kusangana navo, ndeavo maIndia maApache.

338 Ndakabva ndaenda ikoko ku—kuTombstone, uko kwavaine midziyo yese yekare nezvinhu zvakabva muhondo. Zvino ndakatarisa. . .Ivo nguva dzose, munoziva, vaigara vachifananidzira Geronimo se—senhunzvatunzva. Kwandiri, ndiye akanga ari wemuAmerica chaiye. Zvirokwazvo! Aingorwira kodzero dzake, sezvingaitwa nachero naani zvake. Akanga asingadi kusvibiswa uku munyika yake. Zvino tarisai zvayava zvino; vachishandura vana vake, vanasikana vake, kuita zvipfeve, nezvimwewo zvose; uye vanhu vechichena ndokupindamo. Munhu wechichena indururani.

339 MuIndia aiva munhu anochengetedza. Aiva—aiva—muchengetedzi wemhuka. Aibuda onouraya nyati, rudzi rrose rwaidya zvose zvaisara pairi. Vaishandisa dehwe sembatya nematende, nezvimwe zvose. Zvino munhu wechichena ndokuuya oipfura, sechiphuro; handiti, zvinonyadzisa kwazvo!

340 Ndakaverenga imwe nyaya mubepa, uko, muAfrica, nzvimbo huru iyi izere nemhuka dzesango! Vakatora machinda aya, Arthur Godfrey nevamwe, vachienda ikoko, vachipfura nzou idzi nezvimwe, kubva muzvikopokopo nezvimwe zvakadaro. Mumwe mufananidzo wenzou yechikadzi yachembera ichiedza kufa, uye misodzi, tingati, yaiyerera kumeso kwayo. Uye hono huru 2 dzichiedza kuisimudza, kuti irambe. . .Handiti, ichocho chivi. Iwoyo hausi mutambo.

341 Pandinomira kunze kusango uko, uye kwandinovhimira nezvimwe zvakadaro, uye ndoona apo vavhimi vechichena ivavo pavanobuda kunze ikoko vopfura nondo idzi, zvino vocheke makumbo adzo eshure. Uye dzimwe nguva vouraya 8 kana 10 hadzi diki, vodzisiya dzakati rapata ipapo. Netsvana dzacho dzichimberereka, dzichiedza kutsvaga amai vadzo. Zvino moreva here kuti kuita zvevitambo ikoko? Humhondi chaihwo, mubhuku rangu.

342 Ndinovimba kuti Canada haife yakaisa chero nzira imomo, chero bedzi ndichiri mupenyu, kudzivisa vapanduki vemuAmerica ava kuti vasapindemo. Ndizvozvo chaizvo. Ndiyo mitambo yakashatisisa yandati ndakamboona muhupenyu hwangu.

343 Zvino, kwete vose havo. Kune vamwe varume chaivo, vechokwadi, asi angori 1 kubva mune 1,000, waunowana.

344 Kupfura chero chinhu chavagona kuona, nechero nzira yavanoda. Ndizvozvo chaizvo. Imhondi iyoyo. Ndizvozvo chaizvo. Haana moyo. Uye anopfura, musiri mumwaka wacho.

345 Zvino, kumusoro uko kuAlaska uko, ndaive ndiri kumusoro ikoko nomumwe wevatungamiri ava. Akati, “Ndakasimudza. . . Ndaienda kunze ikoko zvino, ndonowana matanga ose ema elk makuru kwazvo kana kuti. . .kwete elk, asi moose dzakararapo; nemabara echigwagwagwa che fifty-caliber apinda nemunyanga dzadzo, uko vatyairi vendege ava vemuAmerica kunze uko,

muAlaska, vachipfura nechigwagwagwa, kubva mundege iyoyo, danga re moose.” Uhwu humhondi chaihwo.

<sup>346</sup> Vaiziva, pese pavaiuraya nyati, vaizogona kubata muIndia. Aizofa nenzara. Ndicho chikonzero icho Cochise akatozosarenda; vake, machinda ake ose, nevamwe vose, vana vake, navanhu vake vose, vakange vari kufa nenzara. Vakabuda kunze uko vaine matutu makuru kwazvo, adzo, Buffalo Bill nevagari vemubani umu, vakapfura nyati idzodzo dzose, 40, 50, ari masakati. Vanoziva, kuti vakadzipedza, vaparadza muIndia. Uye, oo, ini zvangu! Gwapa riri pamureza, mabatiro avakaita maIndia iwayo. Hezvoka izvo.

<sup>347</sup> Asi rangarirai, Bhaibheri rakati, “Nguva yasvika yokuti Mwari vachaparadza avo vanoparadza nyika.” Uye nepasi rose!

<sup>348</sup> Tarirai mipata iyoyo. Ndaive ndakamira kumusoro ikoko, rimwe zuva, ndakatarisa zasi pamupata kuPhoenix. Ndakakwira paGomo reSouth, ini nemudzimai takanga takagara kumusoro ikoko, ndokutarisa zasi kuPhoenix. Ini ndikati, “Hazvina kuipa here?”

Iye akati, “Kuipa? Unorevei?”

<sup>349</sup> Ndakati, “Chivi. Uye zvakawanda zvakadii hupombwe, nokunwa, nokutuka, uye neZita raShe richishandiswa pasina, mumupata uyo; une vanhu vangangoita 100 ne—ne 40, 50,000, kana kuti pamwe vanhu 200,000, mumupata iwoyo!”

<sup>350</sup> Ndakati, “Makore 500 apfuura, kana 1,000, pakanga pasina kana chii zvacho kunze kwemadhorofiyo, makwenzi, nemakava ekare achimhanya achikwira nekudzika nerwizi rwune jecha ikoko, ma—makamboyeredzwa.” Ini ndikati, “Ndiyo nzira iyo Mwari vakaugadzira.”

<sup>351</sup> Asi, munhu akapinda. Akaiti? Akazadza pasi netsvina. Migwagwa yakazara nehupi. Masuweji, iyo... Uye nzizi dzakasvibiswa ne—netsvina. Havana kugona... Nhai, zviri nani kuti usanwe imwe yemvura iyoyo zvayo inenge yacherwa; waizowana chero chinhu. Maona? Zvitarisei. Kwete pano chete, asi, pasi rose, chinhu chacho chakasvibiswa!

<sup>352</sup> Uye nyika, zvisikwa, (Mwari ngavave netsitsi!) pasi rose riri mu—mumarwadzo ekubereka. Nyika iri kuedza, iri “mumarwadzo,” Isaya akadaro. Chii chiri kunetsa? Iri mune... ichiedza kubereka nyika itsva, yeMireniyamu, apo vose...?... Kuedza kubereka nyika itsva, yevanhu vatsva vasingazotadzi nekuisvibisa. Ndizvozvo. Iri mumarwadzo. Ndicho chikonzero iyo—iyo... Tiri mumarwadzo, Kristu, kubereka Mwenga. Zvinhu zvose zviri mumarwadzo uye zvichigomera. Munoono, pane chimwe chinhu chiri kuda kuitika.

<sup>353</sup> Zvino iri Denda reChitanhatu rinoirega ichienda. Hama, kudengenyeka kwenyika kunopamura kuchivhura, uye nyeredzi dzinozunguzika, matombo epasi akanyungudika achabuda, uye

nyika ichazvivandudza. Matombo epasi akanyungudika matsva achaputika kubva pakati penyika. Uye ichawondomoka, igozeya nekuzeya nekuzeya, paichatenderera kunze uko.

<sup>354</sup> Uye ndinokuudzai, mamwe mangwanani apo Jesu neMwenga waKe vachadzoka panyika, kuchava neparadhiso yaMwari ipapo. Kuti, oo, ini zvangu, varwi vekare ava vemuhondo, vachafamba vachidzika nemo neshamwari dzavo nevadikanwi. Nziyo dzichazadza mumhepo, dzeboka reNgirozi. “Oo, wakaita zvakanaka, muranda waNgu akanaka uye akatendeka. Pinda mumufaro waShe, wakagadzirirwa iwe, sewawaifanira kunge wakava nawo kumashure uko Evha asati atangisa chivi.” Amen! Fiyuu! Hongu.

<sup>355</sup> Chisimbiso Chechitanhatu chiri kuzoita chimwe chinhu. Hongu, changamire. Chokwadi nyika yose iri kugomera nekurwadzirwa, zera reMireniyamu!

<sup>356</sup> Zvino, iyi zvino yakany’ata netsvina! Zvandakaparidza pano, kasiri kare, ndinotenda, ndakaparidza patabhenakeri, *Nyika Iri Kuparara*. Ndizvo chaizvo. Tarisai izvo zviri kuparara munyika. Tarisai, zvese zviri kuwa, zvayo. Zvirokwazvo, itori. Ino—inofanira kuparara. Hongu, changamire.

<sup>357</sup> Tarisai, chimiro chayoy! Regai ndikuratidzei chikonzero nei nyika ichifanira kuzviita. Zvimisikidzo zvenyika ino, dare, nendarira, nemidziyo yenyika ino, zvakazvomorwa kubva mairi, zvimisikidzo zvayo, zvichiitirwa hondo nemaindastiri, kusvika yave kugadzirira. . . Zvino, hatina kumbona nekudengenyeka kwenyika kusvikira rimwe zuva, nechekuno muchikamu chino chenyika; rimwe zuva pano, munoona, St. Louis uye nezasi zvichipfuura neimomo. Iri kutetepa zvakanyanya. Vakazvomora zvese kubva mairi. Maona?

<sup>358</sup> Zvematongerwo enyika zvayo zvakaora kwazvo, hapana kana munhu akatendeka pakati pavo, munoona, hurongwa hwayo. Tsika dzayo dzakaderera zvakanyanya, haitomborina kana. Ndizvo zvoga. Maona? Chokwadi. Chinamoto chayoy chakaora. Hongu, changamire.

<sup>359</sup> Yasvika nguva yeChisimbiso Chechitanhatu, munguva pfupi, kuti chizaruke. Uye pachinodaro, oo, ini zvangu, chinobva chagumisa! Mwenga wakatoenda kare, wakato. . . Mambokadzi akatoenda kare kunotora nzvimbo yaKe; Ave akatochata kare zvino, naMambo, apo izvi zvichiitika. Uye vakasara veIsraeri vanoiswa chisimbiso uye vogadzirira kuenda, zvino ipapo zvisikwa zvinoregedzera. Oo, inguva yakadini!

<sup>360</sup> Cherechedzai ndima yekupedzisira yeChisimbiso Chechitanhatu, chazarurwa. Avo vakanga vaseka kuparidzwa kweShoko, kweShoko rakasimbiswa raMwari mupenyu; apo vaporofita ava vakanga vamira ipapo wakaita zvishamiso, vakavhara zuva, nezvimwe zvose, uye zvichidzika nemuzera. Munoona, “Vakadanidzira kumatombo namakomo

kuti zvivavanze,” munoona, kuvavanza kubva kuShoko ravakambenge vaseka, nokuti vakaMuona achiuya. “Tivanzei pahasha dzeGwayana.” Iye ndiye Shoko. Maona? Vakanga vaseka Shoko. Zvino apa Shoko rakanga rava, munyama. Uye vakanga vaita dambe naRo; vakavaseka, vakaita dambe navo. Zvino Shoko rakava nyama rakanga radzika!

<sup>361</sup> Sei vasina kutendeuka? Havaigona. Zvakanga zvisisachabatsiri, ipapo. Saka, vaizviziva izvozvo, murango wacho. VanoRinzwa. Vakanga vagara mumisangano seuno ndokuziva nezvaRo. Uye vaiziva kuti zvinhu zvevaporofita ivavo, zvavakanga vafanotaura, zvaive zvakavatarisa kumeso chaiko, chinhu chavakanga varamba. Vakanga varamba tsitsi kekupedzisira.

<sup>362</sup> Zvino paunoramba tsitsi, hapana chinosara kunze kwekutongwa. Paunoramba tsitsi; ingozvifunga.

<sup>363</sup> Zvino hapo pavaiva. Vakanga vasina kwekuenda, kana kwekudzokera. Uye Bhaibheri rakati apa, “Vakadanidzira kune...Vakadanidzira kumatombo nemakomo, kuti, ‘Wirai pamusoro pedu, mutivanze kubva—kubva kuchiso cha... nehasha dzeGwayana.’” Vakaedza kutendeuka, asi Gwayana rakanga rauya kuzatora vaRo pachaRo, munoona. Zvino vakadanidzira kumatombo nokugomo. Vakanamata, asi minamato yakanga yanonoka kare.

<sup>364</sup> Hama yangu, hanzvadzi, runako netsitsi dzaMwari, zvakatambanudzirwa kuvanhu. Apo, Israeri yakapofomadzwa nokuda kweizvi, kweapa, makore angangoita 2,000, kutipa mukana wekutendeuka. Wakaramba tsitsi idzodzo here? Wakadaro here? Wakadziramba here iDzi?

<sup>365</sup> Umbori ani, zvisinei? Wakabva kupi? Uye uri kuenda kupi? Haugone kubvunza chiremba, haugone kubvunza chero munhu munyika, uye hapana bhuku raunogona kuverenga, rinogona kukuudza kuti ndiwe ani, kwaunobva, uye nekwauri kuenda, asi Bhuku iri.

<sup>366</sup> Zvino, munoziva, usina Ropa reGwayana kuti rimire panzvimbo yako, unoonaka kwawakananga. Saka, kana—kana Mwari vakakuitira izvozvo, chinhu chidukusa chatingaite kwaizova kugamuchira zvaVakaita. Ndizvo zvoga zvaVakatikumbira kuti tiite.

<sup>367</sup> Uye pahwaro hweizvi, kana ndikapfuurira mberi, ndinozofanira kuti ndiuye chaiko muDenda iroro, zvose izvozvo, shumiro yamangwana manheru. Uye zvino handisi kukwanisa kuzviita, handichakwanisa kupfuurira mberi. Ndakazvitara zasi apa, nemuchinjikwa, kuti “mira pano,” munoona. Saka, zvino, ndi—ndinofanira kumirira kusvika mangwana.

Zvino ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana.



368 Kana usati, shamwari yangu inokosha, usati—usati wagamuchira rudo rwaMwari uyu wandiri kutaura nezvake! Kana usati...Teereresa kune izvi zvino. Kana usati wagamuchira rudo rwaVo netsitsi, unozofanira kumira pakutonga kwaVo pamwe nehasha.

369 Zvino, iwe, manheru ano, uri panzvimbo imwe chete yakanga ina Adhamu naEvha mubindu reEdheni. Une kodzero. Une rusununguko rwekuzvisarudzira. Unogona kuenda kuMuti weHupenyu, kana kuti unogona kutora hurongwa hwekutongwa. Asi, nhasi, uchiri kunzwisisa, uri mupfungwa dzako dzakakwana, uye une hutano hwakakwana hweku—hwekusimuka nekuzvigamuchira, wadii wazviita kana usati wazviita.

370 Pane vanhu vari muno here vasati, nazvino, vazviita? Kana zviri izvo, ungasimudza ruoko rwako here? Iti, “Ndinamatireiwo, Hama Branham. Ndava zvino kuda kuzviita. Handidi kuti izvi zviuye.” Zvino rangarirai, shamwari...Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka. Ndine... .

371 Idzi hadzisi pfungwa dzangu pamusoro peiZvi. Ini—ini... Izvi handizvo zvandanga ndichifunga; izvi zvose zvinobva kwandiri. Zvechokwadi chaizvo, Mweya Mutsvene unozviziva. Uye mirirai, kana Ishe vachitendera, mangwana manheru, ndinoda kukuratidzai chakavanzika changa chichiitika nguva yose, muno chaimo mumusangano uno. Handitende zvachose kana makambozviona kana kwete, munoona, izvo—izvo zvakaatika. Changa chiru chinhu chakaiswa pano chaipo pamberi penyu. Uye ndakatarisa, manheru ega—ega, izvi, kuti chisimuke, kuti mumwe munhu ati, “Ndachiona.” Maona?

372 MusaChiramba, ndapota, ndinokukumbirai; kana usiri Mukristu, kana iwe—iwe usiri pasi peRopa, kana usina kuzvarwa patsva, wakazadzwa noMweya Mutsvene.

373 Kana usina kumbobvira wakapupura pachena pamusoro pa—paJesu Kristu, nokubhabhatidzwa muZita raKe, kupupurira rufu rwaKe, kuvigwa nekumuka, zvawagamuchira, mvura yagadzirirwa. Vakamirira. Nguwo dzacho dzaiswa umu, uye zvinhu zvose zvagadzirirwa.

374 Kristu amire akagadzirira, neruoko rwakatambanudzwa, kukugamuchira. Muawa imwe kubva zvino, tsitsi idzodzo dzinogona kusazotambanudzirwa kwauri. Unogona kudziramba kekupedzisira; hadzizofa dzakabata moyo wako zvakare. Uchiri kukwanisa, uchiri kukwanisa, wadii wazviita? Zvino uchiri... .

375 Ndinoziva nzira yemazuva ose, yemaitiro, kuunza vanhu kuartari. Tinoita izvozvo, uye zvakanaka chaizvo. Panguva ino, takatsvikinyidzana muno, pose zvapo paartari, kusvikira ndatadza kuzviita.

376 Asi ndinoda kutaura izvi. Muzuva revaapostora, vanoti ivo, “Vose have vakatenda vakabhabhatidzwa.” Maona?

Kana uchingokwanisa, chaizvo, pakadzika mumoyo mako! Hezvinoini izvi zvazviri zvese. Haasi—haasi manyawi, kunyange manyawi achizviperekedza. Sezvandakataura, kuputa nekunwa hachisi chivi; chibereko chechivi; zvinoratidza kuti hautendi. Maona? Asi kana uchinge watenda zvechokwadi mumoyo mako, uye uchizviziva kuti pahwaro hwekuti, uri paugere ipapo, unozvigamuchira nemoyo wako wose, chimwe chinhu chichaitika ipapo chaipo. Chichaitika.

<sup>377</sup> Zvino unogona kumira sechapupu pazviri, kuti chimwe chinhu chaitika. Wobva wazofamba uchienda kumvura, woti, “Ndinoda kuratidza kuungano, ndinoda kuratidza, ndinoda kuita kuti huchapupu hwangu humire, kuti ndichatora nzvimbo yangu neMwenga. Ndimire pano zvino kuti ndibhabhatidzwe.”

<sup>378</sup> Ndinoziva kuti pane madzimai akawanda munyika manheru ano, madzimai akanaka, asi ndinosuwa kwazvo kuona 1 chete. Pane 1 wavo chete anova mudzimai wangu. Anoenda neni kumba. Haana kunge ari mudzimai wangu, pakutangana; asi akava mudzimai wangu nekuti, akatora zita rangu.

<sup>379</sup> Iye ari kuuya. Kune madzimai akawanda, machechi, ari munyika, asi Ari kuuyira Mudzimai waKe. Anodanwa neZita raKe. “Avo vari muna Kristu Mwari vachavaunza pamwe naYe.” Tinopinda sei maUri? “Nomweya mumwe chete tose takabhabhatidzwa muMutumbi mumwe.”

<sup>380</sup> Zvino apo tiri kunamata, iwe namatawo, zvakare. Mukati kana kunze, kune mapoka makuru evanhu mumakamuri, kunze, vakamira pedyo, kunze mumigwagwa. Asi zvino apo—apo uri. . . Hatikwanise kukudaidza kumusoro kuno kuartari. Asi, moyo wako, uite artari yacho. Uye mumoyo mako chaimo, iti, “Ishe Jesu, ndinozvutenda iZvi. Ndakamira kunze kuno mumhepo yehusiku iyi. Ndange ndakabitirirwa, muimba diki iyi. Ndigere muno, pakati pevanhu ava. Ini—ini—ini—ini—ini handidi kuva. . . Handigoni kupotsa; handizvikwanise.”

<sup>381</sup> Zvose, sezvandakakuudzai manheru apfuura, uye, zvechokwadi chaizvo, Ishe vanoziva kuti ndinotaura Chokwadi. “Handinyepi,” sezvakataura Pauro. Chiratidzo chiya, kana chaivei; ndakamira ipapo, ndikatarisa, ndokubata ivavo vanhu vakatungamira, vangori mazvirokwazvo sekumira kwandakaita ipo pano. Usazvipotsa, hama yangu inonzwisa urombo kana hanzvadzi; usadaro. Ndinoziva kuti wakanzwa kuparidzwa, wakanzwa *izvi*, *izvo*, uye nenyaya, zvese izvozvo. Asi rega. . . Ingoteerera. Kwandiri, izvi i. . . Ndinoziva kuti iChokwadi, munoono. Unongo. . . Ini—ini—ini handikwanise kuvijekesa zvinopfuurira, munoono. Usazvipotsa. Zvose ndezvako.

Zvino ngatinamatei.

<sup>382</sup> Ishe Jesu, pano mberi kwangu pane bhokisi remahengechepfu akamiririra vanhu vanorwara. Pandiri kuanamatira, ndakaisa maoko pamusoro pawo, sezvakataurwa

neBhaibheri, “Vakatora kubva pamuviri waPauro, mahengechefu nemaapuroni, mweya yetsvina ikabuda ichibva muvanhu, uye zviratidzo zvikuru zvikaitwa.”

<sup>383</sup> Nokuti, vakaona Pauro, zvekuti vakaziva kuti Mweya waMwari wakanga uri maari. Vanoziva kuti aive—ave munhu anoshamisa, izvo, zvinhu zvaakatura pamusoro pazvo, pamusoro peShoko. Aienda onotora izwi rekare rechiHebheru rechedi yechiHebheru, oriunza kuhupenyu, oriisa muna Kristu. Vaiziva kuti Mwari vaiva mumunhu uyu. Zvino vakaona Mwari vachiita mabasa anoshamisa uye ane simba kubudikidza naye, achifanotaura zvinhu uye zvoitika nenzira iyoyo, zvino vanoziva kuti akanga ari muranda waMwari.

<sup>384</sup> Ishe, ndinonamata kuti Muzoremekedza vanhu ava nokuda kwekuremekedza kwavo Shoko, uye muvapoze nekuda kwaJesu. Kunze kuno mugungano, Ishe, pane vanhu vagere, sezvazvakanga zvakaita avo vakateerera muapostora Petro paZuva rePentekosti. Kutu akadzokera sei muShoko, ndokutora Shoko! Zvino akati, “Joere akati, mumazuva okupedzisira zvinhu izvi zvichaitika. Uye iZvi ndizvo zviya.” Zvino vanhu 3,000 vakaZvitenda, ndokubhabhatidzwa.

<sup>385</sup> Zvino, Baba, nhasi tamira pano nenyasha dzeNyu. Uye kwete nemhaka yekuti—yekuti vanhu vakakosha, asi nemhaka yekuti (zvingori sepazuva reshumba, kana nzombe, kana munhu) ino inguva yechapungu. Chizoro chenguva. Inguva yatiri kurarama mairi. Kushanda kweMweya Mutsvene panguva ino chaiyo, kuratidza kuti Jesu haana kufa. Zvinhu zvaAkatura kuti Aizoita Zviedza zvevanheru zvisati zvadzima, uye pano tanga tichiMuona achiita izvozvo, tichidzika nenzira yose. TakaZviona zvichidzika mutsvakurudzo yesainzi ndokutorwa mufananidzo waKe; Shongwe yeMoto huru Yakatungamirira vana velsraeri; Yakasangana naPauro munzira.

<sup>386</sup> Uye tinoziva, iyi Shongwe yeMoto imwe chete yakatungamirira Mosesi zasi uko murenje, neShongwe yeMoto imwe cheteyo akanyora maBhuku akawanda eBhaibheri, nokuti akanga akazodzwa neShoko.

<sup>387</sup> Shongwe yeMoto imwe chete iyi ichiuya pamusoro paPauro, panzira inoenda kuDhamasiko, akanyora Mabhuku akawanda eBhaibheri, anonzi Shoko raMwari.

<sup>388</sup> Uye zvino, Ishe, Shongwe yeMoto imwe cheteyo, nehumbowo hwekuratidza kweShoko, uye netsvakurudzo yesainzi, tinoIona pano ichizarura Shoko raShe.

<sup>389</sup> Mwari, dai vanhu vakurumidza kupepuka, Ishe, nokukurumidza! Avo vane mazita avo akaiswa muBhuku reHupenyu; paInopenya munzira yavo, dai vaona. Semudzimai mudiki, wembiri yakaipa patsime zuva riya, akacherechedza nekukurumidza, uye akaziva kuti Raive Gwaro.

<sup>390</sup> Uye zvino, Baba, ndinonamata kuti vose vachaKugamuchirai panguva ino, mumoyo yavo, vachazvigadzirisa zvachose, panguva ino, kuti vapedza nechivi; kuti vachasimuka uye vogadzirira zvino kupupura pachena, nerubhabhatidzo muZita raJesu Kristu, kuitira kanganwiro yezvivi zvavo; kuratidza kuti vanotenda kuti Mwari avaregerera, uye vari kutora Zita raJesu Kristu.

<sup>391</sup> Zvino, Baba, dururai Mweya Mutsvene, weMafuta, pamusoro pavo, kuti vagoiswa mubasa raIshe Mwari, kuti vave vashandi muzuva rino rokupedzisira, rakaipa, nokuti tinocherechedza kuti tinongova nenguva shoma. Uye Chechi inogona kuenda chero nguva.

<sup>392</sup> Gwayana rinogona, chero nguva, kubva panzvimbo tsvene kumusoro Ikoko, kana kuti Chigaro chehushe chezvibayiro, robva paChigaro chehushe chaMwari apo pane chibayiro, zvino zvararo zvatopera; hapasisina zvakare tariro kunyika; yaparara. Ipapo inobva yapinda mukunetsekana, kwekugwinha kukuru kwekudengenyeka kwenyika, uye—uye kudengenyeka kukuru sezvazvaiva parumuko. Uye—uye, izvo—izvo . . .

<sup>393</sup> Sekumuka kwaKristu kubva muguva, vatsvene pavanomuka, zvimwe chetezvo zvichaitika. Ishe, zvinogona kuitika chero nguva. Tiri kutarisira zuva remufaro iroro kuti risvike.

<sup>394</sup> Torai vana veNyu pasi peruoko rweNyu, Baba, zvino. Swededzai makwayana eNyu madiki pachipfuva cheNyu. Zviitei. Uye vadyisei paShoko, kusvikira vava nesimba rekushumira. Tinovakumikidza kwaMuri zvino, Ishe. Pindurai munamato yuu.

<sup>395</sup> Makataura, Baba, muna Marko, chitsauko 11, “Pamunonyengetera, mirai muchinyengetera, tendai kuti munogamuchira zvamunenge muchikumbira, uye muchava nazvo.”

<sup>396</sup> Uye nemoyo wangu wese kuna Iye anga achizarura zvinhu izvi zvichidzika nemumakore, uye neZvisimbiso izvi pano muvhiki rapfuura iri; ndinoKutendai, Ishe Mwari, kuti ndiyo nguva, yava pedyo zvino, pedyo kupfuura zvatiri kunyatsofunga, zvekuuya kweNyu.

<sup>397</sup> Ndapota itaiwo munamato wangu upindurwe. Uye dai mwana wose waMwari akadanwa, ari muchinhambwe chekuzwa zviripo pano, kana kuti achasvikirwa netepi, dai panguva iyoyo . . .Ndinovatora kuitira Humambo hwaMwari, pahwaro hwekuziva kuti iri ndiro Shoko riri kuzarurwa. Chiedza chemanheru ngachivheneke, Baba. Ndinovakumikidza kwaMuri, muZita raJesu. Amen.

<sup>398</sup> Zvino, vose, mukati kana kunze, vanotenda, uye musati mamboita huchapupu hwenyu—hwenyu paruzhinji, kuti mapedza nechivi; uye mu—munoda tsitsi dzaMwari,

uye makadzigamuchira muna Jesu Kristu. Chidziva... Vachange vakagadzirira kubhabhatidza chero munhu anoda kubhabhatidzwa, nhasi kana mangwana, iye zvino kana chero pazvingava.

<sup>399</sup> Muri kuitirwa zvakanaka neChisimbiso Chechitanhatu here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Muri kuona pachopaChazarurwa zvino? [“Ameni.”] MaChitenda here? [“Ameni.”]

<sup>400</sup> Rakati, “Ndianiko akatenda huchapupu hwedu? Uye ruoko rwaJehovha rwakazarurwa kuna aniko?” Maona? Tenda huchapupu, zvino ruoko rwaJehovha rwunozarurwa. Ruoko, Shoko raMwari, rinozarurwa.

<sup>401</sup> Ishe vachitendera zvino, mangwana mangwanani, ndichaedza nepandinogona napo kupindura mibvunzo iyoyo. Ndichapedza vichida husiku hwose hwasara, uye, kana chikamu chikuru chahwo, mumunamato, pamusoro payo. Ndiri kungowana nguva ingaite 1 kusvika 3 maawa husiku hwega-hwega. Handina kumborara usiku hwapfuura kudzamara dzava kuma 1, uye na 3 o'clock ndanga ndiri mukunzvera. Maona? Maona?

<sup>402</sup> Ini ndichafanira kuzopindurira izvi. Ndizvozvo. Tava pedyo zvakanyanyisa kuti tiite chimwewo chinhu, humwe hupenzi, kana kumwe kufungidzira, kana kutenda kusina kukwana. Ndinofanira kuzviona, kutanga. Uyezve, kana ndazviona, zvinofanira kunge zviru muShoko, zvakare. Uye parizvino, nyasha dzaMwari, zvakakwana. Ndakazvitora nenzira yese, munozviziva izvozvo, uye zvaka—zvakanatsobatana pamwe chete.

<sup>403</sup> Zvinofanira kunge zviru ZVANZI NAJEHOVHA. Nokuti, harisi bedzi sezvaRinotaura richibva kwandiri ndichiRiziva, pachangu, asi Shoko raShe iZVANZI NAJEHOVHA. Zvino herino Shoko, richitora zvaVakapa kwandiri, nekuZvisanganisa pamwe chete nekukuratidzai. Saka munozviva, pachenyu, kuti iZVANZI NAJEHOVHA. Maona?

<sup>404</sup> Herino Shoko, rinoreva kudaro. Uyezve chizaruro chaVanondipa, icho chinopesana nezvakanamufungwa nechero ani wedu zvake; mufunge, zvichipesana nezvandaifunga, nokuti handina kumbopinda maZviru saizvozvo. Asi zvino, tinooona kuti, zvinofambirana pamwe chete. Uye Chii? IZVANZI NAJEHOVHA. Maona? Ndiyo chaiyo. Yanga iri nzvimbo yakazarurwa, takabaturira ipapo, kusvika panguva ino, zvino ipapo Ishe ndokuuya vakaIsundira mukati chaimo saizvozvo. Saka, munoona, heChoka icho. Izvo, Ndi—ndiShe. Oo, ndinoVada! NdinoVada nemwoyo wangu wose.

<sup>405</sup> Zvino rangerirai, imi... Hatina kukwanisa kuuya paartari. Vazhinji vasimudza maoko avo mudenga. Zvino, munoona, inyaya yako sedungamunhu, newe iwe. Ndeizvo chero zvaunoda kuita iwe. Maona?

406 Nguva yave pedyosa chaipo, unofanira kunge uchishingaira nepose paunogona napo, kwete zvekutodhonzwa. Munoono, kungomanikidza, uchiedza kupinda, “Ishe, musandirega ndiri kunze. Musandisiya ndiri kunze, Ishe. Mikova iri kuvhara; kana ndikangokwanisa kupinda chete!” Maona?

407 Mwari vachavhara musuwo nerimwe zuva. Vakazviita muzuva raNoa, zvino vakagogodza pamukova. [Hama Branham vanogogodza papurupiti kakawanda—Mupepeti] Ndizvo here?

408 Zvino rangarirai, Bhaibheri rakataura, kuti, “Munguva yekurinda yechi 7.” Ndizvo here? Vamwe vakarara munguva yekurinda yekutanga, yechi 2, yechi 3, yechi 4, yechi 5, yechi 6, yechi 7. Asi, munguva yekurinda yechi 7, kwakauya chiziviso, kudanzira, “Chikomba chauya! Budai munoChichingamidza.”

409 Mhandara dzakarara dzakati, “Nhai imi, ndinodawo kuva namamwe eMafuta ayo zvino.”

410 Mwenga ndokuti, “Ndine anongondikwanira ini; ndine akatongokwanirana. Kana uchiAda, enda unoAnamatira.”

411 Hamusi kuona mhandara yakarara zvino here? Tarisai muEpiscopalian, Presbyterian, Lutheran, nezvose, vachiedza kudaro. Zvino dambudziko razvo nderekuti, pachinhambo chekuedza kuwana Mweya Mutsvene, vari kuedza kutaura nendimi.

412 Uye vazhinji vavo vanotaura nendimi, asi vanonyara kuuya kuchechi ino kuzonamatirwa; vanoda kuti ndiuye kumba kwavo ndizovanamatira. Unoudaidza iwoyo kuti Mweya Mutsvene? Kutaura nendimi ikoko, asi hausi Mweya Mutsvene. Maona?

413 Zvino, ndinotenda kuti Mweya Mutsvene unotaura nendimi. Munoziva kuti ndinozvutenda izvozvo, munoono. Asi pane wenhema unoUtevedzera, zvakare. Hongu, changamire. Zvi—zvibereko zveMweya, zvinoratidza zvaUri. Zvibereko zvemuti zvinoratidza kuti imhandoi yemuti. Kwete gwati racho; muchero!

414 Zvino cherechedzai, zvino, paakauya, paawa iyoyo—iyoyo yekupedzisira. Uye ipapo, pavakapinda, vakabva vaenda ndokuti, “Zvinoka, ndinotenda kuti ndaUwana zvino. Ndinotenda kuti ndaUwana. Hongu, tiri kuUwana.”

415 Regai ndi—ndi—ndisataure izvi, munoono, nekuti zvinogona kukonzera kusazonzwisisa. Pandakati rimwe zuva, Kubvutwa, kuti Kuchauya sei, ini—ini...Zvino, kana mukati mu—muchazvitora, zvakanaka. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Tarisai. Tarisai. Zvakanaka, zviri kwamuri.

416 Apo mhandara yakarara, munoono, yakafunga kuti yainge yanamata zvakanwana, zvekukwanisa kudzoka, Mwenga wakanga watoenda. Wakaenda, uye haina kuzviziva; sembavha usiku. Vakabva vatanga kurova-rova masuwo.

Uye chii chakaitika? Chii chakaitika? Vakakandwa munguva yeKutambudzika. Bhaibheri rakati, “Pachava nekuchema, nekuungudza, nekugeda-geda kwemeno.” Ndizvo here?

<sup>417</sup> Zvichavapo riinhi, hama, hanzvadzi, handizive. Asi, ini—ini, ini, zvichida ndini hangu pano, zvino, munoona. Izvi, izvi ndizvo. . . Iyi ipfungwa yangu. Maona? Ndi—ndi—ndinotenda kuti yaswedera pedyosa, ndi—ndiri. . . Zuva nezuva ndi—ndinoda. . . Ndiri kungoedza kufamba zvinyoro-nyoro sezvandingagona. Maona? Uye zvino apo, munoziva, apo. . .

<sup>418</sup> Chimwe chinhu chaitika nhasi, zvino ndaona chimwe chinhu chichiuya. Nda—ndango. . . Ndanga ndisingachakwanise kufema zvachose, munoona. Hapoka paAnga ari, amire ipapo, Chiedza chiduku chiya chakamira ipapo chaipo. Zvino hepano paChanga chiri. Ndinoziva kuti iChokwadi.

<sup>419</sup> Ndafunga kuti, “O Mwari, handina kugona kuzvitaure. Ini—ini handikwanise kuzvitaure. Handikwanise.” Ndangobuda mukamuri, ndokuenda panze, ndokufamba-famba. Hama, ndafunga, “Ini zvangu! Ndoita sei? Oo!” Maona? Zvino ndi—ndinofanira kundoraure, kana chimwe chinhu, kana kuti ini. . . Vakomana, waizo. . . iwe. . . Handikwanise kukuudzai. Maona?

<sup>420</sup> Saka, tine nguva yakanaka. Hatina here? Ishe ngavarumbidzwe! Amen! Maona? Tiri mu—tiri munguva inoshamisa, munoona, nokuti moyo wangu uri kufashukira nekudakara nomufaro.

<sup>421</sup> Asi kana ndikafunga nezvenyika ino nezviuru zvandinoziva zvakararika, zvakaputirwa nemumvuri mutema, hum, ipapo moyo wako unobva wangorwadziwa. “Chii chaungaita? Chii chaungaita?” Unongonzwa Mweya Mutsvene uchidanidzira, mumoyo mako. Sezvaunogona kunge waiva munaIshe wedu, paVakatarisa kuJerusarema, vanhu vaVo pachaVo, munoona, vakati, “Jerusarema, Jerusarema, kangani kaNdingadai ndakakuvhumbamira, sehuku inovhumbamira hukwana dzayo, asi wakaramba.” Unongonzwa Mweya Mutsvene uchiti, “Kangani kaNdingadai ndakakuunganidzai, munoona, asi imi mukaramba.” Maona?

<sup>422</sup> Tiri, tiri pano chaipo pane chimwe chinhu, shamwari. Chero zvachingava, Mwari vanoziva. Hapana, hapana anoziva pazvichaitika. Ichakavanzika. Hapana anoziva kuti zvichaitika riinhi.

<sup>423</sup> Asi Jesu akatiudza kuti, “Pamunoona zvinhu izvi, zvinhu zvose izvi.” Sezvandangoita, ndichienzanisa Chisimbiso Chechitanhatu, nezvaAkataura muna Mateo 24. Zvino rangarirai zvaAkataura, “Pamunoona zvinhu izvi zvichiuya, zvichitanga kuitika, zvino nguva yava pamukova.” Tarisai ndima inotevera chaiyo, ndima 30—30 neyechi 31 tichidzika, kundima 32, 33.

424 Akati, “Zvino Achatumira vatumwa vaKe kumativi 4 edenga, kumhepo 4, kuunganidza Vasanangurwa vaKe.” Ndzivo here?

Akati, “Zvino dzidzai . . .”

425 Zvino rangarirai, Akamira ipapo chaipo. Haana kuzoenderera mberi, mushure meChisimbiso Chechitanhatu ichi. Haana kumbotaura chinhu pamusoro peChechinomwe. Akati Chekutanga, Chechipiri, Chechitatu, Chechina, Chechishanu, neChechitanhatu. Asi Akamira ipapo, haana kumbotaura chero chii zvacho pamusoro paCho.

426 Tarisai chinhu chinotevera chaAkataura, “Zvino dzidzai mufananidzo.” Maona? Anobva atanga nemufananidzo. Akati, “Zvinhu izvi zvichaitika.”

427 Ari kuvapindura mibvunzo 3. “Chii chichava chiri . . . zviratidzo izvi? Uye chii chichava chiratidzo cheKuuya kweNyu? Chii chichava chiratidzo, chokuguma kwenyika?”

428 Uye Chechitanhatu Chacho, ipapo, kwaive kuguma kwenyika. Nekuridza kwemutumwa wechi 7 . . . “Akasimudza maoko, ndokupika naIye anorarama nokusingaperi-peri, kuti nguva haichazovepo.” Nyika iri kubereka imwe itsva. Zvapera.

429 Uye hepano patasvika, pano chaipo pamukova. Oo, ndinodendera. “Uye chii chandinofanira kuita, Ishe? Chii—chii chimwezve chandingaite?” Maona? Uye, zvino, kungofunga nezvokuona nzvimbo iya nevanhu vava vanokosha! Ndakamira ipapo, ndakazvitarisa. Uye ndikafunga, “O Mwari, nhai, ivo—ivo havangazvipotsa izvi. Ndi—ndi—ndinofanira kuvasunda. Ndinofanira kungonnavira zasi muungano ndovatora, ndosunda.” Haugone kuita izvozvo. Iwe . . .

430 “Uye hapana munhu anogona kuuya kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva.” Asi heino nyaradzo imwe yatinayo, “Vose vaNdakapihwa naBaba vachauya.”

431 Asi vamwe vose, nemasangano iwayo, vakazembera pavari saizvozvo, munoona. “Zvino akanyengera vose vaiva vachigara, vanogara panyika, vane mazita asina kunyorwa muBhuku reHupenyu iri reGwayana, rakabayiwa kubva pamavambo enyika.” Oo, ini zvangu! Saka, munoona, chinhu chinosuwisa.

432 Chinhu choga chaunogona kuita kungo—kungo—kungo—kungogara chaizvo neShoko. Tarisai chero chaAnoti muite, uye mobva maita izvozvo. Maona? Chero chaAnoti muite; itai ichocho.

433 Uye unotarisa kunze uko, woti, “Oo, ini zvangu! Vanoita izvi, zvino . . . Oo!” Zvingori . . .

434 Hauzive kuti mutoro wakadii! Zvino ndinoda kutaura izvi. Ndinofunga kuti matepi akadzimwa. Vanhu vazhinji vanoti, “Hama Branham, neshumiro yemhando iyoyo . . .” (Ndinotofanira kungwarira, nokuti vanhu vanongotora matepi



iwayo uye vongoedza kuatsvagira mhosva, munoziva.) Saka pavanoti, “Hama Branham, dai zvedu taiva neshumiro,” hamuzive zvamuri kutaura. Imi, kutaura chokwadi, hamuzive zvazvinotorera, hama, hanzvadzi. Oo, ini zvangu! Uye nemutoro wacho, kana uine vanhu vanozembera pane zvaunotaura! Rangarirai, kana ukavaudza zvisizvo, Mwari vachaita kuti ropa ravo rive pamaoko ako. Zvadaro, wofunga nezvazvo. Chinhu chinotyisa.

<sup>435</sup> Saka, iva wakanaka. Ida Jesu nemoyo wako wese. Ingoteve-...Iva uri nyore. Usamboedza—kuedza kuda kunzwisisa chero chinhu. Ingova uri nyore, pamberi paMwari. Nokuti, paunonyanya kuedza kuda kunzwisisa, ndipo paunobva waenda kure naVo. Maona? IngoVatenda chete.

Iti, “Zvino, zvakanaka, Achauya riinhi?”

<sup>436</sup> Kana Akauya nhasi, zvakanaka. Kana Akauya makore 20 kubva zvino, zvichakanganaka. Ndichangoenda nenzira yandiri kuenda nayo zvino, ndichiMutevera. “Ishe, kana Muchigona kundishandisa chero kupi zvako, ndiri pano, Ishe.” Kana ari makore 100 kubva nhasi, kana vana-vevana-vevana-vevana-vevazukuru vangu kana vachiri kurarama kuti varione richiuya, regai...“Ishe, handizivi kuti zvichaitika riinhi, asi regai ndingofamba zvakarurama nhasi, neMi bedzi.” Maona? Ndi—ndinoda...Nokuti, ndi—ndichamuka nezuva iro, zvakangofanana nekurara zvishoma kwandingaite pane imwe nzvimbo.

<sup>437</sup> Ndichiuya ndichidzika zasi ikoko, muzinda unobwinya mhiriko, Humambo hwaMwari uhwo ikoko, uko vakweguru vose vachange vava vechidiki, uko nguwo chena dzakatopfekwa! Varume nevakadzi vashanduka, murunako, humhizha chaihwo hwemu—hwemu—murume akanaka nemudzimai aka—akaisvonaka! Vakamira ipapo murunako rwose nechimiro chemhandara nejaya, vakamira ipapo! Uye havafe vakachembera, havafe vakatadza, hakungambove nechinganzi chegodo zvacho, kana ruvengo, kana chii zvacho! Oo, ini zvangu!

<sup>438</sup> Ndinofunga matepi adzimwa zvino. Zvino ndi—ndinongova nemaminitsi angaita 3 kana 4. Ndinoda kutaura nemi. Zvakanaka here? Zvino, izvi zvine chekuita neni pachangu, munoono. Nokuti, mangwana, ini—ini...Zvinenge zviri zvikuru kwazvo! Ndinofunga kuti zviri nani ndingozvitaure iko zvino, munoono, zvandiri kuzotaura. Ini...Izvi ndezvedu chete zvino. Ndanga ndichingo...

<sup>439</sup> Munoziva, ndi—ndine mudzimai wandinoda, uye ndiMeda. Zvino ndi—ndingadai ndisina kana kumuroora, nekuda kwerudo rwangu kumudzimai wangu wekutanga. Asi zvakadaro, kunyangwe ndaive nehanya naye kudaro, ini—ini handaimbomuroora dai vasiri Mwari vakanditi ndizviite. Uye munoziva nezvenyaya yacho; kuti akaenda sei kunonamata,

uye kuti ndakazviita sei. Uye zvadaro Vakandiudza chaizvo zvekuita, uye kuti, “Enda, unomuroora,” nenguva yacho chaiyo yekuzviita. Mudzimai akaisvonakisa. Zvino ari kundinamatira manheru ano. Uye saka zvino dzava 8 o’clock, kumba, zvichida ari kutonamata izvozvi.

440 Zvino cherechedzai. Rimwe zuva akati kwandiri, akati, “Bill,” akati, “Ndiri kungoda kukubvunza mubvunzo pamusoro peKudenga.”

Ndikati, “Zvakanaka, Meda, chii?”

Akati, “Unoziva kuti ndinokuda.”

441 Ini ndikati, “Hongu.” Maiva mushure mekunge izvi zvaitika kumusoro kuno.

Akati, “Unoziva kuti Hope aikudawo, zvakare.”

Ndikati, “Ehe.”

442 Iye ndokuti, “Zvino,” akati, “handifungi kuti ndingava negodo,” akati, “asi Hope aiva naro.” Iye ndokuti, “Zvino, kana tasvika Kudenga . . . Uye wakati wakamuona ikoko.”

443 Ndakati, “Akanga ariko. Ndakamuona. Ndakamuona kaviri, ikoko.” Atoriko. Akandimirira kuti ndiuye. Kunyangwe ne . . . Kunyangwe naSharon. Ndakamuona, zvimwe chete sekutarisa kwandakakuita. Ndakamuona ikoko. Zvino ndakati . . .

444 Akati, “Zvinoka, zvino, kana tasvika ikoko,” akati, “ndiani achava mudzimai wako?”

445 Ndakati, “Mese muri vaviri. Hapazovi nemumwe, unoona, asi muri vaviri muchange muri.”

Akati, “Handisi kuzvinzwisisa.”

446 Ndikati, “Zvino, mudiwa, gara pasi, rega ndikutsanangurire chimwe chinhu.” Ndakati, “Zvino, ndinoziva kuti unondida, uye unoziva kuti ndinokuda zvakadii, neruremekedzo nerukudzo. Zvino, semuenzaniso, ko kana ndikapfeka zvakanaka, ndoenda kudhorobha; zvino chimwe chipfeve chidiki, chakanaka chaizvo, zvino chouya chondimbundira, zvino choti, ‘Oo, Hama Branham, chokwadi ndinokudai,’ chotanga kuisa maoko acho pandiri nekundimbundira. Ungafungei?”

Akati, “Handifungi kuti ndingazvifarira izvozvo.”

447 Ini ndikati, “Ndinoda kukubvunza chimwe chinhu. Uno . . . Ndiani waunoda zvakanyanyisa, kana aizofanira kunge ari mangange, ini kana Ishe Jesu?” Zvino, ingori mhuri, iri kutaura.

448 Iye ndokuti, “Ishe Jesu.” Akati, “Hongu, Bill, nekukuda kwese kwandinoita, asi, ndisati ndaMusiya, ndinosiya iwe.”

449 Ndakati, “Ndatenda, mudiwa. Ndafara kukunzwa uchitaura izvozvo zvino.” Ndikati, “Zvino, ko dai mudzimai mudiki mumwe chete iyeye aizouya kuna Jesu zvino oMumbundira, oti, ‘Jesu, ndinoKudai,’ ungangungei nezvazvo?”

Akati, “Ndaizozvifarira izvozvo.”

<sup>450</sup> Munoono, zvinoshanduka kubva kufirio kuenda kuagapo. Munoono, Rudo rwuri pamusoro. Maona? Uye hakuna chinhu chakadaro semurume nemukadzi, se...uye nekubereka vana. Zvese zvinenge zvapera, zvekuva mu—mukadzi nekuva murume. Nhengo dzose dzinenge. . . Vose vakangofanana, ikoko. Maona? Hapana kana chimwe chazvo, zvachose. Munoono, hapasisina nhengo dzekuva murume kana mukadzi zvachose, kwete zvachose. Maona? Ungori. . . Hongu, changamire. Chimbozvifunga iwe pachako usina nhengo dzekuti murume kana mukadzi. Chikonzero dzakaiswa matiri ndechekuzadza nyika, munoono. Asi, Ikoko, kunenge kusina kana Ikoko. Kunenge kusina nhengo dzechirume kana dzechikadzi. Kwete.

<sup>451</sup> Asi chimiro chehumhizha hwaMwari chinenge chiriko. Ndizvozvo chaizvo. Asi isu tichava vechokwadi chaivo. Pasina—pasina firio, zvachose; rwose rwuri agapo. Maona? Nokudaro, mudzimai anenge akangofananawo zvake nechimwe chinhu chakangoisvonaka chiri—chiri chako, uye iye. . . Muri wemumwe nemumwe. Hakuna chinhu chakadaro se. . . Kwete, kwete, hakutorina kana. . . Munoono, chikamu chefirio hachitoriko zvachose. Munoono, hakungavi nechinhu chakaita segodo; hapana chekuitira godo chacho. Hakuna chinhu chakadaro ikoko. Haumbofa wakaziva chinhu chakadaro. Maona? Kungova mujaya nemhandara vechidiki vakaisvonaka, kurarama.

Uyezve, mushure mazvo, akati, “Ndazviona zvino, Bill.”

Ndikati, “Ehee.”

<sup>452</sup> Ndinoda kukuudzai kamwe kanyaya kakaitika. Uku kwaiva kurota. Ndainge ndakarara. Uye handisati ndambozvitaure paruzhinji izvi. Ndakazviudza kune vanhu vashoma, asi handisati ndazvitaure paruzhinji, sekuziva kwangu.

<sup>453</sup> Nda—ndakarota, unenge mwedzi mushure maizvozvo, kuti ndakanga ndakamira, rimwe zuva, zvino ndaive ndakatarisa nguva huru iyo. . . Kwete kutongwa, zvino. Handitendi kuti Chechi inosvika pane, (ndinoreva, Mwenga), uoenda pakutongwa. Asi, ndakanga ndiripo paipihwa korona, munoono. Uye Chigaro chehushe chikuru—chikuru chakagadzwa kumusoro *kuno*. Zvino Jesu neNgirozi yainyora, navose, vainge vakamirapo. Zvino paiva nemasitepisi, tingati, aidzika nekuno *uku*, enyanga chena dzenzou; aienda achidzika, sedenderedzwa, rakaita nzvimbo inoonekwa pakakura sezvizvi, zvino achizonobuda, kuitira kuti ungoro huru yose iyi yaive imire kunze uko ikwanise kuona zvaitika.

<sup>454</sup> Uye ndakamira kumashure, kumashure-shure kune rimwe divi. Zvino ndaive ndakangomira ipapo, ndisingambofungi kuti ndaizofamba nepamasitepisi iwayo. Ndaive ndakamira ipapo. Ndaiona. . .

<sup>455</sup> Ngirozi inonyora iyi yaidaidza rimwe zita; zvino ndaizoziva, ndocherechedza zita racho. Ndakatarisa, uye kumashure-shure uko, heinoi hama ichiuya, ichifamba neimwe hanzvadzi, ndokufamba vachiuya kwauri, saizvozvo. Ngirozi inonyora yakamira ipapo padivi paKristu, (chingori chiroto zvino), uye yakanga yakatarira. Uye zita ravo rakanga riri ipapo, rakawanikwa muBhuku reHupenyu; Aitarisa kwavari, uye oti, “Waka—wakaita zvakanaka, muranda waNgu akanaka uye akatendeka. Zvino chipinda.”

<sup>456</sup> Ndakacheuka kumashure, kwavaienda. Kwakanga kuine nyika itsva, uye nemufaro. Uye ndokuti, “Pinda! mumufaro waShe, waive uri—waive uri wenyu kubva pamavambo enyika.” Maona? Uye, oo, ndakafunga... Vaipinda neipapo, zvino vonosangana, uye vachingofara, uye nekuyambuka makomo nenzvimbo huru kwazvo.

<sup>457</sup> Asi ndakafunga, “Oo, hazvina kunaka here! Kubwinya! Hareruya!” Ndichingosvetuka-svetuka!

<sup>458</sup> Zvakare ndonzwa rimwe zita richidanwa. Ndofunga, “Oo, ndinomuziva. Ndinomuziva. Ini... Hoyo, hoyo achienda, uko.” Ndakamutarisa saizvozvo.

“Pinda mumufaro waShe, waNgu akanaka uye... ”

“Oo,” ndaiti, “Mwari ngavarumbidzwe! Mwari ngavarumbidzwe!”

Kungoti, semuenzaniso, sezvavanoti, “Orman Neville,” munoono.

<sup>459</sup> Ini ndobva ndati, “NdiHama Neville vekare avo. Avoka avo.” Maona? Uye hepano vachiuya, kubva muboka revanhu, vokwira.

<sup>460</sup> Zvino Anoti, “Pinda mumufaro waShe, wawanga wakagadzirirwa kubva nyika isati yavambwa. Pinda mukati.” Uye Hama Neville vekare vanongoshanduka, uye vongotangira kumashure ikoko, vachingoshevedzera nekudanidzira.

<sup>461</sup> Vakomana, ini ndongoshevedzera ndichiti, “Mwari ngavarumbidzwe!” Ndakamira neche apa ndiri ndega, ndichiva nenguva yakanaka, ndichitarisa hama dzangu dzichipinda.

<sup>462</sup> Zvino Mutumwa anonyora akamira ipapo, ndokuti, “William Branham.”

<sup>463</sup> Handina kumbofunga kuti ndaizofanira kufamba ipapo. Saka ndakabva ndatya. Ndakafunga, “Oo, ini zvangu! Ndichafanira kuti ndiite izvozvo here?” Saka ndakafamba ndichidzika ikoko. Uye munhu wese achingondibhabhadzira pa—pa... [Hama Branham vanozvibhabhadzira kakawanda—Mupepeti] “Mhoroi, Hama Branham! Mwari vakuropafadzei, Hama Branham!” Vachindibhabhadzira ndichifamba ndichienda, nemumhomho yakakura kwazvo yevanhu. Uye vose vachisveverera vachindibhabhadzira saizvozvo. “Mwari vakuropafadzei, hama! Mwari vakuropafadzei, hama!”

464 Ndaifamba. Ndakati, “Mazvita. Mazvita. Mazvita.” Sekunge kubuda mumusangano, kana chimwe chinhu, munoziva.

465 Uye ndaizofanirwa kufamba pamasitepisi makuru aya enyanga dzenzou. Ndakatanga kufamba ndichikwira nemo. Zvino pandakangoita nhanho yekutanga, ndakamira. Uye ndikafunga...Ndakatarisa chiso chaKe. Ndakafunga kuti, “Ndinoda kunyatsoMutarisa nenzira iyi.” Zvino ndokumira.

466 Ndaive nemaoko angu akaita sezvizvi. Ndakanzwa chimwe chinhu chichipinda muruoko rwangu *apa*. Rwaiva ruoko rwemumwe munhu. Ndakatarisa-tarisa, zvino hoyo Hope amire apo; maziso matema makuru aya, nevhudzi dema riya rakarembere kumusana kwake, akapfeka nguwo chena; akandatarisa saizvozvo. Ndikati, “Hope!”

467 Ndikanzwa chimwe chinhu chichirova ruoko *urwu*. Ndakatarisa-tarisa, zvino inga ndiMeda; maziso matema iwayo akatarisa mudenga, nevhudzi dema iroro rakarembere pasi, akapfeka nguwo chena. Ini ndikati, “Meda!”

468 Zvino vakatarisana, munoziva, saizvozvo. Vakanga vari... Ndakavaisa mumaoko angu, zvino isu hedu ndokufamba, tichienda Kumusha.

469 Ndakamuka. Oo, ndakamuka. Zvino nda—ndakasimuka ndokugara muchigaro, ndokuchema, munoziva. Ndakafunga, “Oo Mwari, ndinovimba kuti zvichauya saizvozvo.” Vari vaviri vakabatana neni muhupenyu, nokuunza vana, nezvimwe zvakadar; uye hepano patiri, tichifamba tichipinda munyika itsva, oo, ini zvangu, kune kukwana nezvose. Kusina, kana chii zvacho...

470 Oo, chichava chinhu chinoshamisa! Usazvipotsa. Usazvipotsa. Nenyasha dzaMwari, ita zvose zvaunogona kuita, uye zvichava kuna Mwari kugadzirisa zvimwe zvose zvino.

NdinoMuda, ndinoMuda  
Nokuti ndiYe akatanga kundida  
Ndokutenga ruponeso rwangu  
Pane weKarivhari...

471 Ngatirwuimbei zvakare, nemoyo wedu wese. Zvino tisimudzei meso edu kuna Mwari.

NdinoMuda

[Hama Branham vanobva papurupiti kunonamatira imwe hanzvadzi, mashoko avo haanzwiki—Mupepeti]

...Muda  
Nokuti ndiYe akatanga kundida  
Ndokutenga ruponeso rwangu  
Pamuti weKarivhari.

472 Zvakanaka, zvino. Vanga vasiri kutarisirwa kunge vachirarama mumusangano wese. Ndizvozvo. Havoka

avo, nemaoko ose ari mudenga, vachirumbidza Mwari. Ndicho chikonzero ndagara pano kwenguva yakareba, uye ndinokuudzai zvandinoinita: ndataura nezvaMeda nevamwe, uye kuti ndanga ndakatarisa, kuti ndione kuti chii... Ndaramba ndichicherechedza Chiedza ichi chichitenderera chichikwira nekudzika, uye chikaenda ndokurembera pamusoro pehanzvadzi iyi. Ndikafunga, “Ndizvozvo.” Oo, hazvishamise here izvi?

NdinoMuda, ndinoMuda  
Nokuti ndiYe akatanga kundida  
Ndokutenga ruponeso rwangu  
Pamuti weKarivhari.

<sup>473</sup> Zvino, nemoyo yedu...[Hama Branham vanoimba mahon’era *NdinoMuda*—Mupepeti] Chingofunga nezverunako netsitsi dzaKe.

...NdinoMuda (Ameni!)  
...Ndiye akatanga kuda...

<sup>474</sup> Zvino maona kuti zviri nani sei? Ameni! Ndizvozvo. Zvino...?...Endai munopora. Ameni! Nyasha dzaMwari dzaonekwa pamuri, kuti dzikupodzei. Ameni.


... pamuti weKarivhari.

Oo, Mwari ngavarumbidzwe!

NdinoMuda,...

Zvakanaka, mufundisi wenyu.

Ndi...

<sup>475</sup> [Mumwe munhu anoti, “Hama Branham, mangwana tinotanga na 9:30 here?”—Mupepeti] 9 kusvika 9:30. 9 o’clock, zvakada kudaro. [“Mushure mekudya kwemangwanani here? 9 o’clock?”] Munotanga na 9. Ini ndichatanga na 9:30. 

*CHISIMBISO CHECHITANHATU* SHO63-0323  
(The Sixth Seal)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZECHIZARURO CHEZVISIMBISO ZVINOMWE

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Mugovera manheru, Kurume 23, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)